WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M WORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

**Magistratura fakulteti**

Qol jazba huqi’qi’nda

**Aminova Gu’lsa’nem Ashirbaevna**

# Uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerde qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw metodikasi’

Qa’nigelik: 5A220101 - "A’debiyattani’w" qa’nigeligi

A’debiyattani’w magistri da’rejesin ali’w ushi’n usi’ni’lg’an

D İ S S E R T A C İ Y A

Magistrlik dissertaciya a’debiyat teoriyasi’ ha’m woqi’ti’w metodikasi’ kafedrasi’nda ko’rip shi’g’i’ldi’ ha’m qorg’awg’a usi’ni’ldi’.

Kafedra basli’g’i’ wazi’ypasi’n atqari’wshi’:____________ f.i.k. Q.Yusupov

Ilimiy basshi’_________ f.i.k. Q.Yusupov

«_____» ________ 2011 - ji’l

NO’KİS - 2011

# M A Z M U N I’

**Kirisiw ………………………………………………………………………….. 3**

**I bap. Klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniwdin’ ilimiy teoriyali’q tiykarlari’ ….8**

**I.1. Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’n’ mazmuni’ ha’m tu’rlerin u’yreniw usi’llari’ ………......…………………………………………………..10**

**I.2. Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha do’gerek jumi’slari’n sho’lkemlestiriw usi’llari’ ……………………………………………………………………. 16**

**I.3. A’debiy konferenciya ha’m a’debiy keshe wo’tkeriw ma’seleleri ….... 26**

**II bap. Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’z betinshe pikirlew qa’biletin jetilistiriw …...34**

**II.1. Klasstan ti’s woqi’wdi’ sho’lkemlestiriw usi’llari’ ………………..... 34**

**II.2. Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha ko’rgizbe mu’yesh, diywali’ gazeta ha’m jurnallar sho’lkemlestiriw …………….…………………….….. 45**

**II.3. Klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw bari’si’nda interaktiv metodlardan paydalani’w ………………………….…………………………. 51**

**III bap. Klasstan ti’s jumi’slardi’n’ ayi’ri’m metodikali’q ma’seleleri ……………………………………………………………………………. 61**

**III.1. Pa’n olimpiadalari’n wo’tkeriw metodikasi’ ……...……………….... 61**

**III.2. A’debiy sayaxatlar sho’lkemlestiriw ma’seleleri …………………... 70**

**III.3. Klasstan ti’s jumi’slardi’ qaraqalpaq a’debiyati’ bo’lmesinde wo’tkeriw usi’llari’ …………………………………………………..…………. 75**

**Juwmaqlaw ………………………………………………………………….. 83**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar ……………………………..…………… 88**

# KİRİSİW

## Jumi’sti’n’ uluwma si’patlamasi’

### Temani’n’ aktualli’g’i’ ha’m u’yreniliw da’rejesi

Wo’zbekstan Respublikasi’ g’a’rezsizlikke yeriskennen keyin bilimlendiriw tarawi’nda a’dewir wo’zgerisler ju’z berdi. «Bilimlendiriw haqqi’nda»g’i’ ha’m Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’ si’yaqli’ tariyxi’y hu’jjetler u’zliksiz bilimlendiriw tarawi’na juwapkershilikli wazi’ypalar ju’kledi. Zaman talaplari’na, bilimlendiriw standartlari’ni’n’ talaplari’na muwapi’q woqi’w rejelerin, bag’darlamalari’n, metodikali’q qollanbalardi’ islep shi’g’i’w yen’ a’hmiyetli metodikali’q jumi’slardan yesaplanadi’. Usi’ ko’z qarastan qarag’ani’mi’zda uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerde a’debiyat bag’darlamasi’ndag’i’ materiallardi’ woqi’wshi’larg’a u’yretiw menen shekleniw mu’mkin yemes. Sonli’qtan a’debiyat bag’darlamasi’ndag’i’ ayi’ri’m materiallardi’ klasstan ti’s jumi’sti’n’ tu’rleri arqali’ u’yretiw a’debiyatshi’ mug’allimlerden juwapkershilik talap yetedi.

Qaraqalpaq ha’m wo’zbek a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’ boyi’nsha birqansha metodikali’q qollanbalar baspadan shi’qti’[1]. Solardan «Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’» (No’kis, 1988), A’.Paxratdinovti’n’ «Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’» («Bilim», 2004), P.Allashov, Z.Ayjanov, Q.Yusupov h.t.b metodistlerdin’ ilimiy metodikali’q qollanbalari’ ha’m ilimiy maqalalari’ baspadan jari’q ko’rdi. Bul izertlew jumi’slari’nda klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriwdin’ metodikasi’ boyi’nsha arnawli’ izertlew bolmadi’. Tek A’.Paxratdinovti’n’ «Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’» («Bilim», 2004) miynetinde klasstan ti’s jumi’slardi’ tu’rlerge bo’lip wo’tedi. Bul

---

[1] **Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988; Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим» ,2004; Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис. «Билим»,1993; Пирниязов Ж. Әдебий оқыў. (5-класс ушын). Нөкис. «Қарақалпақстан», 2003; Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратов Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. Нөкис, 2009. Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Питкериў қәнигелик жумысларын таярлаў. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011; Алланиязова Ш., Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Педагогикалық практика. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011; Усмонова К. Адабий таълимда илғор педагогик технологиялар. Тошкент. 2004.**

ma'sele boyi'nsha wo'zbek a'debiyati'n woqi'ti'w metodikasi'n izertlewshiler **S.Dolimov**[2], **C.Axmedov**[3], **Q.Yuldashev**[4], **B.Tuxliev**[5] h.t.basqalar pikir bildirgen. Bizin'she bul izertlew jumi'slari' klasstan ti's jumi'slardi' u'yreniw ushi'n jetkiliksiz dep yesaplaymi'z. Sonli'qtan bul ma'selege toli'g'i' menen metodikali'q jaqtan qatnas jasap 5-9-klasslarda klasstan ti's jumi'slardi' wo'tkeriw ha'm sho'lkemlestiriw usi'llari'n arnawli' izertlegendi maqul ko'rdik.

## Izertlewdin' tiykarg'i' maqseti ha'm wazi'ypalari'

Izertlew jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' maqseti qaraqalpaq a'debiyati'n woqi'ti'w metodikasi' boyi'nsha jazi'lg'an ilimiy metodikali'q miynetlerge su'yene woti'ri'p, bag'darlama materiallari' tiykari'nda 5-9-klasslar boyi'nsha a'debiyattan ti's jumi'slardi' wo'tkeriw metodikasi' izertlenedi.

Izertlew jumi'si'mi'zdi'n' usi' basli' maqseti to'mendegilerdi izertlew na'zerde tuti'ladi'.

- Qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha klasstan ti's jumi'slardi'n' mazmuni' ha'm wolardi' wo'tkeriw usi'llari';
- Klasstan ti's woqi'wdi' sho'lkemlestiriw ha'm woni' wo'tkeriw ma'seleleri;
- Do'gerek jumi'slari'ni'n' tu'rleri ha'm wo'tiw usi'llari';
- A'debiy konferenciyani' sho'lkemlestiriw;
- Prozali'q shi'g'armalardi' do'gerek jumi'slari' arqali' u'yreniw;
- Dramali'q shi'g'armalardi' saxnalasti'ri'w usi'llari';
- Poeziyali'q shi'g'armalardi' ko'rkem woqi'w;
- Klasstan ti's jumi'slardi' texnikali'q qurallar ja'rdeminde wo'tkeriw ma'seleleri;

---

**[2] Долимов С., Убайдуллаев Ҳ., Ахмедов Қ. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. «Ўқитувчи», 1967;**
**[3] Ахмедов С. Адабиёт дарсларида эпик жанрларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1986; Ахмедов Қ. Х.Ҳ.Ниязийнинг «Бой ила хизматчи» драмасини ўрганиш. Тошкент, 1968;**
**[4] Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. Тошкент. «Ўқитувчи», 1996.**
**[5] Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. «Янги аср авлоди», 2006.**

- Woqi’wshi’lardi’n’ wo’z betinshe pikirlew qa’biletin klasstan ti’s jumi’slar arqali’ jetilistiriw.

5-9-klass woqi’wshi’lari’ a’debiyat pa’ni boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniw arqali’ to’mendegi bilim ko’nlikpelerdi biliwi kerek.

- Prezident shi’g’armalari’ndag’i’ ma’deniy miyrasqa, a’debiyatqa, ko’rkem wo’nerge tiyisli tiykarg’i’ ideyalar mazmuni’~
- Ma’mleketimiz g’a’rezsizligi ha’m bayramlari’ haqqi’nda, ana-watang’a muhabbat woyati’wshi’ a’debiy shi’g’armalar mazmuni’n an’lag’an halda so’ylep beriw~
- Awi’zeki xali’q do’retpelerin, woni’n’ tu’rlerin, mazmuni’n, syujetin, obrazlari’n, xali’qli’g’i’n biliwi~
- Ko’rkem a’debiyatti’n’ tiykarg’i’ janrlari’n, klassikali’q a’debiyat janrlari’, ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyat janrlari’n, ko’rkem shi’g’armalardi’n’ su’wretlew qurallari’n, wolardi’n’ su’wretlew imkaniyatlari’n, u’yrenilip ati’rg’an shi’g’arma temasi’ni’n’ ideyali’q ko’rkemlik qa’siyetlerin biliw ha’m u’yrenip shi’g’i’w~
- Klasstan ti’s jumi’slari’ arqali’ u’yrenilgen ko’rkem shi’g’armalar boyi’nsha awi’zeki ha’m jazba tu’rde yerkin pikir ju’rite ali’wdi’ qa’liplestiriw, u’yrengen shi’g’armalardan alg’an ta’sirlerin tu’sindire ali’w, ko’rkem shi’g’armadag’i’ qaharmanlardi’n’ xarakterin, obrazi’n tu’sine ali’w~
- Klasstan ti’s jumi’slar arqali’ u’yrenilgen jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ do’retpelerin, jazi’wshi’li’q sheberliklerin, wo’zgesheliklerin aji’rata biliw, a’debiy qaharmanlardi’n’ xarakterlerin, mu’na’sibet bildire ali’wdi’ ha’m woni’ tiykarlap beriwdi, joqari’ qa’biletli ha’m aqi’l ta’repinen jetik a’debiy qaharmanlardi’n’ xarakterin ashi’p bere ali’wdi’ u’yreniw lazi’m.

Sonday-aq, klasstan ti’s jumi’slar arqali’ u’yrenilgen a’debiy materiallar tiykari’nda muzi’ka yaki ren’li su’wretlew shi’g’arma ushi’n za’ru’rligin, ko’rkem

estetikani' seziw, woni' so'z benen ayti'p beriw, u'yrenilgen do'retpelerde su'wretlengen ko'rkem ti'msallar, a'psanalar, yertekler, jan'i'ltpashlar, qosi'qlar, gu'rrin'ler, komediya, tragediya, povest, roman si'yaqli' janrlardi' bir-birinen ayi'ra biliw, qaharman obrazlari'na si'patlama bere ali'w si'yaqli' ma'selelerdi u'yretip bari'w za'ru'r.

## Izertlewdin' ilimiy jan'ali'g'i'

Qaraqalpaq a'debiyati'n woqi'ti'w metodikasi'nda birinshi ma'rtebe klasstan ti's jumi'slardi' wo'tkeriwdin' metodikasi'n izertlew na'zerde tuti'ladi'.

5-9-klass woqi'wshi'lari'na a'debiyat bag'darlamasi' tiykari'nda klasstan ti's jumi'slardi' wo'tiwdin' usi'llari' izertlenedi. 5-9-klass woqi'wshi'lari' menen birgelikte konferenciya, a'debiy keshe, sayaxat si'yaqli' tu'rlerin wo'tkeriliw na'tiyjeleri ko'rip shi'g'i'ladi'. 5-9-klasslarda klasstan ti's jumi'slardi' wo'tkeriwdin' ilimiy teoriyali'q tiykarlari' izertlenedi.

## Izertlewdin' metodologiyali'q ha'm teoriyali'q tiykari'

Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidenti I.A.Karimovti'n' miynetleri, "Bilimlendiriw haqqi'ndag'i' ni'zam, "Kadrlar tayarlawdi'n' milliy bag'darlamasi'" si'yaqli' a'hmiyetli hu'jjetler, belgili metodistlerdin' a'debiyatti' woqi'ti'w metodikasi' boyi'nsha ko'z qaraslari', izertlew jumi'si'mi'zdi'n' metodologiyali'q tiykari' boladi'. Izertlew bari'si'nda woqi'ti'w metodikasi' boyi'nsha **S.Dolimov**[6], **A.Zunnunov**[7], **Q.Yuldashev**[8], **Q.Xusanboeva**[9], **B.Tuxliev**[10], **S.Axmetov, A'.Paxratdinov, Q.Yusupov** ha'm basqalardi'n' teoriyali'q pikirleri ha'm izertlew metodikali'q jumi'slari' basshi'li'qqa ali'ndi'.

---

[6] **Долимов С., Убайдуллаев Ҳ., Ахмедов Қ. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. «Ўқитувчи», 1967;**
[7] **Зуннунов А. Ўзбек адабиёти методикаси тарихидан очерклар. Тошкент. «Ўқитувчи» , 1992.**
[8] **Йулдошев Қ., Мадаев О., Абдураззоков А. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент-1994.**
[9] **Хусанбоева Қ. Адабиёт – маьнавият ва мустақил фикр шакллантириш омили. Тошкент-2009.**
**Хусанбоева Қ. Адабий таьлимда мустақил фикрлашга ўргатиш асослари. Тошкент-2003**
[10] **Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент, 2010.**

Dissertaciyada pedagogikali’q ha’m didaktikali’q tallaw metodi’ qollani’ladi’.

## Dissertaciyani’n’ teoriyali’q ha’m praktikali’q a’hmiyeti

Dissertaciyada klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniwdin’ metodikasi’ ilimiy teoriyali’q jaqtan izertlenip, 5-9-klass woqi’wshi’lari’na arnalg’an a’debiyat bag’darlamasi’ tiykari’nda materiallardi’ ken’irek ha’m teren’irek u’yreniw usi’llari’ qarap shi’g’i’ladi’.

Jumi’s qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’ boyi’nsha izertlew jumi’slari’ ju’rgizilgende, sabaqli’qlar jazi’lg’anda, jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiligi u’yrenilgende ilimiy metodikali’q derek si’pati’nda xi’zmet yetiwi mu’mkin. Sonday-aq qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’ pa’ni boyi’nsha qollanba, arnawli’ kurslar jazi’lg’anda, joqari’ woqi’w talabalari’ ushi’n lektsiya du’zgende usi’ izertlewdin’ materiallari’ ha’m na’tiyjeleri paydalani’li’wi’ mu’mkin.

**Jumi’sti’n’ aprobaciyasi’:** Jumi’s Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ a’debiyat teoriyasi’ ha’m woqi’ti’w metodikasi’ kafedrasi’nda wori’nlandi’. No’kis XBBne qarasli’ mekteplerinde si’nap ko’rildi. Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ mazmuni’ boyi’nsha «Ustaz joli’», «Jetkinshek» gazetalari’na metodikali’q maqalalar berildi.

## Jumi’sti’n’ quri’li’si’

Jumi’s kirisiw ha’m juwmaqlaw bo’liminen ti’sqari’, u’sh baptan ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

## I BAP. KLASSTAN TIS JUMISLARDI U’YRENİWDİN’ İLİMİY TEORİYALIQ TİYKARLARI

Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’ boyi’nsha bir qansha metodikali’q qollanbalar baspadan shi’qti’. **S.Axmetov**[11]**, A’.Paxratdinov**[12]**, Z.Ayjanova**[13]**, J.Pirniyazov**[14]**, K.Pali’mbetov**[15] ha’m basqalardi’n’ qollanbalari’nda qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’ boyi’nsha bazi’bir pikirler ayti’lg’an. A’debiyat bag’darlamasi’ndag’i’ materiallardi’ klassta u’yrenip shi’g’i’w jetkiliksiz boli’p yesaplanadi’. Wo’ytkeni bul materiallar ken’irek yaki az beriledi. Bunday a’debiyat bag’darlamasi’ndag’i’ a’debiy materiallardi’ klasstan ti’s jumi’slar arqali’ u’yreniw maqsetke muwapi’q boladi’. Bul ma’sele boyi’nsha bir neshe metodistlerdin’ paydali’ metodikali’q pikirleri bar. Woqi’wshi’lardi’n’ bilim da’rejelerin ken’eyttiriw, bilimin asi’ri’w, wolardi’ watanni’n’ sadi’q perzentleri yetip ta’rbiyalawda klasstan ha’m mektepten ti’sqari’ ali’p bari’latug’i’n islerge ayri’qsha a’hmiyet beriw kerekligin yeskertip wo’tedi.

A’debiy woqi’w ha’m a’debiyat boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slar arqali’ klassta sabaq bari’si’nda alg’an bilimlerin toli’qti’ri’p, woqi’wshi’lardi’n’ du’nyag’a ko’z-qaraslari’n ja’ne de rawajlandi’ri’wg’a mu’mkinshilik beredi. Sonday-aq, «**Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’»nda: «Woqi’wshi’lardi’n’ qa’biletleri ha’m imkaniyatlari’na muwapi’q ra’wishte bilimge klassifikaciyalang’an qatnasti’ yengiziw»**[16] si’yaqli’ ma’seleler atap wo’tilgen. Usi’ ko’z qarastan qarag’ani’mi’zda woqi’wshi’larg’a a’debiyat pa’ni

---

[11] **Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.**

[12] **Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 2004.**

[13] **Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис. «Билим», 1993.**

[14] **Пирниязов Ж. Әдебий оқыў. (5-класс ушын). Нөкис. «Қарақалпақстан», 2003.**

[15] **Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратов Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. Нөкис, 2009. Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Питкериў қәнигелик жумысларын таярлаў. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011; Алланиязова Ш., Турдыбаев Қ., Юсупов Қ. Педагогикалық практика. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2011; Жалилов Б., Шарипова М. Мактабта драматик асарларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1992; Жўраев К. Мактабта Ойбекнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1974; Зуннунов А.С. Ўзбек адабиёти методикаси тарихидан очерклар. Тошкент. «Ўқитувчи», 1973; Педагогик тадқиқот методикаси. Тошкент, 2000; Исматов С. Мактабта Абдулла Қаҳхорнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент, 1988; Исқоқов Ф. Мактабта Гулханий адабий меросининг ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1983; Йўлдошев Қ. Ўқитувчи китоби. Тошкент. «Ўқитувчи», 1997.**

[16] **Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 2000, 22-бет.**

boyi'nsha ti'yanaqli' sabaq berip qalmastan, bag'darlama tiykari'nda materiallardi' klasstan ti's jumi'slar arqali' u'yretip barg'an duri's boladi'.

Qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha klasstan ti's jumi'slar mazmuni' ha'm maqsetine qaray bir neshe tu'rlerge bo'linedi. Bul ma'sele boyi'nsha belgili metodist, professor **A'.Paxratdinov qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha klasstan ti's jumi'slardi' to'mendegi tu'rlerge aji'rati'p ko'rsetedi:**

**1. Klasstan ti'sqari' wo'tkeriletug'i'n woqi'w jumi'slari'na sabaqli'qlardan ti'sqari' ko'rkem shi'g'armalardi' woqi'w kerekligin yeskertedi.**

**2. Qaraqalpaq a'debiyati'nan wo'tkeriletug'i'n ha'r tu'rli a'debiy krujoklardi'n' jumi'slari'n a'debiy tvorchestvoli'q krujok, dramkrujok, ko'rkem woqi'w ha'm ko'rkem so'ylep beriw krujoklari' dep u'shke bo'lip ko'rsetedi.**

**3. Ha'r qi'yli' mazmunda wo'tkeriletug'i'n konferenciyalar.**

**4. Mektep kesheleri ha'm yertelikleri.**

**5. Mektep ta'repinen woqi'wshi'lar ushi'n sho'lkemlestiretug'i'n ha'r qi'yli' ekskursiyalar.**

**6. Diywali' gazeta ha'm jurnal h.t.b. kiredi»[17], - dep atap ko'rsetedi. İlimpazdi'n' bul pikirleri ja'ne de toli'qti'ri'li'p 2004-ji'li' shi'qqan "Qaraqalpaq a'debiyati'n woqi'ti'w metodikasi'" miynetinde beriledi. Usi'nday pikirler S.Dolimov[18], S.Axmedov[19], Q.Yuldoshev[20], B.Tuxliev[21]** si'yaqli' wo'zbek a'debiyati' boyi'nsha metodistlerdin' miynetlerinde basqasha ko'z qarasta ayti'lg'an.

---

**[17] Ә.Пахратдинов Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 1992-жыл, 272-бет.**
**[18] Долимов С., Убайдуллаев Ҳ., Ахмедов Қ. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. «Ўқитувчи», 1967.**
**[19] Ахмедов С. Адабиёт дарсларида эпик жанрларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1986; Зуннунов А.С. Ўзбек адабиёти методикаси тарихидан очерклар. Тошкент. «Ўқитувчи», 1973; Педагогик тадқиқот методикаси. Тошкент, 2000; Исқоқов Ф. Мактабта Гулханий адабий меросининг ўрганиш. Тошкент. Ўқитувчи», 1983.**
**[20] Йўлдошев Қ. Ўқитувчи китоби. Тошкент. «Ўқитувчи», 1997.**
**[21] Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент, 2010.**

Biz izertlew jumi’slari’mi’zdi’ qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’n’ tu’rlerine 5-9-klasslar ushi’n arnalg’an a’debiy bag’darlamasi’ ha’m sabaqlari’ tiykari’nda qatnas jasap ken’ ko’lemde izertlewdi maqset yettik.

## I .1. ULUWMA WORTA BİLİM BERİW MEKTEPLERİNDE QARAQALPAQ A’DEBİYATI BOYINSHA KLASSTAN TIS JUMISLARDIN’ MAZMUNI HA’M TU’RLERİN U’YRENİW USILLARI.

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde yen’ a’hmiyetli pedagogikali’q ma’selelerdin’ biri – bul klasstan ha’m mektepten ti’sqari’ jumi’slardi’ teren’nen u’yreniw boli’p tabi’ladi’. Woqi’w jumi’slari’ jaqsi’ sho’lkemlestirilgen klasslarda da ko’rkem so’ylew ma’deniyati’n puxta iyelemegen, a’debiyattan jeterli bilimge iye bolmag’an woqi’wshi’lardi’ ushi’rati’w mu’mkin. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi klasstan ti’sqari’ jumi’slardi’ duri’s sho’lkemlestirmegenlikten boladi’. Klasstan ti’sqari’ woqi’w, do’gerek jumi’slari’, woqi’wshi’lardi’n’ a’debiy-do’retiwshilik jumi’slari’, a’debiy ko’rkem kesheler ha’m ekskursiyalarg’a jeterli di’qqat awdari’lmasa, wonda woqi’wshi’lardi’n’ bilim da’rejesine, wolardag’i’ bilimnin’ teren’ ha’m bekkem boli’wi’na keri ta’sirin tiygizedi.

5-9-klasslar boyi’nsha qaraqalpaq a’debiyati’nan wo’tkeriletug’i’n klasstan ti’s jumi’slar bari’si’nda woqi’wshi’lardi’n’ jas wo’zgesheligin yesapqa ali’w lazi’m. 5-6-klass woqi’wshi’lari’ ushi’n ko’binese ko’rkem woqi’w, do’gerek jumi’slari’, yestelikler, a’debiy sayaxatlar wo’tkerilip bari’lsa maqsetke muwapi’q. Al, 7-8-9-klass woqi’wshi’lari’na arnap a’debiy konferenciya, jurnal, gazeta, sayaxat, a’debiy kesheler sho’lkemlestirilse metodikali’q talaplar duri’s boladi’. A’debiyat woqi’ti’wshi’si’ pedagog ha’m psixolog boli’wi’ kerek. Ha’r bir woqi’wshi’ni’n’ ruwxi’y sezimleri, qi’zi’g’i’wlari’, woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin biliwi kerek. Woqi’wshi’ni’n’ jas wo’zgesheliklerin yesapqa ali’p, wolardi’ ha’r ta’repleme u’yrenip, wolarg’a qanday pedagogikali’q qatnasta boli’w jollari’n belgilew ushi’n, woqi’wshi’ni’n’ jasaw wortali’g’i’n, ne menen shug’i’llanatug’i’ni’n, qanday kitaplardi’ woqi’ytug’i’ni’n, bul kitaplardi’ qay

jerden ali’w kerekligin, woni’n’ jeke kitapxanasi’ndag’i’ a’debiy kitaplardi’n’ xarakterin, kitap woqi’wda kimlerden ma’sla’ha’t ali’wi’, usi’ kitaplar woni’n’ jeke wo’zgesheligine sa’ykesligi ma’selelerin di’qqat penen u’yreniw ha’r bir woqi’ti’wshi’ni’n’ juwapkershilikli wazi’ypasi’. Ayi’ri’m mekteplerde bul a’hmiyetli jumi’sti’ tek klass basshi’si’na ju’klep qoyadi’. Baslawi’sh klasslarda woqi’wshi’lar bul juwapkershilikli jumi’s penen ko’birek shug’i’llanadi’. Woqi’wshi’lardi’n’ bir bo’legi bul jumi’slarg’a itibarsi’z qaraydi’. Bul na’rse woqi’ti’wshi’ni’n’ u’lken metodikali’q kemshiligi. Pedagogikani’n’ ha’r bir woqi’wshi’g’a jeke qatnasta boli’w haqqi’nda a’hmiyetli talaplardi’ wori’nlaw ushi’n woqi’wshi’lardi’n’ klasstan ti’s islerin u’yreniw kerek. Woqi’wshi’lardi’n’ ne menen shug’i’llanatug’i’ni’n u’yreniw woqi’wshi’ ha’m woqi’ti’wshi’ arasi’ndag’i’ qatnasti’ ja’ne de jaqsi’laydi’. Woqi’wshi’ aldi’na qoyi’latug’i’n talap ayqi’nlasadi’.

A’debiy woqi’w ha’m qaraqalpaq a’debiyati’nan sabaq ali’p baratug’i’n ha’r bir woqi’ti’wshi’ wo’z predmeti a’tirapi’nda klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniwi, sho’lkemlestiriwi, sog’an qarap jumi’slardi’ wo’tkeriw bari’si’nda ayi’ri’m momentlerge itibar beriwi, so’ylesiwler, gu’rrin’lesiwler ha’m woqi’wshi’lardi’ qi’zi’qti’rg’an ma’seleler boyi’nsha jazba jumi’slar, do’retiwshilik isler sho’lkemlestiriw usi’li’ menen puxta bilim beriwi lazi’m.

Woqi’wshi’lardi’n’ nelerge qi’zi’g’i’wi’ ha’m klasstan ti’sqari’ jumi’slardi’ ani’qlaw maqsetinde wolarg’a shama menen to’mendegi mazmunda sorawlar beriw mu’mkin:

1. Ko’birek qanday mazmundag’i’ shi’g’armalardi’ woqi’wdi’ jaqsi’ ko’resen’?

a) Qosi’q, poema, yertek, gu’rrin’, drama, povest, roman si’yaqli’ ko’rkem shi’g’armalardi’ woqi’ydi’.

b) Astronomiya, ximiya, fizika, radio, samolyot haqqi’nda jazi’lg’an kitaplarg’a qi’zi’g’adi’.

v) Ku’ndelik turmi’s haqqi’nda jazi’lg’an shi’g’armalardi’ woqi’wg’a qi’zi’g’asan’ ba? yaki yerteklerdi ko’birek woqi’ysi’z ba?

2. Sen qaysi’ kitaplardi’ woqi’di’n’?

3. Sen kitaplardi’ qay jerden alasan’? Wo’zin’diki me? Kitapxanadan yaki doslari’n’nan ba?

4. Kitaplardi’ kimnin’ ma’sla’ha’ti menen woqi’ysan’?

5. Qaysi’ jurnaldi’ woqi’ysan’? “A’miwda’rya” jurnali’n she?

6. Qanday gazetalardi’ woqi’ysan’? Gazetadag’i’ qanday maqalalar unaydi’?

7. Teatr ha’m kinolarg’a barasan’ba?

Usi’nday sorawlar beriw arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ ko’rkem shi’g’armalarg’a qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ani’qlaw mu’mkin. Bulardan basqa bag’darlamada berilgen materiallar tiykari’nda sorawlar beriliwi kerek.

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinin’ 5-6-klass woqi’wshi’lari’na, 7-8-9-klass woqi’wshi’lari’na usi’nday sorawlar bergen maqsetke muwapi’q. 8-9-klass woqi’wshi’lari’na maqalalar woqi’di’n’i’z ba si’yaqli’ sorawlar beriw kerek. Bunday sorawlardi’ woqi’wshi’lardi’n’ jas wo’zgesheliklerin yesapqa ali’p bergen maqul.

Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha 5-9-klass woqi’wshi’lari’ klasstan ti’s jumi’sti’n’ qaysi’ tu’rlerine qi’zi’g’atug’i’ni’n ani’qlaw – bul da’slepki metodikali’q jumi’slardan yesaplanadi’. Woqi’wshi’lardi’n’ uqi’bi’ ha’m qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ u’yrenilip shi’qqannan son’ tiykarg’i’ jumi’slarg’a, klasstan ti’s jumi’slardi’ duri’s sho’lkemlestiriw usi’llari’na wo’temiz. Bul jumi’slardi’ qi’zi’qli’ sho’lkemlestiriw ushi’n woqi’wshi’lardi’n’ ko’pshiliginin’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ha’m jas wo’zgesheliklerin yesapqa ali’p ji’ynaw kerek. Woqi’wshi’lardi’n’ klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniw ha’m woni’ duri’s sho’lkemlestiriw maqsetinde woqi’ti’wshi’ mektep kitapxanasi’ menen jaqsi’ baylani’sta boli’wi’ kerek. Woqi’ti’wshi’ ha’m woqi’wshi’lardi’n’ kitapxanag’a ag’zali’q kartochkalari’nan qanday kitaplarg’a qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’n kitapxana xi’zmetkerleri ani’qlaydi’. Sonday-aq, qanday kitaplardi’ beriw lazi’mli’g’i’n

ko'rsetedi. Woqi'wshi'lardi'n' qi'zi'g'i'wlari'n yesapqa ali'w ha'm woni' a'melge asi'ri'w maqsetinde ayi'ri'm shi'g'armalar bolmasa temalar tiykari'nda jari'slar sho'lkemlestiriledi. Qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha klasstan ti's jumi'slardi' woqi'wshi'larg'a u'yretiwdin' a'hmiyeti to'mendegilerden ibarat:

Uluwma worta bilim beriw mekteplerindegi a'debiy bilim tiykari'nan ilimiy maqsetlerde yemes, ta'rbiya ma'seleleri ayri'qsha wori'ndi' iyeleydi. Woqi'wshi'larg'a bag'darlamada berilgen materiallardi', ko'rkem do'retpelerdi a'debiy konferenciya, keshe, do'gerek jumi'slari', albom ha'm jurnallar, diywali' gazeta shi'g'ari'w, a'debiy sayaxat wo'tkeriw, kitapxana menen baylani's ma'selelerin sho'lkemlestiriw arqali' u'yretip barami'z. Bunday jumi'slardi' wo'tkeriw bari'si'nda woqi'wshi'lardi'n' jas wo'zgesheliklerin yesapqa ali'p qaraqalpaq, wo'zbek, tu'rkmen, qazaq ha'm ja'ha'n a'debiyati'ni'n' u'lgileri menen tani'sti'ri'w yen' a'hmiyetli metodikali'q ma'selelerden yesaplanadi'. Sol arqali' woqi'wshi'lardi'n' sanasi'na watandi' su'yiwshilik, insani'yli'q, milliylik, kishipeyillik, mehir ha'm muhabbat si'yaqli' joqari' insani'yli'q pazi'yletlerdi sin'dire ali'w, wolardi'n' ruwxi'y du'nyasi'n ha'r ta'repleme milliy ideyalarg'a say rawajlandi'ri'w lazi'm. Ko'rkem shi'g'armalardi'n' ko'rkemlik qa'siyetlerin u'yretiw tiykari'nda woqi'wshi'da si'n pikirlew qa'biletin, ko'nlikpelerin ha'm uqi'pli'li'qlari'n payda yetiw za'ru'r.

5-klass woqi'wshi'lari'na klasstan ti's jumi'slardi' u'yretiw arqali' a'debiyatti'n' so'z sanaati' yekenligin, xali'q awi'zeki do'retiwshiligin sol sanaatti'n' bir ko'rinisi yekenligi haqqi'nda da'slepki tu'sinikke iye boli'w, naqi'l-maqal, jumbaq, ha'dis, ra'wiyat, xali'q yertekleri, a'debiy yertekler, an'i'z, qosi'qlar si'yaqli' janrlar haqqi'nda klassta ha'm klasstan ti's jumi'slar arqali' teren' mag'li'wmatlarg'a iye boli'w, wolar arasi'ndag'i' janrli'q ayi'rmashi'li'qlardi' biliwi kerek.

Woqi'wshi'larg'a a'debiyat boyi'nsha klasstan ti's jumi'slardi' wo'tkeriw bari'si'nda a'debiyatti'n' so'z sanaati' yekenligi, xali'q awi'zeki do'retiwshiliginin' sol sanaatti'n' bir ko'rinisi yekenligi haqqi'ndag'i' da'slepki

tu’sinikke iye boli’w, ha’dislerdin’ mazmuni’ ha’m ma’nisin tu’siniw, ko’rkem shi’g’arma, sonnan ra’wiyat, yertekler, qosi’q ha’m gu’rrin’lerdegi tiykarg’i’ pikir ha’m tuyg’i’ni’ an’law ha’m seze biliw, ko’rkem shi’g’arma qaharmani’na jeke pikirin bildire ali’w, shi’g’arma mazmuni’n teksttegidey yetip ayta ali’w, tu’rli janrlardag’i’ ko’rkem tekstlerdi ko’rkemlep woqi’p, shi’g’armalarda bayanlang’an sezim-tuyg’i’lardi’ tu’siniw ha’m tu’sindire ali’w, qaharmanni’n’ tiykarg’i’ ruwxi’y pazi’yletlerin ha’m nuqsanlari’n shi’g’armadag’i’ tiykarg’i’ ha’m yekinshi da’rejeli waqi’yalardi’ ayi’ra biliw, u’yrenilgen shi’g’armani’n’ a’piwayi’ jobasi’n du’ziw, usi’ joba tiykari’nda qi’sqa ko’lemli shi’g’arma jaza ali’w lazi’m. Sonday-aq ko’rkem shi’g’armadag’i’ obrazlardi’ aji’rata biliw, usi’ obrazlardi’ wo’z turmi’si’nda baylani’sti’ra biliw, qosi’qlardi’ ko’rkemlep woqi’y ali’w, awi’zsha ha’m jazba tu’rde wori’nli’ paydalana ali’w, tu’sindirme so’zlikten duri’s paydalani’p biliw, wo’zleri kishi ko’lemli tekstti do’rete ali’w, u’rp-a’detimizge ta’n bolg’an milliyligimizdi sanasi’na sin’diriw, wolardag’i’ milliy maqtani’sh ha’m tuyg’i’lardi’ seze ali’w, tu’rli wo’lshemdegi qosi’qlardi’ ko’rkemlep woqi’y ali’w kerek. 5-klass woqi’wshi’lari’ni’n’ klasstan ti’s woqi’g’an shi’g’armalari’ndag’i’ waqi’yalarg’a pikir bildiriw, qaharmanlari’na a’piwayi’ si’patlama beriwi talap yetiledi.

6-klass woqi’wshi’lari’ a’debiyat boyi’nsha wo’tkerilgen klasstan ti’s jumi’slar arqali’ to’mendegi bilim, ko’nlikpe ha’m uqi’pli’li’qlardi’ qa’liplestiriwi mu’mkin:

Do’gerek jumi’slari’nda, a’debiy konferenciya ha’m keshe, klasstan ti’s woqi’w arqali’ xali’q qosi’qlari’ni’n’ u’lgilerin, salt-da’stu’r ji’rlari’n, xali’q a’psanalari’n, da’stanlar haqqi’nda tu’sinik, “Alpami’s”, “Sha’ryar” da’stanlari’n, XVIII a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’, Jiyen ji’raw, XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’, A.Dabi’lov, I.Yusupov ha’m tag’i’ basqa shayi’rlardi’n’ do’retpelerin u’yreniwi lazi’m.

Solay yetip ko’rkem a’debiyatti’n’ insan ruwxi’n qa’liplestiriwshi ha’m bayi’ti’wshi’ qural yekenligin an’lay biliwi, shi’g’armadag’i’ qaharmanlardi’n’

wo’zgesheliklerin belgiley ali’w, tekst mazmuni’n wo’z so’zi menen, sonday-aq, ani’q izbe-iz bayan yete ali’w, qaharmanlarg’a jeke mu’na’sibetin bildire ali’w ha’m tiykarlap beriw ma’selelerin u’yretiw talap yetiledi.

Do’gerek jumi’slari’ ha’m klasstan ti’s ko’rkem woqi’w jumi’slari’nda a’debiyat boyi’nsha u’yrengen bilim ko’nlikpelerin woqi’wshi’lar a’melde asi’ri’wi’ lazi’m. Ma’selen, tiyisli ja’miyetlik siyasiy, ko’rkem estetikali’q mashqalalardi’ su’wretlewde a’debiy tu’r ha’m janrlardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin aji’rati’w, ko’rkem shi’g’arma qaharmani’na pikir bildiriwde shi’g’arma mazmuni’na tiykarlani’w, so’zdin’ tuwra ha’m awi’spali’ ma’nilerin ko’rkem shi’g’armada qalay qollani’lg’anli’g’i’n an’law, tekstti ko’rkem ha’m obrazli’ woqi’w, insani’yli’q jaqsi’ qa’siyetlerdi sin’dire ali’w si’yaqli’ bilim-ko’nlikpe, uqi’pli’li’qlardi’ qa’liplestirip bari’w ha’r bir woqi’wshi’ ushi’n juwapkershilik wazi’ypa boli’p tabi’ladi’.

9-klass ushi’n arnalg’an XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ bag’darlamasi’ ha’m sabaqli’g’i’ tiykari’nda klasstan ti’s jumi’slardi’ sho’lkemlestiriw ha’m wo’tkeriw ju’da’ paydali’. Wo’ytkeni 9-klass ushi’n a’debiyat bag’darlamasi’nda belgili jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ do’retpeleri kirgizilmey qalg’an. M.Da’ribaev, D.Nazbergenov, A.Begimov, Q.A’wezov, Wo’.Xojaniyazov, P.Tilegenov, XXI a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’ wa’killeri X.Saparov, J.Izbasqanov, Wo.Sa’tbaev, B.Genjemuratov, S.Ibragimov, B.Seytaev, G.Nurlepesova, P.Mi’rzabaeva ha’m tag’i’ basqalardi’n’ do’retpeleri boyi’nsha woqi’wshi’lar usi’ klasslardan baslap tu’sinik ali’wi’ kerek.

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinin’ 9-klassi’nda a’debiyat bag’darlamasi’ a’dewir asi’g’i’p islengeni seziledi. Proza boyi’nsha talantli’ jazi’wshi’lardan K.Allambergenov, K.Ma’tmuratov, A’.Paxratdinovlardi’n’ do’retpeleri haqqi’nda mag’li’wmat berilmey ketiw – bul a’debiyati’mi’zdi’n’ milliy rawajlani’w bag’dari’na keri ta’sirin tiygizedi. Sonli’qtan bul jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ do’retpelerin klasstan ti’s jumi’s tu’rleri, a’debiy keshe,

konferenciya, do’gerek jumi’slari’ arqali’ woqi’wshi’larg’a u’yretiw maqsetke muwapi’q boladi’.

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde a’debiyat pa’ninen ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’ ha’m woqi’w bag’darlamalari’ 5-9-klasslar ushi’n arnali’p (No’kis-2010) shi’g’ari’li’p, barli’q mekteplerge tarqati’lg’an. Biraq bag’darlama du’ziw talaplari’ metodikali’q jaqtan a’dewir buzi’lg’ani’ ko’rinip tur.

## I.2. QARAQALPAQ A’DEBİYATI BOYINSHA DO’GEREK JUMISLARIN SHO’LKEMLESTİRİW USILLARI

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinin’ 5-9-klasslari’nda do’gerek jumi’slari’ bag’darlama tiykari’nda wo’tkerilip bari’ladi’. Do’gerek jumi’slari’n 5-klasstan baslap 9-klassqa shekem mektep boyi’nsha woqi’wshi’larg’a bir tematikali’q jobada du’zgen maqul. Biraq ha’r bir klassti’n’ jas wo’zgesheliklerin yesapqa alsaq bul pikirimiz qa’te boladi’. Sonli’qtan do’gerek jumi’slari’ boyi’nsha metodistlerdin’ pikirine su’yenip, wolardan siltemeler ha’m metodikali’q bag’darlar alg’ani’mi’z maqsetke muwapi’q boladi’.

A’debiyat boyi’nsha do’gerek jumi’slardi’ sho’lkemlestiriw wo’tkeriw, jumi’sti’n’ mazmuni’ ha’m wazi’ypalari’ haqqi’nda belgili metodistler S.Dolimov, X.Ubaydullaev, Q.Axmedov, Q.Yuldoshev, Wo.Madaev, A.Abdurazzoqov, A’.Paxratdinov, B.Tuxliev ha’m tag’i’ basqalardi’n’ miynetlerinde azi’-kem pikir ayti’lg’an.

**S.Dolimov, X.Ubaydullaev, Q.Axmedovlardi’n’ “A’debiyatti’ woqi’ti’w metodikasi’” miynetinde do’gerek jumi’si’na toqtap: «A’debiyat ha’m a’debiy woqi’w materiallari’na baylani’sli’ bolg’an do’gerekler tiykari’nan u’sh tu’rli:**

**1. A’debiy do’retiwshilik do’gerek.**

**2. Dramali’q do’gerek.**

**3. Ko’rkem woqi’w ha’m ko’rkem gu’rrin’ yetiw do’gerek»**[22]**,** – dep bo’lip wo’tedi. Bul do’gerek jumi’s tu’rlerine pikir bildirip wo’tken. Bul pikirlerdi rawajlandi’ri’p **Q.Yuldoshev, Wo.Madaev, A.Abdurazoqovlar “A’debiyat woqi’ti’w metodikasi’” miynetinde** a’debiyat do’gerek jumi’slari’n to’mendegi tu’rlerge aji’rati’p:

**«1. A’debiy – do’retiwshilik do’geregi. 2. Ko’rkem woqi’w do’geregi. 3. Drama do’geregi. 4. A’debiy – u’lketani’w do’geregi»**[23]**, –** dep ataydi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’ boyi’nsha izertlewshi professor **A’.Paxratdinov` “Do’gerek jumi’slari’n a’debiy do’retiwshilik do’gerek, dramali’ do’gerek, ko’rkem woqi’w ha’m ko’rkemlep so’ylep beriw do’gerekleri”**[24]**,** – dep u’sh tu’rge aji’rati’p ko’rsetedi. Biraq professor A’.Paxratdinov ta’repinen ayti’lg’an pikirler S.Dolimov, X.Ubaydullaev, Q.Axmedovlar ta’repinen do’gerek haqqi’nda ayti’lg’an pikirlerge a’dewir jaqi’nlasi’p, ha’tteki do’gereklerdi bo’liw usi’li’ birdey boli’p ketkenligi seziledi.

**Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n do’gerek jumi’slari’n basqasha usi’llarda toparg’a aji’rati’w mu’mkin.**

**1. Epikali’q do’gerek.**

**2. Lirikali’q do’gerek.**

**3. Dramali’q do’gerek.**

**4. Klasslarg’a qarap bo’linetug’i’n do’gerek jumi’slari’.**

**a) 5-klassta a’debiy do’geregi.**

**b) 6-klassta ko’rkem woqi’w do’geregi.**

**v) 7-klassta folklor boyi’nsha wo’tiletug’i’n do’gerek jumi’slari’.**

**g) 8-klassta XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n do’gerek jumi’si’.**

**d) 9-klassta wo’tiletug’i’n do’gerek jumi’slari’.**

---

[22] **С.Долимов, Х.Убайдуллаев, Қ.Ахмедов “Адабиет ўқитиш методикаси”. Тошкент-1967, 421-бет.**
[23] **Қ.Йўлдошев, О.Мадаев, А.Абдуразоқов “Адабиет ўқитиш методикаси”. Тошкент-1994, 87-бет.**
[24] **Ә.Пахратдинов “Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы”. Нөкис “Билим”, 2004, 220-бет.**

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde do’gerek jumi’slari’n wo’tkeriw ta’rtibi, temalardi’n’ wo’zgeshilikleri, formasi’ haqqi’nda ma’selelerge toqtap wo’tkenimiz maqul.

Do’gerek jumi’slari’ klassta wo’tiletug’i’n jumi’slardan wo’zgeshelenip turadi’. Do’gerekte woqi’wshi’lar wo’zlerin qi’zi’qti’rtug’i’n jan’ali’qlar menen tani’sadi’. Jumi’sti’n’ mazmuni’ qi’zi’g’arli’ ha’m janli’ boli’wi’ kerek. A’dette do’gerek ag’zalari’ ha’r tu’rli klasslardan ji’ynaladi’. Woqi’wshi’lar bul do’gerekke ji’lli’q jobasi’nda berilgen materiallardi’ u’yreniw ushi’n birlestiriledi. Sonli’qtan woqi’wshi’lar joqari’dag’i’ do’gerek tu’rlerinin’ birine ag’za boladi’. Do’gerek basshi’si’ do’gerek jumi’si’ni’n’ tematikasi’n woni’n’ tu’rine qarap islep shi’qqani’ maqul.

**Epikali’q do’gerek jumi’si’na tarti’latug’i’n woqi’wshi’lar yertek, gu’rrin’, povest, romanlardi’ ko’birek woqi’g’an boli’wi’ lazi’m.**

5-6-klass woqi’wshi’lari’ni’n’ qatnasi’nda du’ziletug’i’n do’gerek jumi’slari’ni’n’ tematikasi’ to’mendegishe du’zilgeni maqul:

**Epikali’q do’gerek jumi’si’**

| № | Wo’tiletug’i’n temasi’ | ag’zalari’ | Wori’nlaw tu’ri |
|---|---|---|---|
| 1 | Gu’rrin’lerdi woqi’w | 5-klass | Mazmuni’n so’ylep beriw |
| 2 | X.Saparovti’n’ gu’rrin’leri | 6-klass | Mazmuni’n so’ylep beriw |
| 3 | Ya.A’jimovti’n’ gu’rrin’leri | 6-klass | Mazmuni’n so’ylep beriw |
| 4 | S.İsmayi’lovti’n’ gu’rrin’leri | 5-klass | Mazmuni’n so’ylep beriw |
| 5 | L.N.Tolstoydi’n’ gu’rrin’leri | 6-klass | Mazmuni’n so’ylep beriw |
| 6 | A.P.Chexovti’n’ gu’rrin’leri | 6-klass | Mazmuni’n so’ylep beriw |
| 7 | Gans Kristian Andersonni’n’ “Ole Lukoye” yertegi | 5-klass | Mazmuni’n so’ylep beriw |

Woqi’wshi’larg’a ha’r bir ayda gu’rrin’ ha’m yertekler boyi’nsha do’gerek jumi’si’n turaqli’ wo’tkerip barami’z.

5-6-klass woqi’wshi’lari’na lirikali’q do’gerek jumi’si’ni’n’ tematikasi’n to’mendegishe du’zgenimiz maqul:

**Lirikali’q do’gerek jumi’si’**

| № | Jumi’sti’n’ mazmuni’ temalari’ | ag’zalari’ (klasi’) | Wori’nlaw sha’rti | Yeskertiw |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Xali’q qosi’qlari’. Balalar qosi’qlari’ | 5-klass | Yadqa ha’m ko’rkem ayti’p beriw | Sentyabr |
| 2 | İ.Yusupovti’n’ “Sahra bu’lbiline”, “Sho’girme” qosi’qlari’ | 5-klass | Ko’rkem woqi’w | Oktyabr |
| 3 | Berdaq shayi’rdi’n’ “Balam”, “Jaqsi’raq” qosi’qlari’ | 5-klass | Ko’rkem woqi’w | Noyabr |
| 4 | N.Japaqovti’n’ “Ba’ha’r” qosi’g’i’ | 5-klass | Ko’rkem woqi’w | Dekabr |
| 5 | S.Ma’jitovti’n’ “Woqi’wg’a kel” qosi’g’i’ | 5-klass | Ko’rkem woqi’w | Dekabr |
| 6 | A.Dabi’lovti’n’ qosi’qlari’ | 6-klass | Ko’rkem woqi’w | Yanvar |
| 7 | S.Nuri’mbetovti’n’ qosi’qlari’ | 6-klass | Ko’rkem woqi’w | Fevral |
| 8 | S.Abbazovti’n’ qosi’qlari’ | 6-klass | Ko’rkem woqi’w | Mart |
| 9 | T.Jumamuratovti’n’ qosi’qlari’ | 6-klass | Ko’rkem woqi’w | Aprel |
| 10 | J.Aymurzaevti’n’ qosi’qlari’ | 6-klass | Ko’rkem woqi’w | May |

**Do’gerek basli’g’i’: Yusupov Islambek**

5-6-klass ushi’n epikali’q ha’m lirikali’q do’gerek jumi’slari’ a’piwayi’ ha’m jen’il temalardan ibarat boli’wi’ kerek. Wo’ytkeni woqi’wshi’lardi’n’ jas wo’zgeshelikleri, wolardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’ yesapqa ali’nadi’. Lirikali’q

do’gerek jumi’si’na berilgen temalar menen sheklenip qali’nbawi’ sha’rt. Noyabr ayi’nda wo’tkeriletug’i’n do’gerek jumi’si’nda tek Berdaq shayi’rdi’n’ “Balam”, “Jaqsi’raq” qosi’qlari’n u’yrenip qalmastan, shayi’rdi’n’ basqa da qosi’qlari’ haqqi’nda pikir bildirgen maqul.

7-8-9-klasslarda epikali’q ha’m lirikali’q do’gerek jumi’slari’na beriletug’i’n temalar biraz quramali’ boli’wi’ kerek. Bul klasstag’i’ woqi’wshi’lar berilgen temalar a’tirapi’nda awi’zsha ha’m jazba tu’rde pikirler bildire ali’wi’, bayanat jasap biliwi, bir-birine sorawlar beriwi lazi’m.

Bul klasslar ushi’n epikali’q do’gerek jumi’si’na Du’nya a’debiyati’nan, qaraqalpaq a’debiyati’nan ko’p mi’sallar keltiriledi. **Sh.Aytmatov, R.Gamzatov, M.Aybek, N.Da’wqaraev, M.Da’ribaev, A’.Wo’tepov, A.Dabi’lov, T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Qayi’pbergenov, Sh.Seyitov, U.Pirjanov, A’.Paxratdinov, S.Ismayi’lov, K.Allambergenov, B.Genjemuratov, S.Ibragimov, P.Mi’rzabaeva** ha’m tag’i’ basqalardi’n’ do’retiwshiliginen tematikali’q joba du’zilgeni duri’s.

Do’gerek basshi’si’ a’debiy shi’g’armalardi’ tallaw ha’m woni’ tu’sindiriw arqali’ woqi’wshi’larg’a teoriyali’q bilim beriwden ti’sqari’, do’retiwshilik jumi’si’nan da xabardar boli’wi’ lazi’m. Mug’allim ta’repinen do’retilgen qosi’q yaki gu’rrin’di woqi’wshi’larg’a woqi’p berse boladi’. Ko’rkem woqi’w, ma’nili so’ylew do’gerek basshi’si’ni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’. Wo’ytkeni woqi’wshi’lardi’ qosi’q, gu’rrin’lerdi ko’rkem woqi’wg’a qi’zi’qti’ra ali’wi’ kerek. Sonday-aq do’gerek ag’zalari’ arasi’nda qosi’q jaza alatug’i’n wo’z do’retpeleri menen respublikali’q baspa so’zde, ayri’qsha balalar gazeta ha’m jurnallari’nda qatnasatug’i’n talantli’ woqi’wshi’lar da ushi’rasadi’. Bunday talant iyelerin do’gerek jumi’si’na belsendi qatnasti’ri’p, wolardi’n’ do’retpelerin tu’sindiriw ha’m tallaw lazi’m.

Do’gerek jumi’slari’n bir ayda bir yaki yeki ret wo’tkeriw lazi’m. Bul waqi’t arali’g’i’nda do’gerek ag’zalari’ temalarg’a jaqsi’ tayarlani’p keledi. Do’gerek jumi’slari’n ku’ndelik sabaqlar wo’tkeriletug’i’n klassta yemes, mekteptegi

a’debiyat kabinetlerinde, woqi’wshi’lardi’ qi’zi’qti’ratug’i’n da’rejede bezelgen, jaqsi’ ha’m taza bo’lmelerde wo’tkergen maqul. Wo’ytkeni a’debiyat bo’lmesindegi shayi’r-jazi’wshi’lardi’n’ su’wretleri, diywalg’a qi’sti’ri’lg’an danali’q so’zler, ko’rkem shi’g’arma mazmuni’ tiykari’nda sali’ng’an su’wretler woqi’wshi’larg’a biraz zawi’q bag’i’shlaydi’. Do’gerek ag’zalari’n qi’zi’qti’ratug’i’n, wolardi’n’ aktivligin asi’ratug’i’n ma’selelerdin’ biri jumi’s jobasi’ni’n’ tematikasi’ mazmunli’ ha’m ta’sirli boli’wi’ lazi’m. Jumi’sti’n’ uluwma mazmuni’ tan’lang’an temalardi’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyetine ha’m ko’rkemligine baylani’sli’ boladi’. Jumi’sti’n’ tematikali’q jobasi’ 5-6-7-8-9-klasslarg’a arnali’p du’zilgen epikali’q ha’m lirikali’q do’gerek jumi’si’ni’n’ jobasi’na tiykarlani’p du’ziledi.

Qaysi’ do’gerek jumi’si’ni’n’ tematikasi’ bolmasi’n, ba’ri de bir ji’lg’a mo’lsherlep du’ziledi. Solay yetip usi’ jobada do’gerek ag’zalari’ni’n’ maqsetleri ha’m pikirleri yesapqa ali’ng’ani’ maqul. Bir ji’lg’a du’zilgen do’gerek jumi’si’ni’n’ jobasi’ tema ha’m temashalarg’a bo’linip jazi’ladi’.

Uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerde a’debiyat boyi’nsha ko’binese **a’debiy do’retiwshilik do’gerek jumi’slari’** wo’tkeriledi. Bul jumi’s tu’ri mektep turmi’si’nda a’dewir si’nalg’an. Bul boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n jumi’sti’n’ maqseti yeki tu’rli xarakterge iye. Jumi’sti’n’ bir tu’ri klassta alg’an bilimin bekkemlew ha’m toli’qti’ri’wg’a, a’debiy shi’g’armalar yamasa ayi’ri’m jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshilik joli’ menen ha’r ta’repleme toli’q tani’si’wg’a qarati’lg’an boladi’. Sonli’qtan bul do’gerekte joqari’ klass woqi’wshi’lari’ tarti’ladi’. Kolledj ha’m akademiyali’q litseylerde do’retiwshilik do’gerek jumi’si’n a’dewir jetilistiriw lazi’m. Wo’ytkeni woqi’wshi’lar akademiyali’q litseyde wo’z betinshe pikirlew qa’biletin rawajlandi’ri’p baradi’. Akademiyali’q litseyde wo’tkeriletug’i’n klasstan ti’s jumi’slardi’ izertlewdi na’zerde tutqan joqpi’z. Sonli’qtan bul woqi’w wori’nlari’nda klasstan ti’s jumi’s tu’rlerinin’ qalay qollani’w kerekligine toqtawdi’ maqul ko’rmedik. Do’gerek jumi’slari’ ha’m klasstan ti’s ko’rkem woqi’w jumi’slari’nda a’debiyat boyi’nsha u’yrengen bilim

ko’nlikpelerin woqi’wshi’lar a’melde asi’ri’wi’ lazi’m. Ma’selen, tiyisli ja’miyetlik siyasiy, ko’rkem estetikali’q mashqalalardi’ su’wretlewde a’debiy tu’r ha’m janrlardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin aji’rati’w, ko’rkem shi’g’armada qaharmani’na pikir bildiriwde shi’g’arma mazmuni’na tiykarlani’w, so’zdin’ tuwra ha’m awi’spali’ ma’nilerin ko’rkem shi’g’armada qalay qollani’lg’anli’g’i’n an’law, tekstti ko’rkem ha’m obrazli’ woqi’w, insani’yli’q jaqsi’ qa’siyetlerdi sin’dire ali’w si’yaqli’ bilim-ko’nlikpe, uqi’pli’li’qlardi’ qa’liplestirip bari’w ha’r bir woqi’wshi’ ushi’n juwapkershilikli wazi’ypa boli’p tabi’ladi’.

Belgili metodistler Q.Yuldoshev, A’.Paxratdinovlar wo’z miynetlerinde bul do’gerek jumi’si’ tuwrali’ bahali’ pikirlerin bildirgen.

Professor A’.Paxratdinov “Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’” qollanbasi’nda: **“A’debiy tvorchestvoli’q krujok: Mekteptegi bul krujok woqi’wshi’lar ushi’n yen’ awi’r, yen’ qi’yi’n ja’ne de yen’ qi’zi’qli’ krujoklardi’n’ biri boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’n mekteptegi bul krujok ag’zalari’ni’n’ klasstag’i’ yen’ saylandi’ woqi’wshi’lari’ tarti’li’wi’ kerek boladi’. Usi’ a’debiy tvorchestvoli’q krujokti’n’ wo’z aldi’na qoyatug’i’n tiykari’nan yeki wazi’ypasi’ boladi’. Birinshi wazi’ypa: Krujok ag’zalari’ qaraqalpaq a’debiyati’n mektepte teren’ u’yreniw. Yekinshi wazi’ypa: Bul krujokti’n’ ag’zalari’ mektepte wo’zlerinshe a’debiy tvorchestvoli’q isti rawajlandi’ri’wg’a aktiv iniciatorlardi’n’ biri boli’wdan ibarat”[25],– dep ko’rsetedi.**

Sonli’qtan do’retiwshilik do’gerek jumi’si’ni’n’ temalari’n pa’n mug’allim woqi’wshi’lardi’n’ bilim ko’nlikpelerin yesapqa alg’an halda teren’ mazmunli’ ha’m qi’zi’qli’ temalar a’tirapi’nda quri’wi’ kerek. To’mendegi temalardi’ alg’ani’ maqsetke muwapi’q:

1. Axmed Yugnakiydin’ “Haqi’yqatlar si’yli’g’i’” do’retpesinde turmi’s shi’nli’g’i’ni’n’ su’wretleniwi.

---

[25] **Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис “Билим”, 1992, 278-бет.**

2. Yusup Has Haji’bti’n’ “Baxi’tqa baslawshi’ bilim” shi’g’armasi’nda bilimnin’ ta’riypleniwi.

3. Nog’ay zamani’ni’n’ ji’raw-shayi’rlari’.

4. Jiyen Amanli’q uli’ni’n’ “Posqan yel” shi’g’armasi’nda tariyxi’y shi’nli’qti’n’ ji’rlani’wi’.

5. Ku’nxojani’n’ “Yel menen”, “Nege kerek ?” qosi’qlari’ni’n’ ideyali’q mazmuni’.

6. A’jiniyaz shayi’rdi’n’ “Ayri’lsa”, “Kerekti” qosi’qlari’ni’n’ ideyali’q mazmuni’.

7. Saadiydin’ “Gu’listan” shi’g’armasi’ni’n’ syujeti.

8. “Qi’ri’q qi’z” da’stani’nda xali’qlar dosli’g’i’ni’n’ ji’rlani’wi’.

9. X. Sultanovti’n’ “A’jiniyaz” romani’ni’n’ mazmuni’.

10. Berdaqti’n’ “Xali’q ushi’n”, “Jaqsi’raq” qosi’qlari’nda bilimnin’, a’dep-ikramli’li’qti’n’ su’wretleniwi.

11. “Amangeldi” da’stani’ni’n’ ideyali’q mazmuni’.

12. S. Ma’jitovti’n’ “Bag’dagu’l” dramali’q syujeti.

13. N. Da’wqaraevti’n’ “Alpami’s” dramasi’.

14. S. Nuri’mbetovti’n’ “Xanalas” da’stani’ni’n’ syujeti.

15. G. Yesemuratovani’n’ prozali’q shi’g’armalari’nda awi’l temasi’ni’n’ su’wretleniwi.

16. İ. Yusupovti’n’ “Watan topi’rag’i’” poemasi’ni’n’ ideyali’q mazmuni’.

17. A. Bekimbetovti’n’ “Awi’r ta’g’dirdi jen’iwshiler” povestindegi basli’ qaharmanlarg’a si’patlama.

18. S. Xojaniyazovti’n’ “Su’ymegenge su’ykenbe” dramasi’ni’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti.

Do’retiwshilik do’gerek jumi’si’ni’n’ tematikasi’ usi’ bag’darda du’zilip, woqi’wshi’lar yag’ni’y do’gerek ag’zalari’ usi’ temalar boyi’nsha bayanat jasaydi’. Bayanat boyi’nsha basqa do’gerek ag’zalari’ shi’g’i’p so’yleydi. Woqi’wshi’larda do’gerek jumi’si’na bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’q a’dewir jetilisip baradi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’ bag’darlamasi’ tiykari’nda dramali’q do’gerek jumi’si’n sho’lkemlestiriw kerek. Bul do’gerek jumi’si’ woqi’wshi’lardi’n’ a’debiyatqa, dramali’q shi’g’armalarg’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’radi’. Dramali’q do’gerek jumi’si’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bar. Bul na’rseler do’gerek jumi’si’na qoyi’latug’i’n talaplardan kelip shi’g’adi’. Dramali’q do’gereginin’ ag’zalari’ a’debiyat teoriyasi’, shi’g’armalardi’ tallaw usi’llari’, janrlar ha’m wolardi’n’ wo’zgeshelikleri, dramali’q shi’g’armalardi’n’ payda boli’w sebepleri menen tani’si’p baradi’. Woqi’wshi’lardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’ yesapqa ali’ni’p do’gerekke ag’za yetip qabi’l yetiledi. Sonli’qtan do’gerek ag’zalari’ dramali’q shi’g’armalardi’n’ mazmuni’, syujeti, qaharmanlari’nan xabardar boli’wi’ lazi’m. Ko’pshilik ag’zalari’ 9-klass woqi’wshi’lari’nan saylap ali’ng’ani’ maqul. Do’gerek ag’zalari’na dramali’q janr boyi’nsha teoriyali’q mag’li’wmat beriw, ani’q wo’zgeshelikleri menen tani’sti’ri’w a’debiyat mug’alliminin’ basli’ wazi’ypasi’ yesaplanadi’.

A’debiy do’retiwshilik do’gerek jumi’slari’ si’yaqli’ dramali’q do’gerek jumi’si’nda klasstan ti’s woqi’latug’i’n materiallar tiykari’nda jumi’s wo’tkeriw lazi’m. Bul do’gerek ko’rkem shi’g’armalardi’n’ saxnag’a qoyi’li’w ma’seleleri menen de shug’i’llanadi’. Jumi’sti’n’ yen’ a’hmiyetli bo’leklerinin’ biri dramali’q do’retpeni saxnalasti’ri’p qoyi’wdan ibarat. Usi’ waqi’tlari’ do’gerek ag’zalari’ dramani’n’ mazmuni’ ha’m tekstlerdi ko’rkem woqi’w menen tani’sadi’. Ayi’ri’m do’gerek ag’zalari’ monologti’ ko’rkem woqi’ydi’, saxnali’q ko’rinislerdi qoyadi’. Dramali’q do’gerek jumi’si’nda yen’ a’hmiyetli ma’sele tayarli’q boladi’. Do’gerekte saxnali’q ko’riniske tayarli’q bari’si’nda do’gerek ag’zalari’ obraz jarata ali’wi’ kerek.

Do’gerek jumi’si’ni’n’ tematikasi’na S.Ma’jitovti’n’ «Bag’dagu’l», A’.Wo’tepovti’n’ «Ten’in tapqan qi’z», Q.A’wezovti’n’ «Tilek joli’nda», J.Aymurzaevti’n’ «Qa’dirdan doktor», A’.Shamuratovti’n’ «Qi’ri’q qi’z», J.Aymurzaevti’n’ «Berdaq» pesalari’nan ti’sqari’ g’a’rezsizlik da’wirdegi saxnali’q shi’g’armalardan paydalansaq maqsetke muwapi’q boladi’. Sonday-aq

tek belgili jazi'wshi'lardi'n' do'retpelerinen paydalani'p qoymastan, talantli' qa'lemkeshlerdin' saxnali'q shi'g'armalari'nan paydalani'wg'a boladi'. Ha'r qanday tan'lap ali'ng'an saxnali'q do'retpenin' ta'rbiyali'q a'hmiyetine di'qqat awdari'w lazi'm. Do'gerek ag'zalari' teoriyali'q bilimin artti'ri'w maqsetinde kino ha'm teatrlarda ko'rgen do'retpeleri haqqi'nda, artistlerdin' qalay woynag'ani' tuwrali' pikir ali'si'p barg'ani' maqul. Na'tiyjede pikirlew qa'bileti rawajlanadi', saxnali'q shi'g'armalarg'a tu'sinigi artadi', do'gerek jumi'si'na qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' ku'sheyip baradi'.

**Ko'rkem woqi'w ha'm ko'rkem bayanlap beriw do'geregi** boyi'nsha da bazi' bir metodikali'q pikirlerdi bildirgenimiz duri's shi'g'ar. Klasstan ti's jumi'slardi'n' ishinde ko'rkem woqi'w do'gerek jumi'si' mektep turmi'si'nda a'hmiyetli wori'ndi' iyeleydi. Bul do'gerek jumi'si' 5-8-klasslarda bag'darlama materiallari' tiykari'nda sho'lkemlestirilgeni maqsetke muwapi'q. Do'gerek ag'zalari'na ha'r bir klasstan 4-5 woqi'wshi' saylap alg'ani'mi'z maqul. Jumi'sti'n' jobasi' pa'n mug'allimi ta'repinen sheber du'zilgen jag'dayda g'ana do'gerek ag'zalari' arasi'nda qi'zi'g'i'wshi'li'q artadi'. Bul do'gerekte woqi'wshi'lardi' ja'ne de qi'zi'qti'ratug'i'n na'rseler radio ha'm magnitofonlar. Woqi'w texnikasi' menen tani'sti'ri'w ushi'n radiodan ko'rkem woqi'w yaki bolmasa ta'sirli woqi'g'an so'zlerin magnitofon plenkasi'na jazi'p ti'n'law a'hmiyetli usi'llardan yesaplanadi'. Do'gerek ag'zalari' belgili ta'jiriybege iye bolg'annan keyin mektepte wo'tkeriletug'i'n a'debiy keshelerde yadlag'an tekstlerin woqi'p beriwi lazi'm. Sonday-aq, do'gerek ag'zalari' ko'rkem woqi'wg'a arnalg'an qalada, mektepler arasi'nda wo'tkerilgen ma'deniy woraylarda wo'z talantlari'n ko'rsetiwi mu'mkin. Ko'rkem woqi'w do'gereginin' ag'zalari' shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi'n' do'retiwshiligine baylani'sli' a'debiy keshelerge qatnasi'p baradi'.

## I.3. A’DEBİY KONFERENCİYA HA’M A’DEBİY KESHE WO’TKERİW MA’SELELERİ

Uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerde a’debiy konferenciya ha’m a’debiy keshe wo’tkeriw yen’ a’hmiyetli metodikali’q ma’selelerden yesaplanadi’. Ko’pshilik metodistler a’debiy konferenciya menen a’debiy kesheni birdey klasstan ti’s jumi’sti’n’ tu’rleri dep qaraydi’. Negizinde ilimiy metodikali’q izertlew jumi’slari’nda bul ma’seleni basqasha tu’sindiredi. Belgili metodistler **A.S.Zunnunov**[26], **K.Juraev**[27], **Q.Yuldashev**[28], **S.Ismatov**[29] ha’m tag’i’ basqalardi’n’ miynetlerinde bul ma’sele boyi’nsha azi’ kem metodikali’q pikirler ayti’lg’an. A’.Paxratdinovti’n’ “Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’” miynetinde konferenciyani’ jazi’wshi’lardi’n’ ko’rkem do’retpelerine arnali’p wo’tkeriliwi kerekligi ayti’ladi’. Bul pikirdi basqa da ali’mlar qollap quwatlaydi’. Bizin’she konferenciya yeki bag’darda wo’tkerilgeni duri’s boladi’. Birinshiden jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ ko’rkem do’retpelerine arnalsa, yekinshiden jazi’wshi’lardi’n’ do’retpelerine tiykarlani’p ilimiy bag’darda wo’tkergenimiz maqsetke muwapi’q. Konferenciya wo’tkeriw jobalari’n qaraqalpaq a’debiyati’ mug’allimi islep shi’g’adi’.

I.Yusupov do’retpeleri boyi’nsha konferenciyani’ mi’na bag’darda jobalasti’rami’z.

I.Yusupovti’n’ do’retpelerine sholi’w tu’rinde a’debiyatshi’ mug’allimnin’ kiris so’zi boladi’.

1. Kiris so’z.
2. I.Yusupovti’n’ watang’a baylani’sli’ lirikasi’.
3. “Joldas mug’allim” poemasi’ haqqi’nda.
4. Shayi’rdi’n’ “Qara tal”, “Seksewil”, “Kewil kewilden suw isher” qosi’qlari’n ko’rkem woqi’w.

---

[26] **Зуннунов А.С., Хотамов Н., Эсонов Ж., Иброҳимов А. «Адабиет ўқитиш методикаси». Т., «Ўқитувчи», 1992.**

[27] **Жўраев К. Мактабда Ойбекнинг ҳаети ва ижодини ўрганиш. Тошкент «Ўқитувчи», 1973.**

[28] **Йўлдошев Қ., Мадаев О., Абдураҳмонов. «Адабиет ўқитиш методикаси». Т., «Ўқитувчи», 1999.**

[29] **Исматов С. Мактабда Абдулла Қаҳҳорнинг ҳаети ва ижодини ўрганиш. Тошкент «Ўқитувчи», 1979.**

5. “Poseydonni’n’ g’a’zebi” poemasi’ni’n’ mazmuni’.

6. “Dala a’rmanlari’” poemalari’n tallaw.

7. “Tumaris” poemasi’ni’n’ ideyali’q mazmuni’.

8. “Aktrisani’n’ i’g’bali’” poemasi’ni’n’ mazmuni’.

9. “Bu’lbil uyasi’” poemasi’ni’n’ mazmuni’.

10. “Qaraqalpaq haqqi’nda so’z” poemasi’nda obrazlarg’a si’patlama berin’.

A’debiy konferenciyani’ mekteptegi 9-klass woqi’wshi’lari’ menen birlikte wo’tkeriwge boladi’. Sebebi bul klass woqi’wshi’lari’ a’debiyat bag’darlamasi’ boyi’nsha A.Dabi’lov, T.Jumamuratov, T.Qayi’pbergenov, S.Xojaniyazov, I.Yusupov do’retiwshiliklerin u’yrenedi.

Klasstan ti’s jumi’slardi’n’ qaysi’ tu’ri bolmasi’n, wol woqi’wshi’lardi’n’ tu’sinigin artti’ri’wg’a, xali’qti’n’ turmi’si’n, ma’deniyati’n, wo’nerin u’yretiwdi tiykarg’i’ maqset yetip qoyadi’. Joqari’dag’i’ shayi’rlardi’n’ birewine baylani’sli’ kitap woqi’wshi’lar konferenciyasi’n u’sh tu’rde wo’tkeriw mu’mkin.

Mektep turmi’si’nda ko’birek wo’tkerilip ju’rgen tematikali’q konferenciya shayi’rlardi’n’ bir shi’g’armasi’, do’retiwshilik joli’ yamasa a’debiyatti’n’ shayi’r jasag’an da’wiri tiykari’nda wo’tkeriledi. Bul konferenciya woqi’wshi’lardi’n’ ko’rkem shi’g’arma boyi’nsha sabaq bari’si’nda alg’an bilimlerin birlestiriwge, so’z sheberinin’ wo’miri ha’m do’retiwshilik joli’ menen teren’ tani’si’w, ideyali’q ha’m ko’rkemlik jaqtan belgili bir a’hmiyetli wori’n tutatug’i’n shi’g’armalarg’a qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w, wolardi’n’ a’dep-ikramli’li’q, go’zzalli’q sezimlerin rawajlandi’ri’wdan ibarat. Konferenciyalar woqi’wshi’lardi’n’ belgili bir tema u’stinde islewine, wo’zleri unati’p ju’rgen ko’rkem shi’g’arma ha’m ko’rkem obrazlar haqqi’nda yerkin gu’rrin’lesiwge toli’q jag’day jasaydi’.

Buni’ J.Aymurzaevti’n’ do’retpesi boyi’nsha ko’rip shi’g’ayi’q:

Tema: J.Aymurzaev-ko’rkem so’z ustasi’.

Maqseti: J.Aymurzaevti’n’ “Ha’kisliler” (1954), “Qosi’qlar” (1933), “Qosi’qlar” (1956), “Ulli’ watan qosi’g’i’” (1959), “Tasqi’n” (1946), “Menin’ bati’rlari’m” (1949), “Qaharmanli’q gu’reske” (1942), “Shayi’r so’zi”, “Jan’a

a'wladlarg'a" (1951), "Dan'qli' doslar" (1954), "Aydi'n jolda" (1955), "A'miwda'rya boyi'nda" (1967), "Qi'zketken" (1972), "Wo'mir shaydasi'man" (1986), "Jetpis tog'i'zi'nshi' ba'ha'r" (1989), J.Aymurzaev. Shi'g'armalari', I tom, (1961), I tom, (1962), J.Aymurzaev. Shi'g'armalari'ni'n' yeki tomli'g'i', (1989), "Uli'm ti'n'la", Qosi'qlar ha'm poemalar (1996), "Jetimnin' ju'regi" (1993), si'yaqli' toplamlari'na arnalg'an kitap woqi'wshi'lar konferenciyasi'n ken' tu'rde wo'tkeriw arqali' jazi'wshi' shi'g'armalari'n turmi'sta yen jaydi'ri'w, qaraqalpaq xalqi'n, woni'n' u'rp-a'detin, ta'biyati'n qa'dirlew sezimlerin ta'rbiyalawdi' iske asi'ri'w.

Konferenciya wo'tilmesten aldi'n a'debiyat mug'allimi basshi'li'g'i'nda belsendi woqi'wshi'lardi' ji'ynap ali'p ken'esip aladi'. Bul ken'este konferenciyani'n' temasi', wo'tkeriletug'i'n waqti' ani'q belgilenedi. Sonday-aq konferenciyada islenetug'i'n jumi'slar woqi'wshi'larg'a bo'listirilip beriledi. Konferenciyag'a tayarlani'w ha'm woni'n' is jobasi'n shama menen to'mendegi ta'rtipte du'zedi:

| **q/t** | **Jumi'sti'n' mazmuni'** | **Wori'nlana-tug'i'n waqi't** | **Wori'nlawshi'** |
|---|---|---|---|
| **1** | **Kitap woqi'wshi'lar konferenciyasi' ha'm woni'n' wazi'ypalari' haqqi'nda gu'rrin' wo'tkeriw** | **29.IV.2010** | **A'debiyat mug'allimi, kitap woqi'wshi'lar belsendisi.** |
| **2** | **Konferenciyag'a tiyisli bolg'an a'debiyatlar dizimin beriw ha'm wo'z betinshe woqi'wdi' uyi'mlasti'ri'w** | **29.IV.2010** | **Kitap woqi'wshi'lar belsendisi.** |
| **3** | **Konferenciya jobasi'n tallaw ha'm wazi'ypalardi' belgilew** | **29.IV.2010** | **A'debiyat mug'allimi, kitapxanashi'.** |
| **4** | **Konferenciya temasi' ha'm bag'darlamasi'** | **03.V.2010** | **Kitapxanashi'** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | su’wretlengen plakatlar islew | | |
| 5 | Ko’rkem su’re boyi’nsha gu’rrin’ tayarlaw | | A’debiyat mug’allimi |
| 6 | S.Xojaniyazovti’n’ dramali’q shi’g’armalari’ boyi’nsha | 10.V.2010 | Kitapxanashi’, woqi’wshi’lar |
| 7 | Saxnali’q do’retpege woqi’wshi’lardi’n’ tayarli’g’i’n baqlaw | 15.V.2010 | Do’gerek ag’zalari’ |
| 8 | Do’gerek ag’zalari’ni’n’ qatnasi’wi’nda saxnali’q shi’g’arma qurasti’ri’w | 18.V. 2010 | A’debiyat mug’allimi, do’gerek ag’zalari’ |
| 9 | Konferenciyag’a arnap diywali’ gazeta shi’g’ari’w | 19.V.2010 | Do’gerek ag’zalari’ |
| 10 | Bayanatshi’, ko’rkem gu’rrin’ ayti’wshi’lar | 20.V.2010 | A’debiyat mug’allimi |
| 11 | S.Xojaniyazov belgili dramaturg degen temada su’wretlengen albom tayarlaw | 20.V.2010 | Kitapxanashi’, redkollegiya ag’zalari’ |
| 12 | Konferenciyag’a qatnasi’wshi’lar ha’m so’zge shi’g’i’wshi’lar menen pikir ali’si’wdi’ uyi’mlasti’ri’w | 22.V.2010 | A’debiyat mug’allimi |
| 13 | Konferenciya boyi’nsha a’debiy ko’rgizbe sho’lkemlestiriw | 23.V.2010 | Kitapxana xi’zmetkerleri |
| 14 | Konferenciyag’a qatnasi’wshi’lardi’ yen’ keyingi si’naqtan wo’tkeriw | 24.V.2010 | A’debiyat mug’allimi |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **15** | **Konferenciyani' wo'tkeriw ha'm woni' juwmaqlaw** | **25.V.2010** | **Mektep kitapxanashi'si', woqi'wshi'lar belsendileri** |

Konferenciya wo'tkerilmesten aldi' buri'n ha'mme klasslarda S.Xojaniyazovti'n' shi'g'armalari'n woqi'w tapsi'ri'ladi'. "S.Xojaniyazov - belgili dramaturg", "S.Xojaniyazovti'n' "Su'ymegenge su'ykenbe" dramasi'ni'n' mazmuni'", «"Su'ymegenge su'ykenbe" dramasi'ni'n' syujeti», «"Su'ymegenge su'ykenbe" dramasi'ni'n' basli' obrazlari'na si'patlama berin'» h.t.b. temalarda jazba jumi's wo'tkeriliwi kerek. Ayi'ri'm shi'g'armalari'nan u'zindiler yadlani'wi', ko'rkem woqi'wg'a ha'm dramali'q shi'g'armalari'n saxnalasti'ri'w jumi'slari'na qi'zg'i'n tayarli'q ko'riliwi sha'rt. Soni'n' menen birge usi' jumi'sta "Su'ymegenge su'ykenbe" dramasi' boyi'nsha shi'g'arma jumi'si'n, kitaplar boyi'nsha pikir ali'si'wlar mug'allim ta'repinen tekserilip, wolar do'gerekte ko'rip shi'g'i'li'p, yen' saylandi'lari'n tan'lap ali'p, diywali' gazetada ja'riyalanadi'.

S.Xojaniyazovti'n' dramali'q shi'g'armalari'na arnali'p to'mendegi sorawlar woqi'wshi'lar ta'repinen shi'g'ari'lg'an plakatlarg'a jazi'li'p qoyi'li'wi' da mu'mkin. Ma'selen:

1. **S.Xojaniyazovti'n' "Ari'wlar"[30] dramasi'ni'n' ideyali'q tematikasi'.**
2. **"Yerkebaydi'n' yepkini" dramasi'ni'n' syujeti ha'm kompozitsiyasi'.**
3. **"Mamanbiy" dramasi'ni'n' mazmuni'.**
4. **"Jaslar" dramasi'ni'n' ideyali'q mazmuni'.**
5. **"Buni' da ko'reyik" dramasi'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri.**
6. **"Ju'rek nusqawi'" dramasi'ni'n' syujeti.**
7. **"Baxi't joli'" shi'g'armasi'ni'n' basli' qaharmanlari'na si'patlama.**
8. **"Bizin' bahadi'r" do'retpesinin' syujeti.**
9. **"To'renin' tutqan jen'gesi" dramasi'ni'n' ko'rkemliligi.**
10. **"Su'ymegenge su'ykenbe" dramasi'ni'n' mazmuni'.**

[30] **Хожаниязов С. Арыўлар. Нөкис "Қарақалпақстан", 1987.**

**11. “Su’ymegenge su’ykenbe” dramasi’ni’n’ basli’ qaharmanlari’na si’patlama berin’.**

**12. Do’retpede qaysi’ da’wirdegi waqi’yalar su’wretlenedi?**

**13. Dramali’q shi’g’armadag’i’ obraz jasaw ma’seleleri.**

Konferenciya jobasi’n to’mendegishe du’ziwge boladi’:

**1. Kiris so’z.**

**2. Bayanat: S.Xojaniyazovti’n’ dramali’q shi’g’armalari’nda jaslar temasi’.**

**3. Bayanat: S.Xojaniyazov qaraqalpaq dramaturgiyasi’n rawajlandi’ri’wg’a salmaqli’ u’les qosqan talant iyesi.**

**4. Bayanat: S.Xojaniyazovti’n’ “Su’ymegenge su’ykenbe” dramasi’ni’n’ syujeti.**

**5. “Su’ymegenge su’ykenbe” dramasi’ tiykari’nda saxnali’q ko’rinis.**

**6. Ko’rkem woqi’w: Aysa’nem, Parshagu’l, A’wez, G’odalaq so’zleri, monologlari’.**

**7. Woqi’wshi’lardi’n’ shi’g’i’p so’ylewleri.**

**8. Dramaturgtin’ a’debiyattag’i’ worni’.**

**9. Juwmaqlaw.**

Usi’ joba boyi’nsha konferenciyani’ wo’tkeriw ushi’n barli’q na’rse ku’nnen buri’n tayarlanadi’. Bag’darlamada ko’rsetilip wo’tilgendey-aq islenetug’i’n jumi’slar ani’q belgilenedi. Konferenciya bolatug’i’n bo’lmege ko’rgizbe sho’lkemlestiriliwi kerek. Ko’rgizbenin’ birinshi bo’limi S.Xojaniyazovti’n’ shi’g’armalari’, dramaturgtin’ wo’mirine, do’retpelerine tiyisli bolg’an su’wretler, dramaturg haqqi’nda ayti’lg’an pikirler boli’wi’ lazi’m. Al ko’rgizbenin’ yekinshi bo’limin woqi’wshi’lardi’n’ do’retiwshilik isleri menen bezew kerek. Ma’selen, kitap woqi’wshi’lardi’n’ S.Xojaniyazovti’n’ shi’g’armalari’ tiykari’nda jazi’lg’an jazba jumi’slari’, pikirleri, ku’ndelikleri, albom, qosi’q, su’wretleri wori’n aladi’. S.Xojaniyazovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri boyi’nsha a’debiyat mug’allimi menen kitapxanashi’ ta’repinen wo’tkeriletug’i’n konferenciyalar da

woqi’wshi’lardi’n’ bilim ko’lemin rawajlandi’ri’wda u’lken a’hmiyetke iye. Bul konferenciyani’ wo’tkeriwdegi maqset klasstan ti’s woqi’w ushi’n usi’ni’lg’an dramali’q shi’g’armalardi’ ha’r ta’repleme tu’sinip ali’wg’a arnaladi’. Bul konferenciya to’mendegi usi’lda wo’tiledi:

Qaraqalpaq a’debiyati’ mug’alliminin’ qi’sqasha alg’i’ so’zi menen ashi’ladi’. Bunda mug’allim konferenciyani’n’ maqsetin tu’sindiredi. Woqi’wshi’lardi’ konferenciya talaplari’ menen tani’sti’radi’. Bunnan keyin konferenciyag’a tayarlang’an woqi’wshi’lar wo’zleri woqi’g’an kitaplari’ haqqi’nda so’ylep beredi. (Berdaq, Wo’tesh, Womar, A.Dabi’lov, S.Nuri’mbetov, T.Qayi’pbergenov, İ.Yusupov, S.Xojaniyazov, T.Ma’tmuratov h.t.basqalardi’n’ shi’g’armalari’). Konferenciyani’ woqi’w ji’li’ dawami’nda yeki yamasa u’sh ma’rte wo’tkerilse, soni’n’ birewin XIX a’sirdegi shayi’rlarg’a, birewin XX a’sirdegi qaraqalpaq shayi’r-jazi’wshi’larg’a arnawg’a boladi’.

Jazi’wshi’lardi’n’ wo’miri ha’m do’retpelerin u’yreniwde yesap beriw konferenciyasi’ da u’lken wori’ndi’ tutadi’. Bul konferenciya kitapxanashi’, a’debiyat mug’allimi ha’m klass basshi’si’ ta’repinen sho’lkemlestiriledi. A’debiyatshi’ mug’allim bul jumi’slardi’ wo’tkeriw arqali’ a’debiyattan alg’an bilimlerin ja’ne de rawajlandi’ri’wg’a ta’sir jasaydi’. Woqi’wshi’lar so’z ma’nisin teren’ tu’sinedi.

## II BAP. QARAQALPAQ A'DEBİYATI BOYINSHA KLASSTAN TIS JUMISLARDI WO'TKERİW ARQALI WOQIWSILARDIN' WO'Z BETİNSHE PİKİRLEW QA'BİLETİN JETİLİSTİRİW

Uluwma worta bilim beretug'i'n mekteplerde klasstan ti's ali'p bari'lg'an jumi's tu'rleri bari'si'nda woqi'wshi'lardi'n' wo'z betinshe pikirlew qa'biletin rawajlandi'ri'w yen' a'hmiyetli metodikali'q ma'selelerden yesaplanadi'. Bul ma'sele boyi'nsha belgili metodistler **Q.Yuldoshev**[31]**, B.Tuxliev**[32]**, Q.Husanboeva**[33]**, A'.Paxratdinov**[34]**lardi'n'** miynetlerinde bazi' bir pikirler ayti'lg'an.

Klasstan ti's ali'p bari'lg'an jumi's tu'rleri bari'si'nda woqi'wshi'lardi'n' wo'z betinshe pikirlew qa'biletin rawajlandi'ri'w ma'seleleri tiykarg'i' maqsetlerden yesaplanadi'. A'debiy keshe, klasstan ti's woqi'wdi', do'gerek jumi'slari'n wo'tkeriwde woqi'wshi'larg'a ha'r qi'yli' tapsi'rmalar beriledi. Sonli'qtan bunday tapsi'rmalardi' wori'nlawda jan'a pedagogikali'q texnologiyadan paydalani'w woqi'wshi'lardi'n' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n artti'radi'.

### II.1. QARAQALPAQ A'DEBİYATI BOYINSHA 5-9-KLASSLARDA KLASSTAN TIS WOQIWDI SHO'LKEMLESTİRİW

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde a'debiyat pa'ni boyi'nsha yen' a'hmiyetli metodikali'q ma'selelerdin' biri – bul klasstan ti's woqi'w. Bul ma'seleni a'melge asi'ri'w ushi'n klassta wo'tiletug'i'n materiallar menen ma'lim da'rejede baylani's kerek. Bul haqqi'nda metodistler ha'r qi'yli' ko'zqaras bildiredi. Belgili metodist A'.Paxratdinov: «**Mektepte wo'tiletug'i'n klasstan ti'sqari' woqi'wdi' qaraqalpaq a'debiyati' mug'allimi mu'mkinshiligi bolg'ansha klassta wo'tiletug'i'n sabaq penen baylani'sti'ri'p bari'w kerek»**[35],-dep metodikali'q pikirin bildiredi. Usi'g'an jaqi'n pikirlerdi metodist

---
[31] Қ.Йўлдошев. Ўқитувчи китоби. Методик қўлланма. Тошкент "Ўқитувчи", 1997 й.
[32] Б.Тўхлиев. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент, 2010 й.
[33] Қ.Ҳусанбоева. Адабиёт-маънавият ва мустақил фикр шакиллантириш омили. Тошкент, 2009 й.
[34] Ә.Пахратдинов. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, "Билим", 2004 ж.
[35] Ә.Пахратдинов Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 2004-жыл, 219-бет.

J.Pirniyazov: **«Mug’allim bag’darlamadag’i’ berilgen shi’g’armalardi’ sabaq bari’si’nda woqi’ti’w menen bir qatarda woqi’wshi’lardi’n’ bos waqti’nan wo’nimli paydalana biliwi ushi’n qosi’msha klasstan ti’s woqi’wg’a ha’r qi’yli’ usi’nadi’. Bul woqi’wshi’lardi’n’ bag’darlamadag’i’ berilgen ha’r bir shi’g’armani’ duri’s wo’zlestiriwine ha’m wolardi’n’ u’yindegi waqti’n miynetsiz bosqa wo’tkeriwine ja’rdemin tiygizedi.»[36],-** dep klasstan ti’s woqi’wdi’n’ a’hmiyetin ayti’p wo’tiwdi niyet yetken. Biraq bul pikirler klasstan ti’s woqi’wdi’ sho’lkemlestiriw, woni’ wo’tkeriw si’yaqli’ ma’selelerdi sheshe almaydi’. Metodistlerdin’ pikirlerin yesapqa ali’p 5-9-klasslarda klasstan ti’s woqi’wdi’n’ metodikali’q jaqtan wo’tiliw usi’llari’na di’qqat awdarg’andi’ maqul ko’rdik.

**2010-2011-oqi’w ji’li’ ushi’n tayarlang’an ha’m uluwma worta bilim beriw qaraqalpaq mekteplerine tarqati’lg’an a’debiyat pa’ninen ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’ ha’m woqi’w bag’darlamalari’ tiykari’nda 5-9-klass woqi’wshi’lari’na qosi’msha woqi’w ushi’n bir qansha a’debiy materiallar berilgen[37].**

**1. Sonnan 5-klass ushi’n a’debiy woqi’w pa’ni boyi’nsha** qosi’msha woqi’wg’a “Aldar ko’se”, “Muxtar ko’se ha’m Duxtar ko’se” ku’ldirgi a’n’gimeleri, “To’rt yerinshek” yertegi, “Sumli’g’i’ basi’na jetken tu’lki” yertegi, Berdaq shayi’rdi’n’ “Balam” qosi’g’i’, N.Japaqovti’n’ “Ba’ha’r” qosi’g’i’, S.Ma’jitovti’n’ “Woqi’wg’a kel” qosi’g’i’, B.Qayi’pnazarovti’n’ “Ko’k yemen” qosi’g’i’, İ.Yusupovti’n’ “Shi’nar sen qalaysha bir jerde turi’p …” shi’g’armasi’, A.A’bdievtin’ “Ji’lti’r monshaqli’ sharshi’”, “Badi’rayg’an yeki” gu’rrin’leri, S.Ismayi’lovti’n’ “Bizler bir u’yde jasaymi’z” povestinen u’zindi, Gans Kristian Anderson “Ole Lukoye” yertegi si’yaqli’ do’retpeler wori’n alg’an. Bizin’she bag’darlamani’ du’ziwshiler bul materiallardi’ an’sat g’ana sabaqli’qtan tawi’p woqi’ydi’. Klasstan ti’s woqi’w ushi’n bul berilgen materiallar besinshi klass

[36] Ж Пирниязов. Әдебий оқыў. 5-класс ушын методикалық қолланба. Нөкис, «Билим», 2003. 22-23-бетлер.
[37] Улыўма орта билим бериў мектеплеринде әдебият пәнинен Мәмлекетлик билимлендириў стандартлары ҳәм оқыў бағдарламалары. 5-9-класслар. Нөкис. 2010. 16-бет.

woqi’wshi’lari’ ushi’n jetkiliksiz. Sonli’qtan qosi’msha materiallar menen toli’qti’ri’lsa maqsetke muwapi’q boladi’.

**2.** 6-klass woqi’wshi’lari’na berilgen qosi’msha woqi’w ushi’n materiallarda besinshi klass woqi’wshi’lari’na berilgen temalar menen u’nles. Tili jag’i’nan ha’m jen’il, ha’m qi’zi’qli’ temalardan ibarat. Ko’binese bul materiallardi’n’ mazmuni’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na beriletug’i’n temalarg’a jaqi’nlap ketken. 6-klacc woqi’wshi’lari’na qosi’msha woqi’w ushi’n materiallar berilmey qalg’an. Biraq bul materiallar **6-klass woqi’wshi’lari’na a’debiyat boyi’nsha qosi’msha woqi’w** ushi’n jetkiliksiz. Bul bag’darlamani’ du’zgen avtorlardi’n’ itibarsi’zli’g’i’ ha’m metodikali’q sheberligi to’men yekenliginen derek beredi.

**3.** 7-klass woqi’wshi’lari’na qosi’msha woqi’w ushi’n ko’rkem a’debiyat boyi’nsha (gu’rrin’ wo’tkeriw ushi’n usi’ni’lg’an shi’g’armalardi’n’ dizimi) K.Ma’mbetovti’n’ “Posqan yel” romani’, T.Qayi’pbergenovti’n’ “Maman biy” a’psanasi’, İ.Yusupovti’n’ “Tumaris haqqi’nda”, “O’mirbek laqqi’”, I.Yesenberlinnin’ “Alti’n Worda”, T.Jumamuratovti’n’ “Makariya suli’w”, K.Raxmanovti’n’ “Wo’mirbek ha’m tazsha” shi’g’armalari’ berilgen. Bul temalar ayi’ri’m woqi’wshi’lardi’n’ jas wo’zgesheliklerine sa’ykes yemes. 7-klass woqi’wshi’lari’ K.Ma’mbetovti’n’ “Posqan yel” romani’, T.Qayi’pbergenovti’n’ “Maman biy” a’psana shi’g’armalari’ni’n’ mazmuni’na jeterli tu’sine almaydi’. Sebebi bul shi’g’armalardi’n’ syujeti ha’m kompozitsiyasi’ sheber quri’lg’an. obrazlar ha’m xarakterler sheberlik penen jasalg’an. Tariyxi’y da’wirge tu’siniw ushi’n da’slep usi’ da’wirdin’ tariyxi’y waqi’yalari’ menen tani’si’p shi’g’i’wi’ kerek. Woqi’wshi’lar bul talaplarg’a 7-klassta toli’q juwap bere almaydi’. Yekinshiden, 7-klass woqi’wshi’lari’na tani’s bolg’an a’debiyat bag’darlamasi’ tiykari’ndag’i’ do’retpelerdi woqi’wg’a usi’ni’wi’ lazi’m. Demek, bag’darlama avtorlari’ qi’yali’na ne kelse soni’ woqi’wshi’lardi’n’ aldi’na usi’na beriwi kerek yemes dep yesaplaymi’z. Bul do’retpelerdi 9-klass, kolledj, akademiyali’q litsey woqi’wshi’lari’na qosi’msha woqi’w ushi’n usi’ng’anda metodikali’q talaplarg’a juwap bergen bolar yedi.

**4. 8-klass woqi'wshi'lari'na qosi'msha woqi'w ushi'n a'debiy** shi'g'armalar berilmegen. Biraq yadlaw ushi'n Ku'nxojani'n' "Nege kerek?", "Yel menen", "Shopanlar", A'jiniyazdi'n' "Ayri'lsa", "Jaqsi'" – dep mug'allimnin' ko'rsetiwi boyi'nsha dep jazg'an. Ja'ne de yeskertiwsiz Berdaqti'n' "Xali'q ushi'n", "Jaqsi'raq", "Bu'lbil" (u'zindi), Wo'teshtin' "Qi'zlar", "Gu'lziyba", "Shermende", Womardi'n' "Ne payda", "Beremen", "Aytpasam bolmas", Gu'lmuratti'n' "Qayrawda jalg'i'z g'az" qosi'g'i', Alisher Nawayi'ni'n' "Farxad ha'm Shiyrin" (u'zindi), Abaydi'n' "Men jazbayman qosi'qti' yermek ushi'n" si'yaqli' do'retpelerdi usi'ng'an. Bul ko'rsetilgen do'retpeler woqi'wshi' ushi'n yadlaw ju'da' qi'yi'ng'a tu'sedi. Ma'selen Berdaqti'n' "Xali'q ushi'n" qosi'g'i', Wo'teshtin' "Shermende", Womardi'n' qosi'qlari' da uzi'n shubay berilgen. Sonli'qtan woqi'wshi'lar yadlap shi'g'i'wi' mu'mkin yemes. Ha'r bir qosi'q qatari'n yesapqa ali'p standart talaplari'na muwapi'q bes kupletpe yaki won kupletpe ani'q ko'rsetilip jazi'li'wi' kerek. 8-klass ushi'n qosi'msha woqi'w ushi'n materiallardi' avtorlar qayta ko'rip shi'qpasa maqsetke muwapi'q bolmaydi'.

**5. 9-klass woqi'wshi'lari'na qosi'msha woqi'w ushi'n** materiallar berilmegen. Yadlaw ushi'n bir neshe shi'g'armalar usi'ni'lg'an. Bulardi'n' ishinde S.Xojaniyazovti'n' "Su'ymegenge su'ykenbe?" komediyasi', K.Sultanovti'n' "A'jiniyaz" romani'nan u'zindi yadlaw dep beriliwi tu'sinikli. Woqi'wshi'lar belgili wo'lshemde ko'rkem shi'g'armalardan u'zindi yadlawi' lazi'm. Usi' ko'z qarastan qarag'ani'mi'zda 5-9-klasslar ushi'n 2010-2011-oqi'w ji'li' islenip shi'qqan a'debiy bag'darlamasi'nda berilgen klasstan ti's woqi'w ushi'n materiallar qayta ko'rilip shi'g'i'li'wi' lazi'm.

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde klasstan ti's jumi'slar woqi'wshi'lardi'n' a'debiyat boyi'nsha bilimin bekkemleydi. Sonday-aq woqi'wshi'ni'n' sana-seziminin' uluwma rawajlani'wi'na, a'debiy bilimleri boyi'nsha tu'siniklerinin' ken'eyiwine tikkeley ta'sir yetedi.

Klasstan ti's jumi'slardi'n' bir tu'ri - bul klasstan ti's woqi'w boli'p yesaplanadi'. Bul ma'selenin' a'hmiyetli ta'replerine belgili metodistler

Q.Yuldoshev, Wo.Madaev, A.Abdurazzoqovlardi'n' metodikali'q qollanbalari'nda pikirler ayti'lg'an. Biraq ayi'ri'm metodistler ko'rkem woqi'wdi' a'debiy do'gerek jumi'si'ni'n' bir tu'ri si'pati'nda qaraydi'. "**Ifodali o'qish to'garagiga ko'proq 5-9-sinf o'quvchilarini jalb qilish tajribasi. Yuqori sinf o'quvchilaridan esa o'ta qiziquvchilarni to'garakka taklif qilish. To'garakning asosiy maqsadi o'quvchilarga badiyiy asarni to'g'ri o'qiy olishini o'rgatish"**[38],- dep ko'rkem woqi'w do'gerek jumi'si'ni'n' maqsetin belgilep wo'tedi. Wo'zbek a'debiyati'ni'n' metodistleri **K.Oripov, M.Obidovalar** ko'rkem woqi'wdi'n' tariyxi'na, a'debiy janrlardi' ko'rkem woqi'wdi'n' wo'zgesheliklerine ayri'qsha itibar qaratqan[39]. Qaraqalpaq a'debiyati'n woqi'ti'w metodikasi' boyi'nsha izertlewshi **prof. A'.Paxratdinov "klasstan ti'sqari' woqi'w"**[40] - dep qaraydi'. Al mekteplerdegi a'debiyat bag'darlamasi'nda 5-klasstan baslap 9-klassqa shekem klasstan ti's woqi'w ushi'n saatlar aji'rati'lg'an. Usi' klasslarda bilim ha'm ta'rbiya ma'selelerin sheshiwde klasstan ti's woqi'wdi' sho'lkemlestiriw ha'm woni'n' mazmuni' u'lken a'hmiyet atqaradi'.

5-9-klasslarda klasstan ti's woqi'wdi'n' maqseti:

1. Klassta wo'tilgen woqi'w sabaqlari' ha'm sonday-aq basqa sabaqlar boyi'nsha alg'an bilimlerdi ken'eytiw ha'm teren'lestiriw.
2. Kitapxanadan kerekli kitapti', al kitaptan kerekli materiallardi' taba biliwge u'yretiw.
3. Kitap woqi'wg'a qi'zi'g'i'wshi'li'qti' ha'm ha'reketshen'likke ta'rbiyalaw.
4. Kitap u'stinde wo'z betinshe islew, uqi'pli'li'g'i'n jetilistiriw.
5. Woqi'wshi'lardi'n' jeke qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n artti'ri'w boli'p tabi'ladi'.

Woqi'wshi'lardi'n' kitap penen wo'z betinshe is ali'p bari'w ko'nlikpelerin boldi'ri'w ushi'n 5-9-klasslarda klasstan ti's woqi'w sabaqlari'na belgilengen saat waqi't aji'rati'lg'an. Klasstan ti's woqi'w sabaqlari'nda mug'allim da'slep bir ha'pte ishinde woqi'wshi'lardi'n' nelerdi woqi'g'anli'g'i'n ha'm qalay

---

[38] **Қ.Йўлдошев, О.Мадаев, А.Абдураззоқов. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент-1994. 89-бет.**
[39] **К.Орипов, М.Обидова. Ифодали ўқиш. Тошкент, "Ўқитувчи" 1994. 136-бет.**
[40] **Ә.Пахратдинов. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, "Билим" 2004. 219-бет.**

woqi'g'anli'g'i'n tekseredi. Woqi'lg'an shi'g'armalar boyi'nsha gu'rrin' wo'tkeredi, bunnan son'g'i' ha'ptede klasstan ti's nelerdi woqi'ytug'i'nli'qlari'n ayti'p tapsi'rma beredi. Klasstan ti's woqi'w ushi'n usi'ni'latug'i'n materiallar mu'mkin bolg'ani'nsha klassta woqi'w sabaqlari'nda wo'tilgen materiallar menen logikali'q tu'rde ti'g'i'z baylani'sqan boli'wi'na itibar beriw sha'rt. Buni'n' wo'zi woqi'wshi'lardi'n' klassta alg'an bilimlerin ken'eytiw ha'm teren'letiw menen birge woqi'wdi' turmi's penen baylani'sti'ri'wg'a ha'm balani'n' woy-wo'risin ken'eytiwge ja'rdem yetedi. Sonli'qtan 5-9-klasslardi'n' a'debiyat pa'ninin' mug'allimleri woqi'wshi'larg'a i'layi'qli' bolg'an ko'rkem a'debiyatlardi'n', gazeta-jurnaldag'i' materiallardi'n' dizimin aldi' buri'n ani'qlap ali'wlari' lazi'm. Sonday-aq, woqi'wshi'larg'a i'layi'qli' bolg'an ha'r tu'rli kerekli materiallardi' gazeta-jurnallardan qi'yi'p ali'p, albom jasap, wonnan paydalani'w jumi'slari' da maqsetke muwapi'q keledi.

**Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde a'debiyat pa'ninen ma'mleketlik bilimlendiriw standartlari' ha'm woqi'w bag'darlamalari'nda**[41] 5-9-klass woqi'wshi'lari'na klasstan ti's woqi'w temalardi' woqi'wdi' usi'nadi'. Materiallar besinshi klass woqi'wshi'lari' ushi'n jetkiliksiz. Sonli'qtan qosi'msha materiallar menen toli'qti'ri'lsa maqsetke muwapi'q boladi'. 2010-ji'li' ushi'n du'zilgen a'debiyat bag'darlamasi'na klasstan ti's woqi'w ushi'n to'mendegi ko'rkem shi'g'armalardi' usi'ni'wdi' maqul ko'rdim:

**V klass**

**1. Sun'qar (rus xali'q yertegi)**

**2. Alti'n g'arbi'z (wo'zbek xali'q yertegi)**

**3. Iyt ha'm qasqi'r (belorus xali'q yertegi)**

**4. Gu'l wo'sire almag'an bala (koreya xali'q yertegi)**

**5. B.Qayi'pnazarov "Yeki ayaz" shi'g'armasi'**

**6. S.Nuri'mbetov "Tu'lkishek"**

**7. A'.Shamuratov "Menin' jolbari'slar menen joli'g'i'si'wlari'm"**

---

[41] **Улыўма орта билим бериў мектеплеринде әдебият пәнинен мәмлекетлик билимлендириў стандартлары ҳәм оқыў бағдарламалары. 5-9-класслар. Нөкис-2010.**

**8. M.Seyitniyazov "Jigirma yeki"**

**9. Sh.Aytmatov "Yerte kelgen ti'rnalar"**

**10. I.Yusupov "Sho'girme" qosi'g'i'**

**11. T.Qabulov qosi'qlari'**

**12. T.Ma'tmuratov "Aq terekpe, ko'k terek"**

**VI klass**

**1. Aqi'lli' qi'z (qaraqalpaq xali'q yertegi)**

**2. Sherzad ha'm Guli (wo'zbek xali'q yertegi)**

**3. Jarti' qulaq (tu'rkmen xali'q yertegi)**

**4. Ivan aqmaq (rus xali'q yertegi)**

**5. T.Jumamuratovti'n' Qa'siyetli ga'whar tas ha'm aqi'lli' shopan haqqi'nda yertek**

**6. A.S.Pushkin "Wo'lgen xan qi'zi' menen jeti bati'r tuwrali' yertek"**

**7. N.Da'wqaraev "Wo'limdi pisent yetpewshiler"**

**8. S.Nuri'mbetov "Farxad"**

**9. M.Seyitniyazov "Watan gedayi'"**

**10. Sh.Aytmatov "A'skerden qalg'an tuyaq"**

**11. P.Bekimbetov "Wo'mir joli'nda"**

**12. T.Qayi'pbergenovti'n' povestleri**

**13. Sh.Seyitov "Ko'p yedi ketken ti'rnalar" povesti**

**VII klass**

**1. Qaraqalpaq xali'q yertekleri**

**2. Qaraqalpaq xali'q naqi'l-maqallari'**

**3. "Qi'ri'q qi'z" da'stani'**

**4. "Alpami's" da'stani'**

**5. "Yedige" da'stani'**

**6. "Qoblan" da'stani'**

**7. "Ma'spatsha" da'stani'**

**8. Yusup Has Haji'bti'n' "Baxi'tqa baslawshi' bilim"**

**9. Axmed Yugnakiydin' "Haqi'yqatlar si'yli'g'i'"**

**10. "Qalila ha'm Dimna" shi'g'armasi'**

**11. "Qabusnama" shi'g'armasi'**

**12. Jiyen Ji'rawdi'n' terme tolg'awlari'**

**13. Ku'nxojani'n' qosi'qlari'**

**14. A'jiniyazdi'n' qosi'qlari'**

**15. Berdaqti'n' qosi'qlari'**

**16. Saadiy "Gu'listan"**

**17. Imam Islam al-Buxariy "Ha'disleri"**

**18. Al-Xorezmiy "Ilimler gilti"**

**19. Al-Beruniy "Ata-babalardan qalg'an yestelikler"**

**20. Zamaxshariy "A'debiyat yestelikleri" shi'g'armalari'**

**VIII klass**

**1. "G'a'rip ashi'q" da'stani'**

**2. "Sayatxan Hamra" da'stani'**

**3. Ku'nxojani'n' qosi'qlari'**

**4. Wo'teshtin' qosi'qlari'**

**5. Womardi'n' qosi'qlari'**

**6. Gu'lmurat qosi'qlari'**

**7. Sari'bay qosi'qlari'**

**8. Annaqul qosi'qlari'**

**9. A.Nawayi' "Xamsa"**

**10. Maqti'mquli' qosi'qlari'**

**11. Abay qosi'qlari'**

5-9-klasslarda klasstan ti's woqi'w ushi'n berilgen materiallardi'n' mazmuni', ideyali'li'g'i' ha'm ko'lemi jag'i'nan sa'ykes keletug'i'n qosi'qlardi' yadlati'w, wolardi' deklomatsiya (taqmaqlap) ha'm xor yetip ayti'p beriw de u'lken a'hmiyetke iye. Bunday jumi'slardi' klasstan ti's jumi'slardi'n' waqti'nda wo'tkergen maqul. Klass woqi'wshi'lari'ni'n' ko'rkem shi'g'armalardi'

woqi'wdag'i' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n artti'ri'w maqsetinde klass kitapxanasi'n sho'lkemlestiriwge ayri'qsha kewil bo'liw kerek. Woqi'wshi'lar wo'zlerinin' woqi'p shi'qqan kitaplari'n tapsi'rsa, sol arqali' klass kitapxanasi'ni'n' fondi'n ko'beytiwge boladi'. Bul iske ata-analardi'n' da kewilin awdari'w kerek. Klass kitapxanasi'nda bolg'an kitaplardi' ha'm wonnan paydalani'wdi' a'dette dizimge ali'p bari'w ja'ne xoshametlew lazi'm.

Mug'allim klasstan ti's woqi'w sabag'i'ni'n' bolatug'i'n ku'nin ha'm waqi'ti'n woqi'wshi'larg'a bir neshe ku'n buri'n yeskertkeni maqul. Woqi'wshi'larg'a wo'zleri woqi'p kelgen kitaplari'n klassqa ali'p keliwlerin yeskertip wo'tedi.

Mug'allim klassqa kirgennen keyin woqi'wshi'larg'a bu'gingi sabaqta wolardi'n' woqi'p kelgen kitaplari' jo'ninde gu'rrin' wo'tkere jag'i'n aytadi'. Ali'p kelgen ko'rkem shi'g'armalari'n partani'n' u'stine shi'g'ari'p teris awdari'p qoyi'wlari'n usi'nadi'. Bunnan son' a'debiyatshi' mug'allim woqi'wshi'lardi'n' u'yde kim qanday ko'rkem shi'g'arma woqi'g'anli'g'i'n sorap ani'qlay baslaydi'.

**Mug'allim**: - Qa'ne Islambek sen qanday ko'rkem shi'g'arma woqi'di'n'?

**İslambek**: - Men T.Qayi'pbergenovti'n' "Sekretar" povestin woqi'p keldim.

**Mug'allim**: - Bul do'retpe qaysi' da'wirdegi waqi'yalardi' su'wretleydi?

**İslambek:** - Ulli' watandarli'q uri's ji'llari'ndag'i' qaraqalpaq xalqi'ni'n', jas balalardi'n' sol ji'llardag'i' turmi'si' haqqi'nda bayan yetedi.

**Mug'allim: - Tazagu'l sen qaysi' do'retpelerdi woqi'di'n'?**

**Tazagu'l:** - I.Yusupovti'n' "Gilemshi hayal haqqi'nda haqi'yqatli'q" poemasi'n qi'zi'g'i'wshi'li'q penen woqi'p shi'qti'm. Shi'g'arma mag'an ju'da' unadi'.

**Mug'allim: - Shi'g'armada qanday tema su'wretlenedi?**

**Tazagu'l: -** XIX a'sirdin' aqi'rlari'ndag'i' tu'rkmen hayal-qi'zlari'ni'n' turmi'si' tuwrali' waqi'yalar do'retpede su'wretlenedi. Bir tu'rkmen qi'zi' a'jayi'p gilem toqi'ydi'. Woni'n' toqi'g'an gilemleri haqqi'nda xan yesitip, woni' sarayg'a

aldi’radi’. Xan wog’an zuli’mli’q isleydi. Qi’z xan ushi’n gilem toqi’wdan bas tartadi’. Aqi’betinde qi’zdi’ zindang’a taslaydi’.

**Mug’allim:** - Tursi’ngu’l, sen qaysi’ ko’rkem shi’g’armani’ woqi’di’n’?

**Tursi’ngu’l:** - Sh.Seyitovti’n’ “Ko’p yedi ketken ti’rnalar” povestin woqi’p shi’qti’m. Shi’g’arma uri’sqa ketken jawi’ngerlerdin’ turmi’si’nan ali’ng’an. Jas balalardi’n’ uri’s aqi’betinen jetim qali’wlari’ su’wretlenedi. Shi’g’armadag’i’ waqi’yalar Petka tilinen bayanlanadi’.

Solay yetip mug’allim woqi’wshi’larg’a bir-yeki soraw beriw arqali’ qanday shi’g’armalar woqi’g’ani’n, woqi’g’an shi’g’armalari’ni’n’ mazmuni’n qalay wo’zlestirgenin ani’qlap aladi’. A’debiyatshi’ mug’allim woqi’wshi’lardi’n’ klasstan ti’s woqi’g’an kitaplari’ jo’ninde qi’sqasha gu’rrin’ wo’tkerip klass da’pterine bahalar qoyadi’, geypara woqi’wshi’lardi’ xoshametleydi ha’m yendigi bolatug’i’n klasstan ti’s woqi’wg’a usi’ni’lg’an qosi’qlardi’n’ atlari’n ayti’p, geypara woqi’wshi’larg’a a’debiy kitaplar beredi.

Klasstan ti’s woqi’w sabag’i’nda ko’rkem woqi’wdi’n’ talaplari’na ayri’qsha itibar qarati’li’wi’ lazi’m. Ko’rkem woqi’wdi’n’ wo’z aldi’na qoyatug’i’n maqseti - ko’rkem shi’g’armani’n’ so’z wo’neri yekenligin tani’ti’w, woni’n’ barli’q ideyali’q ko’rkemlik si’pati’n tu’sindiriwge u’yretiwden ibarat. Sonli’qtan da a’debiy shi’g’armani’ da’slepki woqi’wda mug’allim woqi’wshi’larg’a u’lgi bolarli’q tu’sinikli, ta’sirli woqi’wi’ lazi’m. Ayi’ri’m jag’dayda shi’g’arma yekinshi ret qaytalani’p woqi’li’wi’ da mu’mkin. Bunda mug’allim wo’tilip ati’rg’an shi’g’armani’n’ mazmuni’n woqi’wshi’lardi’n’ yadi’nda qaldi’ri’w, bekkemlew si’yaqli’ maqsetlerdi go’zleydi. Woqi’w da’wirinde shi’g’armani’n’ tu’siniksiz wori’nlari’ tu’sindiriledi. Tekstke tu’sindiriw beriledi. Shi’g’arma u’shinshi ret te woqi’ladi’. Biraq bul shi’g’armani’ tallawdan keyin g’ana ju’rgiziledi. Bug’an ko’lemli jag’i’n, ko’lemli shi’g’armalardi’n’ qi’zi’qli’ ha’m mazmunli’ bo’limleri tan’lani’p ali’nadi’. Bul arqali’ mug’allim wo’z woqi’wshi’lari’n yadlani’wg’a tiyisli tekstlerdi toli’q ug’i’ni’wg’a tayarlaydi’.

Klasstan ti’s woqi’w boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n sabaqti’n’ yen’ basli’ sha’rtlerinin’ biri ko’rkem woqi’w. Woqi’wshi’lar ko’rkem tekstti ta’sirli woqi’p, u’yreniwge a’detleniw maqsetinde de wo’tilgen materialdi’ bekkemlew maqseti menen de woqi’wi’ mu’mkin. Bulardan basqa da ko’plegen maqsetler bar. Wolardi’n’ ishinen woqi’g’ani’nan wo’z tu’singenin so’ylep beriw, tekstke joba jazi’w, til ko’rkemligin ani’qlaw si’yaqli’ talaplardi’ yeskertiw lazi’m. Woqi’wshi’lardi’n’ tekstti woqi’w usi’llari’ mi’naday metodikali’q talaplarg’a juwap beriwi kerek: Klasstan ti’s woqi’wg’a berilgen ko’rkem shi’g’armalardi’n’ tekstin ko’rkem woqi’w ushi’n to’mendegi talaplardi’ yesapqa ali’wi’ kerek.

1. Woqi’ti’wshi’ ani’q so’ylewi, barli’q klass woqi’wshi’lari’na jeterli, tu’sinikli so’ylewi, stil ha’m orfografiyali’q jaqtan duri’s so’ylewi talap yetilip, wol wo’z so’zine u’zliksiz di’qqat awdari’p bari’w lazi’m. Woni’n’ so’ylegen so’zleri woqi’wshi’lar ushi’n u’lgi boli’wi’ kerek.

2. Klasstan ti’s woqi’w sabaqlari’nda woqi’wshi’lardi’n’ so’ylegen so’zlerine di’qqat awdari’p, wolardi’n’ so’zdi duri’s ayti’wi’na jol ko’rsetip, kemshiliklerin du’zetip, ani’q ha’m ta’sirli woqi’wi’na ha’m so’ylewine itibar qarati’ladi’.

Klasstan ti’s woqi’wda ko’rkem shi’g’armalardi’ ko’rkem woqi’wdi’n’ yen’ basli’ sha’rtlerinen biri - bul dawi’sti’n’ ha’r tu’rli qubi’li’slari’ arqali’ a’debiy shi’g’armalardi’n’ ideyali’q-emotsiyali’q si’pati’n teren’ ashi’p beriwden ibarat. Shi’g’armani’ woqi’wda metodistlerdin’ ko’rsetiwi boyi’nsha intonatsiyani’n’ mi’naday tu’rlerine di’qqat awdari’w talap yetiledi: Teksttin’ xarakterine baylani’sli’ woqi’wda dawi’sti’ ko’teriw yamasa pa’sletiw, ku’sheytiw mu’mkin. Bul qubi’li’sti’ ha’r bir shi’g’armani’n’ janrli’q wo’zgesheligi talap yetedi.

Klasstan ti’s woqi’wg’a berilgen ko’rkem shi’g’armalar boyi’nsha woqi’wshi’lardi’ ko’rkem woqi’wg’a u’yretiw maqsetinde texnikali’q qurallardan paydalang’an duri’s boladi’. Ertek, gu’rrin’, dramali’q shi’g’armalardi’n’ qalay woqi’li’wi’ kerekligi jo’ninde magnitofon plyonkasi’na jazdi’ri’li’p ali’ng’an tekstlerdi woqi’wshi’larg’a yesittirgen maqul boladi’. Solay yetip klasstan ti’s

woqi’w arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ a’debiyat pa’nine bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ha’m tu’sinigin artti’ra alami’z.

## II.2. QARAQALPAQ A’DEBİYATI BOYINSHA KO’RGİZBE MU’YESH, DIYWALI GAZETA HA’M JURNALLAR SHO’LKEMLESTIRIW

Woqi’wshi’lardi’n’ a’debiyatqa qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w maqsetinde klasstan ti’s jumi’slardi’n’ yele izertlenbey ati’rg’an bir tu’ri – bul **ko’rgizbe mu’yesh** boli’p tabi’ladi’. Bul jumi’s tu’rin a’melge asi’ri’wdi’n’ metodikali’q ta’replerine di’qqat awdari’p ha’m izertlep wo’tkenimiz maqul.

Ko’rgizbe mu’yeshti sho’lkemlestiriwdin’ maqseti: 5-9-klass woqi’wshi’lari’n qaraqalpaq a’debiyati’ pa’nine bolg’an su’yiwshiligin ku’sheytiw.

Woqi’wshi’larg’a ha’r bir pa’n mug’allimi a’debiyat bag’darlamasi’ tiykari’nda qatnas jasap, wolarg’a belgili ko’rkem shi’g’armalardi’ qayta woqi’p keliw, jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ do’retpeleri boyi’nsha albomlar du’zetip keliw, ko’rkem do’retpelerdin’ mazmuni’ tiykari’nda ha’r qi’yli’ ko’rinistegi su’wretler sali’p keliw juwapkershilik penen tapsi’ri’ladi’. Bul jumi’sti’ tapsi’ri’w a’debiyatshi’ mug’allimnin’ juwapkershiligi ha’m sheberligi na’tiyjesinde iske asadi’. Birinshiden a’debiyatshi’ mug’allim bag’darlama materiallari’n tu’sinip ha’m toli’q woqi’p shi’g’i’p jumi’sqa kirisiwi lazi’m. Yekinshiden ha’r bir klassti’n’ jas wo’zgesheliklerin yesapqa ali’wi’, soni’n’ menen birge wolardi’n’ pa’nge qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’n yesapqa ali’wi’ kerek.

Ko’rgizbe mu’yesh wo’tkeriw usi’llari’ mug’allimnin’ metodikali’q sheberlikleri arqali’ a’melge asi’ri’li’p baradi’. Sonli’qtan qaraqalpaq a’debiyati’ bag’darlamasi’ tiykari’nda tematikali’q, uluwma temalarg’a baylani’sli’ ko’rgizbe mu’yesh sho’lkemlestiriw woqi’wshi’lar ushi’n ko’p paydali’ na’rselerdi beredi.

Bag’darlama tiykari’nda ko’rgizbe mu’yesh sho’lkemlestiriw – bul sol klassqa sabaq beriwshi a’debiyatshi’ mug’allim arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. 7-klass woqi’wshi’lari’na to’mendegi tapsi’rmalar beriledi:

- Qaraqalpaq folklori’;
- Qaraqalpaq folklori’n atqari’wshi’lar;
- Ayti’slar: Qi’z-jigitler ayti’si’, juwap ayti’si’;
- Da’stanlar ha’m woni’n’ tu’rleri;
- “Yedige” da’stani’. Da’stanni’n’ temasi’ ha’m obrazlari’;
- “Qi’ri’q qi’z” da’stani’. Da’standag’i’ obrazlar;
- Orxon-Enisey, Avesto, Kodekus-Kumanikus jazba yestelikleri;
- Qorqi’t ata yesteligi, Xoja Axmet Yassawiy do’retiwshiligi;
- Yusup Has Haji’bti’n’ “Baxi’tqa baslawshi’ bilim” do’retpesi;
- Axmet Yugnakiydin’ “Haqi’yqatlar si’yli’g’i’” do’retpesi;
- Jiyen ji’rawdi’n’ “Posqan yel” tolg’awi’;
- Ku’nxojani’n’ “Yel menen”, “Nege kerek” qosi’qlari’;
- A’jiniyazdi’n’ “Ayri’lsa”, “Kerekti” qosi’qlari’;
- Berdaqti’n’ “Qashan ra’ha’tlanadursan” qosi’g’i’;
- Saadiydin’ “Gu’listan” da’stani’;
- Al Beruniydin’ “Ata-babalardan qalg’an yestelikler” h.t.b. tapsi’rmalar usi’ bag’darda ayti’ladi’.

8-klass woqi’wshi’lari’ a’debiyat bag’darlamasi’ tiykari’nda to’mendegi temalar beriliwi kerek:

- “Qoblan” da’stani’ ha’m woni’n’ syujeti;
- “Ma’spatsha” da’stani’ ha’m woni’n’ qaharmanlari’;
- Ku’nxojani’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi;
- A’jiniyazdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi;
- Berdaq shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi;
- Wo’tesh shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi;
- Womar shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi;
- “G’a’rip-ashi’q” ha’m “Go’rug’li’” da’stanlari’;
- Gu’lmurat shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retpesi;

- Sari’bay shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi;
- Si’di’q shayi’rdi’n’ do’retpeleri;
- Annaqul shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retpesi;
- Alisher Nawayi’ni’n’ do’retiwshiligi;
- Maqti’mquli’ni’n’ do’retpeleri;
- Abay shayi’rdi’n’ do’retpeleri;
- Jan’abay shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;

9-klass woqi’wshi’lari’na to’mendegi temalar beriledi:

- Qazi’ Ma’wliktin’ do’retpeleri;
- A.Muwsaevti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- S.Majitovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- N.Da’wqaraevti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- A.Dabi’lovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- S.Nuri’mbetovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- A’.Shamuratovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- J.Aymurzaev do’retiwshiligi;
- T.Qayi’pbergenovti’n’ do’retiwshiligi;
- I.Yusupovti’n’ do’retiwshiligi;
- T.Jumamuratov do’retiwshiligi;
- U.Pirjanovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- T.Ma’tmuratovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- K.Raxmanovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- Sh.Seyitovti’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- G.Yesemuratovani’n’ do’retiwshiligi;
- S.Baxadi’rovani’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri;
- T.Qabulovti’n’ poeziyasi’;
- S.Niyetullaevti’n’ do’retiwshiligi;
- Wo.A’bdiraxmanovti’n’ do’retiwshiligi;

- M.Ni’zanovti’n’ do’retiwshiligi.

7-9-klass woqi’wshi’lari’na ko’rgizbe mu’yeshtin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’ tu’sindiriledi. Wolar bir yaki yeki ay ishinde berilgen temalar boyi’nsha albom, bukletler, su’wretler du’zetip keledi. Wolardi’n’ tayarlap kelgen jumi’slari’ boyi’nsha juwmaq jasaladi’. Yen’ jaqsi’ islengen jumi’slar mug’allim ta’repinen bahalani’p, wolarg’a bahalar qoyi’lsa maqsetke muwapi’q boladi’. Sebebi woqi’wshi’lar wo’z miynetleri arqali’ alg’an bahalari’ menen maqtani’p ju’riwi mu’mkin. Solay yetip, ko’rgizbe mu’yeshtin’ a’hmiyeti to’mendegilerden ibarat:

- Woqi’wshi’lardi’n’ bag’darlamada berilgen materiallardi’ teren’ ha’m tu’sinip wo’zlestiriwi ushi’n paydali’ ta’repleri ko’p;
- Berilgen tapsi’rmalardi’ wori’nlaw bari’si’nda sol shayi’r ha’m jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshiligin ko’birek woqi’wi’na ma’jbu’r boladi’;
- Berilgen temalar boyi’nsha su’wretler, albom ha’m bukletler tayarlap keliwi wolardi’n’ a’debiyatqa bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n woyatadi’;
- Woqi’wshi’lar ta’repinen tayarlani’p kelgen tapsi’rmalar mug’allim ushi’n ko’rsetpeli qural boli’p xi’zmet yetedi.

Sonday-aq, klasstan ti’s jumi’sti’n’ bul tu’ri – woqi’wshi’lardi’n’ a’debiyatqa bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ku’sheytip qalmastan, a’debiyat bo’lmesinin’ bezeliwine ha’m ko’rsetpeli qurallar menen bayi’ti’li’wi’na ko’p na’tiyjeler beredi. Sonli’qtan a’debiyatshi’ mug’allimler bunday jumi’slardi’ sabaq bari’si’nda yemes, klasstan ti’s waqi’tlari’ tez-tez wo’tkerip tursa maqsetke muwapi’q boladi’.

Uluwma bilim beretug’i’n mekteplerde diywali’ gazeta ha’m jurnal yen’ kerekli metodikali’q jumi’slardan yesaplanadi’. **Diywali’ gazeta** – bul mekteptin’ turmi’si’ndag’i’ ju’z berip ati’rg’an jan’ali’qlar, a’debiy jan’ali’qlar, woqi’wshi’lar ta’repinen jazi’lg’an ha’r qi’yli’ temalardag’i’ maqalalari’, gu’rrin’leri, qosi’qlari’ tuwrali’ mag’li’wmat beretug’i’n a’debiy do’retiwshilik woray yesaplanadi’.

Diywali’ gazeta mazmuni’na ha’m wazi’ypalari’na i’layi’q yeki bag’darda shi’g’ari’li’wi’ lazi’m. Birinshisi, tariyxi’y sa’nelerge baylani’sli’ (“G’a’rezsizlik ku’ni”, “Mug’allimler ha’m ta’rbiyashi’lar ku’ni”, Jan’a ji’l bayrami’na, Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ til ni’zami’, Konstitutsiya ku’ni) shi’g’ari’li’wi’ mu’mkin. Yekinshi bag’darda mektep turmi’si’ndag’i’ temalar, den-sawli’q, tazali’q, ta’rtip, a’dep-ikramli’li’q, woqi’wshi’lardi’n’ unamsi’z is-ha’reketlerine baylani’sli’ satirali’q ha’m yumorli’q qosi’qlar, gu’rrin’ler shi’g’ari’ladi’. Bul haqqi’nda belgili metodist A’.Paxratdinov: “Diywali’ gazetada a’debiy krujokti’n’ ta’jiriybeleri, mekteptegi sport, den-sawli’q ma’seleleri, mekteptegi qa’te-kemshilikler haqqi’nda boladi’. Diywali’ gazeta shama menen to’mendegidey bo’limlerden turadi’: **1) Bas maqala. 2) Bizin’ mektebimizdin’ ku’ndelikleri. 3) Yumor beti. 4) A’debiy bet. 5) Sport. 6) Pochta yashigi.”**[42] - dep diywali’ gazetag’a beriletug’i’n temalar tuwrali’ metodikali’q ko’rsetpe beredi. Biz bul metodikali’q pikirlerdi qollay woti’ri’p, woni’ basqasha formada diywali’ gazetani’ sho’lkemlestirgen maqul dep yesaplaymi’z. 1. Mektep turmi’si’. 2. Lirika beti. 3. Proza beti. 4. Satirali’q ha’m yumorli’q qosi’qlar – dep diywali’ gazetag’a wori’n belgilesek maqsetke muwapi’q boladi’. Wo’ytkeni, joqari’dag’i’ ilimpazdi’n’ aytqan pikirleri basshi’li’qqa ali’nadi’. Wo’ytkeni a’debiyat boyi’nsha shi’g’ari’latug’i’n diywali’ gazeta – mekteptin’ turmi’si’, woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti, u’lgeriw ma’selesi, ma’deniyatli’ so’ylew, a’debiyatti’ tu’sinip woqi’w, jalqaw, keshigiwler tuwrali’ so’z yetiledi. Gazeta izbe-iz shi’g’ari’li’p juwmag’i’ tiyisli wori’nlarda qarali’p woti’radi’. Al bunnan basqa a’debiyat boyi’nsha do’gerek ag’zalari’ni’n’ sho’lkemlesken worayi’ boli’p xi’zmet yetetug’i’n diywali’ gazeta da boli’wi’ mu’mkin. Gazetani’n’ atamasi’ do’gerek ag’zalari’ni’n’ woylasi’g’i’ menen qoyi’li’wi’ ha’m ha’r qi’yli’ mazmunda qurali’wi’ mu’mkin. Ma’selen, a’debiyatti’n’ a’hmiyetli ma’seleleri, a’debiyatqa baylani’li’ ha’r qi’yli’ temada krossvord, woyi’n, tapsi’rma, soraw, a’debiyat haqqi’nda ali’mlardi’n’ pikirleri,

---

[42] **Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. “Билим”, 1992. 288-бет.**

shayi’rlardi’n’ qosi’qlari’, woqi’wshi’lardi’n’ do’retpeleri, naqi’l-maqallar si’yaqli’ temalardi’ wo’z ishine ali’wi’ mu’mkin. Bunda diywali’ gazeta arnawli’ shi’g’ari’ladi’.

Sonli’qtan diywali’ gazetani’ to’mendegi tematikag’a bo’lgenimiz maqul:

1. Ha’r ayda shi’g’ari’li’p turatug’i’n “Jas a’debiyatshi’” diywali’ gazetasi’.

2. Sa’nege baylani’sli’ shi’g’ari’latug’i’n diywali’ gazeta.

“A.Dabi’lov - lirik shayi’r”, “İ.Yusupov - 80 jasta”, “T.Qayi’pbergenov - xali’q jazi’wshi’si’”, “T.Qabulov - lirik shayi’r”, “A’jiniyaz - qaraqalpaq klassik poeziyasi’ni’n’ maqtani’shi’” si’yaqli’ temalarda diywali’ gazetalar shi’g’ari’ladi’. Bul ji’l dawami’nda wo’zgertilmey turi’li’wi’ lazi’m. Na’tiyjede woqi’wshi’lardi’n’ a’debiyatqa qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ artadi’.

Mektepte a’debiyatqa baylani’sli’ a’debiy jurnal yeki ayda bir ma’rte shi’g’ari’li’wi’ kerek. Bul jurnaldi’ a’debiyatshi’ mug’allimler menen birgelikte do’gerek ag’zalari’ woylasi’p to’mendegi mazmunda sho’lkemlestiredi:

I bo’lim. Poeziya. II bo’lim. Proza. III bo’lim. Drama. IV bo’lim. Si’n maqalalar.-dep bo’limlerge aji’ratqani’ maqul.

Jurnaldi’n’ aldi’na qoyg’an maqseti: woqi’wshi’lardi’n’ do’retiwshilik uqi’bi’n artti’ri’w.

A’debiyatqa baylani’sli’ jurnalg’a “So’z wo’neri”, “Dilwar”, “Bulaq ko’zleri” dep atamalar do’gerek ag’zalari’ ha’m a’debiyatshi’ mug’allimler ta’repinen woylasi’p qoyi’ladi’.

Mektepte a’debiyatqa baylani’sli’ shi’g’ari’latug’i’n diywali’ gazeta ha’m jurnallarg’a shi’g’ari’li’wi’ ushi’n a’debiyatshi’ mug’allimlerge to’mendegi talap qoyi’ladi’:

- Diywali’ gazeta ha’m jurnalg’a a’debiyatshi’ mug’allimler basshi’li’q yetedi;
- Diywali’ gazeta ha’m jurnallardi’n’ du’ziliwine, avtorlari’na, ko’rkem si’n maqalalardi’n’ temasi’n tan’lawg’a ja’rdemlesedi;

- Olar diywali’ gazeta ha’m jurnaldi’n’ sapali’, mazmunli’ shi’g’ari’wi’na ma’sla’ha’tler beredi;
- Diywali’ gazeta ha’m jurnallarda ja’riyalanatug’i’n maqalalardi’n’ a’hmiyetin, stillik, orfografiyali’q ta’replerine itibarli’ boladi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ mug’allimi diywali’ gazeta ha’m jurnallardi’n’ waqti’nda shi’g’ari’li’wi’na janli’ qatnas jasap, sho’lkemlestiriwshilerge paydali’ ma’sla’ha’tler ayti’p turadi’. A’debiy diywali’ gazeta ha’m jurnal a’hmiyetli ma’selelerdi bayanlap baradi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha sho’lkemlestirilgen ko’rgizbe mu’yeshler woqi’wshi’lardi’n’ izleniwshiligin ha’m estetikali’q sezimlerin artti’ri’p barsa, diywali’ gazeta ha’m jurnallar woqi’wshi’lardi’n’ jazba pikirlew qa’biletin, do’retiwshiligin, uqi’bi’n qa’liplestirip baradi’.

## II .3. KLASSTAN TI’S JUMI’SLARDI’ WO’TKERIW BARI’SI’NDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANI’W

Ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’ni’n’ talaplari’ boyi’nsha woqi’wshi’lardi’n’ jas wo’zgesheligin ha’m a’debiy shi’g’armalar haqqi’ndag’i’ tu’sinigin yesapqa ala woti’ri’p **uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerdin’ bag’darlamasi’nda jen’ilden awi’rg’a, a’piwayi’dan qospali’g’a degen pedagogikali’q princip basshi’li’qqa ali’ni’p temalar kirgizilgen**[43]. Bul temalardi’n’ barli’g’i’n klassta wo’tip boli’w mu’mkin yemes. Usi’lardi’ yesapqa ali’p ayi’ri’m materiallardi’ pedagogikali’q psixologiyadan paydalana woti’ri’p klasstan ti’s jumi’s tu’rleri arqali’ a’melge asi’ri’w mu’mkin. A’debiy keshelerdi wo’tkeriw bari’si’nda slayd, interaktiv metodti’n’ tu’rleri zigzag, insert, mu’yeshler metodlari’n paydalansa boladi’.

A’debiy kesheni wo’tkeriw bari’si’nda jazi’wshi’ni’n’ wo’miri, do’retpeleri haqqi’nda mag’li’wmatlardi’ slaydlar arqali’ tu’sindirgen woqi’wshi’larda qi’zi’g’i’wshi’li’q artti’radi’.

---

[43] **Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратова Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. 8-класс ушын методикалық қолланба. Нөкис-2009, 3-бет.**

K.Raxmanov, T.Ma’tmuratov, T.Qabulov si’yaqli’ talant iyeleri boyi’nsha wo’tkerilgen a’debiy keshelerde slaydlardi’ wo’nimli paydalani’w maqsetke muwapi’q.

Slaydlardi’ izbe-izlik penen beriw mug’allimnen sheberlik talap yetedi.

**1-slayd**

**K.Raxmanov jetpis jasta.**

**Shayi’rdi’n’ wo’miri tuwrali’ qi’sqa mag’li’wmat.**

**Ma’selen,**

| **K.Raxmanovti’n’ wo’miri.** |
|---|
| **Shayi’r 1942-ji’li’ 18-sentyabrde Kegeylide tuwi’ldi’.**<br>**2004-ji’li’ No’kis qalasi’nda qayti’s boldi’.**<br>**1961-1969-ji’li’ Pedinstitutti’ tamamladi’.**<br>**Son’ ha’r qi’yli’ wori’nlarda jumi’s isledi.** |

**2-slayd**

| **K.Raxmanovti’n’ miynet joli’** |
|---|
| **1. 1963-1966-ji’li’ a’skeriy xi’zmette boldi’.**<br>**2. 1978-ji’li’ S.Xojaniyazov ati’ndag’i’ ma’mleketlik jas tamashago’yler teatri’ni’n’ a’debiy bo’lim basli’g’i’ boldi’.**<br>**3. 1989-ji’li’ 8 ji’l dawami’nda “A’miwda’rya” jurnali’ni’n’ poeziya bo’liminin’ basli’g’i’, No’kis teleradio worayi’ direktori’ni’n’ wori’nbasari’, Qaraqalpaqstan jazi’wshi’lar awqami’ni’n’ ko’rkem a’debiyatti’ na’siyatlaw bo’liminin’ direktori’ boldi’.** |

**3-slayd**

| **Shayi’rdi’n’ ataqlari’** |
|---|
| **1. Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’. Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’.**<br>**2. “Dosli’q” wordeninin’ iyesi. Qaraqalpaqstang’a miyneti sin’gen ko’rkem wo’ner g’ayratkeri.** |

**4-slayd**

| **K.Raxmanovti’n’ do’retiwshiligi** |
| --- |
| **1. Woni’n’ 1958-ji’li’ “Tawi’q” qosi’g’i’ shi’qti’.**<br>**2. Woni’n’ poemalari’: “Bult ha’m quyash”, “Tan’ ashi’g’i’”, “Qardag’i’ iz”, “Sho’l da’stani’”, “Jasasi’n paraxatshi’li’q”, “Tazadan kelgen woqi’wshi’”.**<br>**“Qardag’i’ iz” poemasi’nda uri’s ji’llari’nda bir awi’lda ju’z bergen qayg’i’li’ waqi’yalar su’wretlenedi.** |

**5-slayd**

| **K.Raxmanovti’n’ prozali’q shi’g’armalari’** |
| --- |
| **“Ayrali’q qosi’g’i’”, “No’ser”, “Wo’mir ha’m wo’lim” povestleri. “Aqi’bet” romani’ (1993).**<br>**“No’ser” povestinde Atajan, mektep direktori’ Yesmi’rza, Ayjan obrazlari’ sheber berilgen.**<br>**“Wo’mir ha’m wo’lim” povestinde Toqtar, Tillaxan, Yelmurat Xojamuratov (agronom) obrazlari’ bar.**<br>**“Ayrali’q qosi’g’i’” povestinde Qurbaniyaz, Alti’nay obrazi’ berilgen.** |

**6-slayd**

| **“Aqi’bet” romani’** |
| --- |
| **Temasi’: Tubalawshi’li’q ji’llar temasi’ su’wretlengen.**<br>**Obrazlar: Taspolat, Ulperi, Nurpolat, “Mami’y”.**<br>**Taspolat - ko’p ji’llar sawda worayi’ mekemesinin’ basli’g’i’ boli’p isleydi.** |

**7-slayd**

| **K.Raxmanovti’n’ dramali’q shi’g’armalari’** |
| --- |
| **“Kelin”, “Wo du’nyag’a mira’t”, “Yeglengen ba’ha’r”, “Tog’i’z ton’qi’ldaq, bir shin’kildek”, “Jarali’ ju’rekler”, “Laqqi’lar yemlewxanada”, “I’nji’qti’n’ muhabbati’” si’yaqli’ dramali’q shi’g’armalari’ bar.** |

K.Raxmanovti’n’ wo’miri ha’m a’debiy xi’zmeti boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n a’debiy keshede usi’nday slaydlardan paydalansaq maqsetke muwapi’q boladi’. Woqi’wshi’larda qi’zi’g’i’wshi’li’q artadi’. Bulardan

shayi’rdi’n’ doslari’ menen ushi’rasi’wlari’, su’wretleri, toplamlari’ni’n’ si’rtqi’ muhabalari’ slayd tu’rinde islense de boladi’.

Sh.Seyitovti’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi boyi’nsha a’debiy keshe wo’tkeriw mu’mkin.

Jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshiligi boyi’nsha birneshe slaydlar to’mendegi u’lgide islenedi:

**1-slayd**

| **Shayi’rdi’n’ wo’miri** |
|---|
| **Sh.Seyitov 1937-ji’li’ tuwi’ladi’.**<br>**1955-ji’li’ No’kis pedinstituti’na kiredi.**<br>**1957-67-ji’llari’ “Qaraqalpaqstan” baspasi’nda, 1967-85-ji’llari’ “A’miwda’rya” jurnali’nda, televidenie, jazi’wshi’lar awqami’nda ha’m “Qaraqalpaqstan” baspasi’nda isleydi. 1985-ji’li’ QMUtin’ qaraqalpaq tili ha’m a’debiyat bo’limin pitkeredi.** |

**2-slayd**

| **Sh.Seyitov poeziyasi’** |
|---|
| **Shayi’rdi’n’ “U’shpelek” (1964), “Soqpag’i’m menin’ qaydasan’” (1966), “Tawlardan saza” (1970), “Jaz keldi”, “Qar”, “Ti’rnalar” qosi’qlari’ baspadan shi’qti’.**<br>**Qonbasan’i’z yegerde,**<br>**Yele ba’rin bilesiz?-**<br>**Bunday yeldi hesh jerde,**<br>**Taba almay yele siz,**<br>**Tag’i’ aylani’p kelesiz?.** |

**3-slayd**

| **Sh.Seyitovti’n’ prozasi’** |
|---|
| **“Qashqi’n”, “I’g’bal soqpaqlari’”, “Shi’rashi’lar”, “Xalqabad”, “Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba”.**<br>**“Jaman shi’g’anaqtag’i’ Aqtuba” romani’ni’n’ temasi’: 50-60-ji’llardan** |

**baslap g’a’rezsizlik da’wirine shekemgi tariyxi’y waqi’yalardi’ su’wretleydi. Roman qaharmanlari’: Amirxan, Aybo’rek, Berdali, Gu’limbet, Jetkergen, Ken’esgu’l h.t.b.**

Sh.Seyitovti’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligine baylani’sli’ usi’nday slaydlardan paydalansaq maqsetke muwapi’q boladi’. A’debiy keshege qatnasi’wshi’lar arasi’nda u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’qlar artadi’.

Do’gerek jumi’slari’n wo’tkende interaktiv metodlardan paydalani’w kerek. Do’gerekte 20 woqi’wshi’ bolsa, solardi’ toparlarg’a bo’lip wo’tkenimiz maqul.

Uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerde do’gerek jumi’slardi’n’ bir neshe tu’rleri bar. Solardi’n’ ishinde do’retiwshilik, dramali’q do’gerek jumi’slari’n wo’tkeriw bari’si’nda interaktiv metodti’n’ ayi’ri’m tu’rlerin qollani’w mug’allimnen izleniwshilikti talap yetedi.

Do’gerek jumi’slari’nda woqi’wshi’lardi’ kishi toparlarg’a bo’lip, wolarg’a ha’r qi’yli’ tapsi’rmalar beriledi. “Mu’yeshler” usi’li’ menen to’mendegi ta’rtipte J.Aymurzaevti’n’ dramali’q shi’g’armalari’ boyi’nsha jari’s wo’tkeriw kerek:

**1. J.Aymurzaevti’n’ “Aygu’l-Abat” dramasi’.**

**2. J.Aymurzaevti’n’ “Ha’kisliler” dramasi’.**

**3. “Berdaq” dramasi’.**

**4. “Qa’dirdan doktor” dramasi’.**

Topar ag’zalari’ wo’z-ara 4-5 woqi’wshi’dan to’rt toparg’a bo’linedi. **1.Birinshi topar**: “J.Aymurzaevti’n’ “Aygu’l-Abat” dramasi’ boyi’nsha pikirlerin bildiredi”. Aygu’l ha’m Abat dramasi’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ tematikali’q ha’m janrli’q jaqtan bayi’wi’na a’dewir ta’sir yetti. Dramada Abat worayli’q wori’ndi’ iyeleydi. Abat obrazi’ arqali’ qaraqalpaq miynetkeshlerinin’ sana seziminin’ wo’siwin, yeziwshilikke qarsi’ bas ko’teriwin, baxi’tti’ gu’res joli’ menen ali’w mu’mkin yekenligin moyi’nlawg’a jetkenligin ko’rsetken.

Aygu’l haq kewilli, sada qi’z, wol adamgershilikti qa’dirley biledi, muhabbatqa turaqli’ insan. Aygu’l Abatti’ tek buri’nnan atasti’ri’p qoyg’ani’ ushi’n g’ana su’yiw tileginde yemes, al woni’n’ da wo’zindey adamgershiligi

ushi’n unatadi’. “Yar qa’dirin bilsen’, wog’an jan menen beriliw i’layi’q” dep yesaplag’an Aygu’l barli’q waqi’tta da usi’ so’zin bekkem tutadi’. Abatqa sadi’q boli’p qaladi’.

Uluwma “Aygu’l-Abat” dramasi’ sa’tli shi’qqan dramali’q do’retpe yesaplanadi’.

**2. Yekinshi topar**: J.Aymurzaevti’n’ “Ha’kisliler” dramasi’ boyi’nsha to’mendegi mag’li’wmatlardi’ beredi. Bul komediyada tosi’nnan bolg’an waqi’yalar, shi’g’arma syujetinen wori’n alg’an menen wolardan ja’miyetlik a’hmiyetke iye obraz jasap bolmaydi’. “Ha’kisliler” komediyasi’nda ma’keme basli’g’i’ Tawjan arqali’ “jan’ashapan” jami’lg’an, Tawjanni’n’ a’tirapi’nda, woni’n’ menmenligin bo’rttirip ku’sheytiwshi, jen’il minez, na’zelim xatkeri, shan’araq turmi’si’na qi’lapli’q yetiwshi Qa’nigu’l, haq kewilli u’y xojasi’ Ziybagu’l, Tawjanni’n’ jo’nsizligin si’rttan a’shkaralap, ko’zinshe jaltaqli’q yetip ju’riwshi xi’zmetker jigit obrazi’ bar. J.Aymurzaevti’n’ “Ha’kisliler” komediyasi’ bir aktli, u’sh ko’rinisli saxnali’q do’retpe.

**3. J.Aymurzaevti’n’ “Berdaq” dramasi’ 50-ji’llari’ jazi’ldi’**. Piesa Berdaq shayi’rdi’n’ balali’q ji’llari’nan baslanbastan Berdaqti’n’ u’yleniw toyi’n jarli’ xali’q boli’p wo’tkeriw saltanati’nan, bul toyg’a aqsaqal shayi’r Ku’nxojani’n’ qatnasi’w mu’na’sibetinen baslanadi’. Dramada xali’qli’q toydi’n’ saltanati’, wog’an tu’rli tiptegi adamlardi’n’ qatnasi’ arqali’ unamli’ ha’m unamsi’z obrazlardi’n’ janli’ ko’rinislerin asha bilgen, woni’ kem-kemnen shiyelenistirip, klassli’q gu’resti teren’irek asha beredi. Yernazar Alako’z obrazi’ arqali’ xali’qti’n’ yerkin jen’ilmes ku’sh yekenligin yelesletedi. Berdaqti’n’ toyi’nan keyin Yernazar kenegestin’ ku’sh ji’ynap kelip qayta topi’li’wi’, konfliktti shiyelenistiredi.

Berdaqti’n’ toyi’nda xali’q seyili, xali’qti’n’ turmi’s-salti’ni’n’ ko’rinisi, toy baslaw, qoni’q ali’w, bet ashar, at shapti’ri’w, i’laq woyi’ni’, gu’res, baqsi’ aytti’ri’w, ayti’slar bar.

Berdaq-bul dilwar, ko’rkem so’z iyesi, miynetkesh xali’q ta’repinde, gu’resshen’, turmi’stan ta’jiriybe toplawshi’ u’lken a’rman iyesi, woyshi’l insan.

**4. “Qa’dirdan doktor” dramasi’ 1960-ji’li’ jazi’ldi’.** Shi’g’armada adamni’n’ awi’r ta’g’dirin jen’iwshi ha’zirgi zaman vrachlardi’n’, meditsina iliminin’ tabi’slari’ qaraqalpaq saxnasi’nan aytarli’qtay wori’n aladi’. Dramada sotsial-psixologiyali’q konflikt bar. İshten soqi’r boli’p tuwi’lg’an Qundi’z Niyetullaevani’n’ awi’r ta’g’dirden qutqari’p ali’ni’wi’ syujet tiykari’n quraydi’. Wondatra awlawshi’ ta’jiriybeli g’arri’ Qundi’zdi’n’ atasi’ bul sorawdi’n’ ma’nisine tu’sinbedi. Biraq qi’zi’ni’n’ ko’zi ko’retug’i’ni’na isenim menen jasadi’. Anasi’ Ziyba bul sorawg’a belgili juwabi’ joq yedi. Wog’an ta’wiplerge “emletiwge”, doktordi’n’ yemi de, woperatsiyasi’ da qorqi’ni’shli’. So’zge yerme, wo’mirge turaqsi’zli’q penen qatnas jasaydi’. Woni’n’ haq kewilli go’dekligi usi’ qa’siyetinin’ ko’len’kesinde qali’p ketedi. Suli’w Saparova, Juldi’z, Aytjan usag’an jaslar wo’zlerinin’ isinde de, so’zlerinde de bu’gingi ilimnin’ jetiskenliklerine shek keltiriw yemes. Wog’an bekkem isenim menen qaraydi’. Wolarda adamgershiliktin’ ma’rtlik, muhabbat, keleshekke isenim usag’an jaqsi’ qa’siyetleri ko’p. Meditsina xi’zmetkerleri arasi’nda da wo’z u’stinde az isleytug’i’n, meditsinadag’i’ tabi’slari’n, ta’jiriybesi retinde bati’l paydalana almaytug’i’n, bul iste i’nji’qli’q jeke ma’pke berilip, abi’ray ushi’n maqtani’wshi’li’q mayda-shu’yde ashi’w u’stinde tarti’s penen ju’riwshilik, ko’re almawshi’li’q, kishkene faktten u’lken juwmaq shi’g’ari’w qa’siyetleri worap alg’an jat minezli adamlar bar. Wolar ko’pshiliktin’ si’ni’nan yelede wo’tiwi za’ru’r.

Solay yetip topar ag’zalari’ do’gerek jumi’si’nda usi’layi’nsha juwap beredi. Na’tiyjede do’gerek jumi’slari’nda interaktiv metodti’n’ ayi’ri’m tu’rlerin wo’tkeriw kerekligi sezilip turadi’. Do’gerek jumi’slari’nda “Woqi’lg’an tekstke juwap ha’reketi” metodi’, “**Mashqalali’ sorawlar” metodi’ ha’m “Mashqalali’ sheshiw” metodi’** ko’birek qollani’lsa maqsetke muwapi’q boladi’.

Ko’binese jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiligine arnalg’an do’gerek jumi’slari’nda **“Mashqalali’ sheshiw” metodi’** - bul do’gerek ag’zalari’ni’n’ mashqalali’ ani’qlawg’a ha’m duri’s sheshimin tabi’wg’a tayarli’g’i’n tekseriw ha’m bag’darlaw ushi’n qollani’ladi’. Metodti’ qollani’w to’mendegi basqi’shlarg’a sa’ykes a’melge asi’ri’ladi’.

**1-basqi’sh:** Do’gerek jumi’si’nda berilgen tema a’tirapi’nda mashqalani’ ani’qlaw. Bunda ma’sele sheshimine ta’sir yetiwshi sezimler ani’qlanadi’. Ma’selen, do’gerek ag’zalari’na to’mendegidey ma’sele beriledi.

XIX a’sirdin’ ulli’ shayi’rlari’ Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaqlar qaraqalpaq poeziyasi’n janrli’q ha’m tematikali’q jaqtan a’dewir bayi’tti’. Ne ushi’n wolar wo’z waqti’nda prozali’q ha’m dramali’q shi’g’armalar jazbadi’?

Woqi’wshi’lar bul sorawlar a’tirapi’nda a’dewir tarti’sadi’. Wo’zlerinin’ pikirlerin bildiredi.

**2-basqi’sh:** Do’gerek ag’zalari’ mag’li’wmatlardi’ izleydi. XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha jazi’lg’an monografiyalar, ilimiy maqalalar, metodikali’q qollanbalarda Internet arqali’ yamasa kitapxanadan tiyisli mag’luwmatlardi’ izleydi ha’m sol da’wirdi si’n ko’z qarasta bahalaydi’.

**3-basqi’shta** ali’ng’an mag’li’wmatlar boyi’nsha juwmaq shi’g’aradi’ ha’m wolardi’ a’melde qollanadi’.

Do’gerek jumi’slari’nda woqi’lg’an tekstke juwap ha’reketi metodi’n paydalansa boladi’. Bul metod woqi’w materiallari’n sapali’ wo’zlestiriliwin ta’miyinlewge qarati’lg’an metodti’n’ bir tu’ri. Buni’n’ ushi’n do’gerek ag’zalari’na wo’tilip ati’rg’an tema boyi’nsha soraw ha’m tapsi’rma beriledi. Woqi’wshi’ woni’ woqi’p shi’g’adi’ ha’m to’mendegi sorawlarg’a juwap tayarlaydi’.

**1. Siz Ku’nxoja qosi’qlari’nan nelerdi bilip aldi’n’i’z?**

**2. Ku’nxojani’n’ “Jaylawi’m” qosi’g’i’ qanday pikirlerdi payda yetti?**

**3. Bul qanday sezim payda yetti?**

**4. Ku’nxojani’n’ “Ku’n qayda” qosi’g’i’ni’n’ ideyali’q mazmuni’n tu’sindirin’.**

**5. Ku’nxoja shayi’rdi’n’ qanday qosi’qlari’ bar? Wolarda qanday pikirler bar?**

**6. Shayi’r qosi’qlari’na qanday pikir beriwin’iz mu’mkin?**

Do’gerek jumi’si’nda XIX a’sirdin’ qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha woqi’wshi’lar ha’r qi’yli’ pikirler ha’m ko’z qaraslar bildiredi. Solardi’n’ ayi’ri’mlari’ XIX a’sirde ne ushi’n prozali’q ha’m dramali’q shi’g’armalardi’n’ payda bolmag’ani’n bildiredi.

XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha wo’tkerilgen do’gerek **jumi’si’nda mashqalali’ sorawlar metodi’ ko’p qollani’ladi’**. Bul metod do’gerek ag’zalari’n woqi’w iskerligine ayri’qsha ken’islik jarati’w mu’mkinshiligin beredi. Do’gerek ag’zalari’ jan’ali’qti’ ashi’wg’a yerisedi. Mashqalani’ sheshiwge do’retiwshilik penen qatnas jasawdi’ u’yrenedi. Do’gerek jumi’si’n wo’tkeriw basqi’shi’nda jumi’s mashqalasi’n jarati’w ushi’n to’mendegi pikirlerdi qollani’w mu’mkin:

- izbe-iz sorawlar arqali’ do’gerek ag’zalari’n juwaplardi’ wo’zi izlenip tabi’wg’a bag’darlaw maqsetinde sorawlardi’ beriw;

- mashqalani’ sheshiwge ha’r tu’rli ko’z qaraslardi’ qarama-qarsi’ pikirlerdi keltirip shi’g’aratug’i’n sorawlardi’ beriw;

- ko’rkem shi’g’armalar tallawg’a, sali’sti’ri’wg’a bolatug’i’n sorawlardi’ beriw;

- ko’rkem shi’g’armalar boyi’nsha toli’q yemes, qarsi’ keletug’i’n yamasa ayri’qsha mag’li’wmatqa iye sorawlardi’ berip ko’riw;

- ko’rkem tekstlerdin’ mazmuni’na qarap sorawlardi’n’ beriliwi si’yaqli’ metodikali’q ma’selelerdi a’melge asi’ri’w do’gerek jumi’si’ni’n’ basli’g’i’ ha’m ag’zalari’ni’n’ wazi’ypasi’.

Klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw bari’si’nda interaktiv usi’llardi’, slaydlardi’ wo’tiletug’i’n materiallardi’n’ mazmuni’na qarap qoyi’li’wi’ ha’m

qollani’li’wi’ lazi’m. Ha’r bir pa’n mug’allimi da’slep ko’rsetpeli qural retinde slaydlardi’ ko’birek qollang’ani’ maqul. Klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw bari’si’nda qanshelli da’rejede qolayli’ jag’day jarati’lsa, mug’allimnin’ woqi’w ta’rbiya isin sonshelli na’tiyjeli islewine mu’mkinshilikte jarati’lg’an boladi’. Soni’n’ menen birge mug’allim menen woqi’wshi’ni’n’ birge islesiwi, bir-birine isenimnin’ arti’wi’ da jetekshi wori’n iyeleydi. Barli’q wori’nda da mug’allimdi do’gerek ag’zalari’ jaqsi’ si’ylasa, sol jerde wol woqi’w-ta’rbiya isin na’tiyjeli ali’p baradi’. Do’gerek basshi’si’ ag’zalardi’n’ si’ylawi’, pedagogikali’q takti, qa’nigelik bilimi menen sheberligi, joqari’ adamgershiligi menen u’lgili boli’wi’ kerek.

## III BAP. KLASSTAN TI’S JUMI’SLARDI’N’ AYI’RI’M METODIKALI’Q MA’SELELERI

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniw yen’ a’hmiyetli metodikali’q ma’selelerden yesaplanadi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’nda di’qqattan shette qali’p kiyati’rg’an klasstan ti’s jumi’slardan woqi’wshi’larg’a pa’n olimpiadasi’n wo’tkeriw, a’debiy sayaxatlar sho’lkemlestiriw, a’debiyat bo’lmesin u’skenelew, jurnal ha’m diywali’ gazetalar shi’g’ari’w si’yaqli’ ma’selelerdi a’melge asi’ri’w bu’gingi pedagogikali’q jumi’slardan boli’p tabi’ladi’. Belgili metodistler **S.Dolimov**[44]**, A.Zunnunov**[45]**, Q.Yuldoshev**[46]**, A’.Paxratdinov**[47], **Q.Husanboeva**[48]**lardi’n’** metodikali’q miynetlerinde bul ma’selelerge jeterli toqtap, ken’ metodikali’q pikirler ayti’lmag’an.

Bizin’ dissertaciyami’zda klasstan ti’s jumi’slardi’n’ pa’n olimpiadasi’ni’n’ wo’tkeriliwi, a’debiyat bo’lmesinde wo’tiliw usi’llari’, a’debiy sayaxatlar sho’lkemlestiriw ma’selelerine ayri’qsha di’qqat awdari’wdi’ maqul ko’rdik.

### III.1. PA’N OLIMPIADALARI’N WO’TKERIW METODIKASI’

Uluwma bilim beretug’i’n mekteplerde qaraqalpaq a’debiyati’nan pa’n olimpiadasi’n wo’tkeriw yen’ juwapkershilikli metodikali’q jumi’slardan sanaladi’. **Pa’n olimpiadasi’** - bul woqi’wshi’ni’n’ qaraqalpaq tili ha’m a’debiyat boyi’nsha klassta ha’m klasstan ti’s u’yrengenlerinin’ na’tiyjesi. Woqi’wshi’lardi’n’ qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha alg’an bilimleri jari’s na’tiyjelerinde ko’rinedi. Bul haqqi’nda belgili metodistler professor Ye.Berdimuratov ha’m Q.Pirniyazovlar bi’lay degen yedi: “Qaraqalpaq tili boyi’nsha klassta ha’m klasstan ti’s u’yrengenlerinin’ na’tiyjesi, woqi’wshi’lardi’

[44] **Долимов С., Убайдуллаев Қ., Ахмедов Қ. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. “Ўқитувчи”, 1967.**
[45] **Зуннунов А.З., Хотамов Н., Эсонов Ж., Иброҳимов А. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. “Ўқитувчи”, 1992.**
[46] **Йўлдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий назарий асослари. Тошкент. “Ўқитувчи”, 1996.**
[47] **Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. “Билим”, 2004.**
[48] **Ҳусанбоева Қ. Адабиёт-маънавият ва мустақил фикр шакиллантириш омили. Тошкент, 2009.**

uluwma tekseriwden wo'tkeriw joli' menen juwmaqlani'wi' tiyis. Wo**l juwmaq olimpiada arqali' wo'tkeriledi"**[49].

Ali'mlardi'n' bul pikirleri tikkeley qaraqalpaq a'tebiyati' boyi'nsha wo'tkeriletug'i'n pa'n olimpiadasi'na da baylani'sli' ayti'lg'an bahali' metodikali'q ko'rsetpeler dep yesaplawg'a boladi'. Sebebi mekteplerde qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' pa'nleri bir-birine baylani'sli' u'yreniledi. A'debiyatshi' mug'allim til ni'zamlari'n, ilimlerin de jaqsi' biliwi lazi'm. Olimpiada wo'tkeriw bari'si'nda woqi'wshi'lardi'n' qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha alg'an bilimi tekseriledi. Soni'n' menen birge woqi'wshi'lardi'n' sawatli'g'i', jazba ha'm awi'zeki so'ylew ma'deniyati', wo'z betinshe pikirlew qa'bileti ani'qlanadi'. 5-9-klass woqi'wshi'lari' wo'z klass woqi'wshi'lari' menen pa'n boyi'nsha jari'sqa qatnasi'p, bilimin si'nap ko'redi. Na'tiyjede wolardi'n' a'debiyatqa bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' artadi'. Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' boyi'nsha olimpiada klassta, mektepte, rayon boyi'nsha, son' respublikali'q ko'leminde wo'tkeriledi.

Uluwma worta bilim beretug'i'n mekteplerde qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha ji'li'na yeki ma'rte wo'tkerilse boladi'. Mektepte birinshi ma'rte qi's aylari'nda bag'darlamada berilgen materiallar tiykari'nda wo'tkerilip, wolardi'n' juwmag'i' tuwrali' ayti'p, yen' jaqsi' juwap bergenlerge maqtaw so'zler menen xoshametlep, klassta 20 woqi'wshi' bolsa, solarg'a bilim si'nag'i' wori'n belgileniwi lazi'm. Mektep ko'leminde yekinshi ma'rte woqi'w ji'li'ni'n' aqi'ri'nda wo'tkerilip, juwmag'i' ayti'li'p, joqari' wori'n alg'an woqi'wshi'lardi' xoshametlew kerek. Na'tiyjede woqi'wshi'lardi'n' bilimi jetilisip, shi'ni'g'i'p baradi'. Rayon ha'm qala ko'leminde wo'tkeriletug'i'n yekinshi basqi'sh pa'n olimpiadasi'na (bilim si'nag'i'na) woqi'wshi' tayarlani'p baradi'. II-basqi'sh pa'n si'nag'i'na jen'impaz bir woqi'wshi'dan qatnasadi'. Wol wo'z bilimi arqasi'nda mektebinin' abi'rayi'n joqari' ko'teriwge ha'reket isleydi. III-basqi'sh respublikali'q pa'n si'nag'i' boli'p, wog'an II-basqi'shtan wozi'p shi'qqan jen'impaz qatnasi'p, wo'z rayoni' ko'lemindegi qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati'

---

[49] **Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис. "Қарақалпақстан", 1988. 307-бет.**

mug’allimlerinin’ abi’rayi’n ko’teriwge ha’reket yetedi. Respublikali’q pa’n olimpiadasi’ni’n’ jen’impazlari’ bahali’ sawg’alar ha’m “Hu’rmet jarli’g’i’” menen bilimlendiriw ministrligi ta’repinen si’yli’qlanadi’. Birinshi wori’ndi’ iyelegen woqi’wshi’lardi’n’ pa’n mug’allimlerine bilimlendiriw ministrligi ta’repinen “Hu’rmet jarli’g’i’” beriledi.

Bilimler si’nag’i’n wo’tkeriw qurami’ ha’m to’reshiler woqi’wshi’lardi’n’ sanasi’na pedagogikali’q-psixologiyali’q jaqtan sheberlik penen qatnas jasawi’ tiyis. Sebebi jen’ilgen woqi’wshi’lardi’n’ qaraqalpaq a’debiyati’na qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ birden to’menlep ketiwi mu’mkin. Sonli’qtan bunday qubi’li’slarg’a jol qoyi’lmaw maqsetinde wolarg’a pedagogikali’q jaqtan duri’s qatnas jasaw lazi’m. Pa’n olimpiadasi’ (bilimler si’nag’i’) jaqsi’ wo’tiwi qaraqalpaq a’debiyati’ mug’allimlerine baylani’sli’ boladi’. Sebebi woqi’wshi’lardi’ pa’n olimpiadasi’na qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha mektepten baslap izbe-iz metodikali’q sheberlik penen tayarlap bari’wi’ kerek.

Mekteplerde 5-9-klasslar ha’r qaysi’si’ jup klasslar bolsa, wolardi’ “A” topar, “B” topar, “S” topar dep klasslar boyi’nsha ji’li’na yeki-u’sh ma’rte bilim si’nag’i’n wo’tkerilip bari’lsa maqsetke muwapi’q boladi’. $5^{\underline{A}}$klass penen $5^{\underline{B}}$klass, $6^{\underline{A}}$klass penen $6^{\underline{B}}$klass, $7^{\underline{A}}$klass penen $7^{\underline{B}}$klass, $8^{\underline{A}}$klass, $8^{\underline{B}}$klass, $8^{\underline{V}}$klasslar menen, $9^{\underline{A}}$klass penen $9^{\underline{B}}$klasslar arasi’nda tez-tez bilimler si’nag’i’n wo’tkerilip bari’lsa, woqi’wshi’lardi’n’ a’debiyatqa bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ artadi’. Sonday-aq, pa’n olimpiadasi’na tu’setug’i’n awi’zsha ha’m jazba jumi’s boyi’nsha sorawlar menen temalardi’ woqi’wshi’larg’a tani’sti’ri’p barg’an metodikali’q talaplardan sanaladi’. Biraq ayi’ri’m woqi’wshi’lar jaqsi’ woqi’ytug’i’n woqi’wshi’lardan ko’mek sorawg’a bolmaydi’. Biz uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerde qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n pa’n olimpiadasi’na qoyi’latug’i’n talaplar ha’m bahalarg’a toqtayi’q. Qaraqalpaq a’debiyati’nan wo’tkeriletug’i’n bilimler si’nag’i’ da’slep mektepte, rayonda ha’m respublika ko’leminde wo’tkeriledi. Wolimpiada qatnasi’wshi’lari’ pa’nler boyi’nsha jazba ha’m awi’zeki bilim ko’nlikpelerin tekserip ko’redi. Usi’ ko’z qarastan

qarag'ani'mi'zda 5-9-klass woqi'wshi'lari' ushi'n jazba jumi's boyi'nsha to'mendegi metodikali'q ko'rsetpeler beriliwi lazi'm:

- 5-6-klass woqi'wshi'lari' 1-2-basqi'shlari'nda diktant jazi'w arqali' bilimin si'nap ko'redi. Pa'n olimpiadasi'nda diktant jazg'anda orfografiyali'q, stilistikali'q, irkilis belgilerge itibarli' boli'wi' kerek;
- 7-klass woqi'wshi'lari' do'retiwshilik bayan jazi'p, wo'zlerinin' ga'p quraw, waqi'yani' bayanlaw, qa'tesiz jazi'w, woy-pikirlerin izbe-iz bere ali'w ko'nlikpeleri si'naladi';
- 8-9-klass woqi'wshi'lari' shi'g'arma jazi'w sheberligin ko'rsetedi. Bul basqi'shta wolardi'n' do'retiwshilik, yerkin pikirlew qa'bileti ja'ne sawati' si'naqtan wo'tkeriledi.

Jazba jumi's ushi'n temalar ko'p variantli' usi'li'nda tayarlanadi'.

1-variant ushi'n temalar:

1. Ana-tilim – ruwxi'y bayli'g'i'm.
2. Berdaqti'n' qosi'qlari'nda miynet temasi'ni'n' ji'rlani'wi'.
3. A'jiniyazdi'n' lirikasi'nda Watan temasi'ni'n' su'wretleniwi.

2-variant

1. Jiyen ji'rawdi'n' "Posqan yel" shi'g'armasi'nda shayi'r obrazi'ni'n' su'wretleniwi.
2. I.Yusupov qosi'qlari'nda ta'biyatti'n' ji'rlani'wi'.
3. Sh.Seyitovti'n' "Qashqi'n" povestinin' ideyali'q mazmuni'.

3-variant

1. "Edige" da'stani'nda Nuratdiyin obrazi'.
2. A'jiniyazdi'n' "Bozataw" poemasi'nda tariyxi'y derekler.
3. T.Qayi'pbergenovti'n' "Mug'allimge raxmet", "Suwi'q tamshi'" shi'g'armalari'nda obrazlarg'a si'patlama.

Bul variantlar woqi'wshi'lardi'n' qatnasi'nda stol u'stine jayi'li'p qoyi'ladi'. Woqi'wshi'lardi'n' birewi qa'legen variantti' aladi'. Sol alg'an varianti'ndag'i'

temalar taxtag’a jazi’ladi’. Woqi’wshi’lardi’n’ qa’lewi boyi’nsha u’sh temani’n’ birewi boyi’nsha shi’g’arma jazadi’.

Jazba jumi’sti’n’ temalari’ woqi’wshi’lardi’ do’retiwshilik izleniwge, jeke pikir-usi’ni’si’n bildiriwge, bir qi’yli’ temalardag’i’ bir neshe dereklerde bildirilgen pikirlerinen uluwma juwmaq shi’g’ara ali’wg’a ha’m woni’ jaza biliwge qarati’li’wi’ tiyis.

Woqi’wshi’lar ta’repinen jazi’lg’an jazba jumi’sti’n’ az ko’lemi to’mendegiden ibarat:

Diktant so’zdin’ ko’lemin 5-klassta 100-110 g’a shekem, 6-klassta 110-120 so’zge shekem boladi’. Diktant ushi’n 1 saat (60 minut) waqi’t belgilenedi. Usi’ waqi’t ishinde bilim si’nag’i’na qatnasi’wshi’ woqi’wshi’lar qa’tesiz ha’m taza yetip jazi’p beriliwi kerek. Wolardi’n’ jazba jumi’slari’ belgilengen to’reshiler (jyuriler) ta’repinen bahalanadi’. Al 7-klass woqi’wshi’lari’ bayan jumi’si’n jazi’p, wo’zlerinin’ bilimlerin si’nap ko’redi. Sonday-aq bayan jazi’wda woqi’wshi’lar temani’ qalay tu’singenleri, wo’z pikir ha’m tu’siniklerin qalay bildirgeni, so’ylew sheberligi, sawati’ si’nap ko’riledi. Teksttegi so’zlerdin’ ko’lemi 7-klass ushi’n 250-300 so’zden ibarat boli’p, woqi’wshi’ wonda do’retiwshilik penen yerkin pikirlep, 2-2,5 bet ko’leminde jazadi’. Bilim si’nag’i’nda bayan jazi’w ushi’n 2 saat (120 minut) waqi’t beriledi.

5-7-klasslarda jazba jumi’s temalari’ ushi’n watan, dosli’q, ata-anag’a hu’rmet, ustaz, ta’biyat, kitap, a’deplilik, miynet, hadalli’q si’yaqli’ tekstlerden tan’lap ali’nadi’.

8-klass woqi’wshi’lari’na shi’g’armani’n’ ko’lemi 2,5-3 bet, 9-klass woqi’wshi’lari’na 3,5-4 betten az bolmawi’ talap yetiledi. 8-9-klass woqi’wshi’lari’na shi’g’arma jazi’w ushi’n 2 saat (120 minut) waqi’t aji’rati’ladi’. Bul klasslar ushi’n shi’g’armani’n’ temalari’ a’debiyat bag’darlamasi’nda belgilengen temalar, sonday-aq milliy qa’diriyatlar, shi’g’arma qaharmanlari’, ja’ha’nnin’ ilim-bilimine mu’na’sip u’les qosqan ulli’ dani’shpanlar, watan,

azatli'q, g'a'rezsizlik ushi'n gu'resken qaharmanlar haqqi'nda ha'm basqa temalar boyi'nsha tan'lani'wi' mu'mkin.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' mug'allimi do'retiwshilik bayandi' bahalaw wo'lshemlerin klassta ali'natug'i'n bayan jumi'sqa qoyi'latug'i'n bahalardan ayi'rmashi'li'qlari' bar yekenligin biliwi lazi'm. Pa'n olimpiadasi'ndag'i' do'retiwshilik bayan jumi'si'na to'mendegi bahalaw wo'lshemi usi'ni'ladi'. Jari'sqa qatnasi'wshi' woqi'wshi'lar to'mendegi bilim, ko'nlikpe ha'm uqi'pli'li'qlardi' toli'q wo'zlestire ali'wi' lazi'm.

**Wo'zbekstan Respublikasi' uluwma worta bilim beretug'i'n mektep woqi'wshi'lari'ni'n' uluwma bilim beriw pa'nleri boyi'nsha respublikali'q bilimler si'nag'i'n wo'tkeriw boyi'nsha bahalaw wo'lsheminde belgilep bergenindey do'retiwshilik bayan jumi'si'na yen' joqari' ball 100 balldan ibarat**[50]. Usi' tiykari'nda woqi'wshi'lardi'n' jazba bilimi izbe-iz bahalani'p bari'ladi'.

Pa'n olimpiadasi'na qatnasi'wshi'ni'n' do'retiwshilik bayan jumi'si' boyi'nsha to'mendegi talaplarg'a juwap beriliwi lazi'm:

Yeger joba temag'a muwapi'q bolsa, bayanni'n' waqi'yasi' wori'nli' so'z yetilgen bolsa, bayan jumi'si'ni'n' mazmuni' logikali'q ha'm izbe-iz bolsa, so'z bayli'g'i', so'z quri'li'si' ha'm usi'li' a'debiy tildin' talabi'na say bolsa, sawatli'li'qta turpayi' bolmag'an bir orfografiyali'q ha'm yeki irkilis belgide qa'tesi bolsa, stillik qa'tesi bolmasa 91-100 ball qoyi'ladi'.

Bayan jumi'si' teksti joba tiykari'nda jazi'li'p, biraq az qa'telerge jol qoyi'lg'an bolsa, pikir ju'ritiwde izbe-izlik penen ayi'ri'm jerde buzi'lsa, so'z jasawda ha'm so'z quri'li'si'nda ha'r tu'rlilik bolsa, sawatli'li'qta 2 orfografiyali'q, 2 irkilis belgide ha'm yekewge shekem stillik qa'tesi bolsa, wonda 81-90 ballg'a shekem qoyi'ladi'.

Yeger bayan jumi'si'ni'n' temasi' toli'q ashi'p berilmese, temag'a toli'q juwap bermese, waqi'yani' bayanlawda kemshilikke jol qoyi'lsa, so'z bayli'g'i',

---

[50] **Устаз жолы. 2011-жыл, 22-январь.**

so’z quri’li’si’nda kemshilik bolsa, sawatli’li’qta 3 ke shekem orfografiyali’q, 4 ke shekem irkilis belgide, 3 ke shekem stillik qa’tege jol qoyi’lg’an bolsa, wonda 71-80 ballg’a shekem qoyi’ladi’.

Yeger bayan jumi’s temasi’na joba du’zilmegen bolsa, pikir ju’ritiwde ha’m so’z quri’li’si’ turpayi’ buzi’lg’an bolsa, pikir bir-birine baylani’spasa, mazmun ha’m bayanlaw sawatli’qta 9-10 g’a shekem orfografiyali’q, 9-10 g’a shekem irkilis belgide, 9-10 g’a shekem stillik qa’tege jol qoyi’lg’an bolsa, wonda 41-50 ball arali’g’i’nda qoyi’ladi’.

Yeger bayan jumi’si’ni’n’ jobasi’ du’zilmegen bolsa, pikir ju’ritiwde ha’m so’z quri’li’si’ turpayi’ buzi’lg’an bolsa, pikirler bir-birine baylani’spasa, so’z bayli’g’i’ to’men bolsa, mazmun ha’m bayanlawda 11-14 ke shekem orfografiyali’q, 11-14 ke shekem irkilis belgide, 11-14 ke shekem stillik qa’tege jol qoyi’lg’an bolsa, wonda 31-40 ballg’a shekem qoyi’ladi’.

Yeger bayan jumi’si’ to’men jazi’li’p, joqari’dag’i’ talaplarg’a juwap bermese, wonda 30 balldan to’men qoyi’li’p baradi’.

8-9-klass woqi’wshi’lari’ pa’n olimpiadasi’nda shi’g’armag’a tiykarg’i’ talaplar boyi’nsha 1 balldan 100 ballg’a shekem qoyi’li’p bari’ladi’. Shi’g’arma jumi’sti’n’ mazmuni’na 50 ball, sawatli’li’g’i’na 50 ball qoyi’ladi’. Mazmuni’na qoyi’latug’i’n talaplar to’mendegilerden ibarat:

Shi’g’arma jumi’si’ni’n’ mazmuni’, jobasi’ do’retiwshilik penen, izbe-iz temag’a say du’zilgen bolsa ha’m teksttin’ mazmuni’ wo’zinde toli’q ra’wishte ko’rsetilip tursa, temag’a say keletug’i’n kirispe so’z (epigraf) duri’s tan’lang’an bolsa, tema duri’s, toli’q ha’m izbe-iz jazi’lg’an bolsa, a’debiy tekst jarati’w ni’zam-qag’i’ydalari’na tuwri’ kelse, yerkin do’retiwshilik pikirlep jazi’lg’an bolsa, pikiri ani’q, tiykarli’ bolsa, temani’n’ mazmuni’, a’debiy tildin’ normalari’na a’mel qi’lg’an halda jazi’lsa, temag’a say tsitatalardi’ duri’s tan’lasa, jobani’n’ ba’ntlerinin’ mazmuni’ berilgen bolsa, tekstte milliy ha’m uluwma insani’yli’q qa’diriyatlardan (hikmetli so’z, naqi’l-maqal h.t.b.) wori’nli’ paydalang’an bolsa, tekst tema boyi’nsha uluwma juwmaqlang’an bolsa, temani’n’

mazmuni’ ha’zirgi da’wir menen baylani’sti’ri’lg’an bolsa, shi’g’arma jumi’si’ taza ha’m suli’w jazi’lg’an bolsa, wonda ja’mi 50 ball qoyi’ladi’.

Yeger shi’g’armani’n’ sawatli’li’g’i’ boyi’nsha jazba jumi’sta hesh qanday grammatikali’q qa’te bolmasa, wonda yen’ joqari’ 50 ball qoyi’ladi’.

Yeger shi’g’armada 6 stillik, 8 orfografiyali’q, 8 punktuatsiyali’q qa’tesi bolsa, wonda 39 ball qoyi’ladi’.

Yeger shi’g’armada 10 nan aslam stillik, 14 orfografiyali’q, 14 punktuatsiyali’q qa’tesi bolsa, wonda 34 ball qoyi’ladi’.

Yeger shi’g’armada 10 nan aslam stillik, 18 orfografiyali’q, 18 punktuatsiyali’q qa’tesi bolsa, wonda 30 ball qoyi’ladi’.

Woqi’wshi’lardi’n’ pa’n olimpiadasi’ndag’i’ jazba jumi’slarg’a qoyi’latug’i’n talaplardi’ to’reshiler qadag’alap baradi’. Ayi’ri’m waqi’tlarda jazba jumi’stag’i’ qa’telerdin’ sani’ joqari’dag’i’ wo’lshemge tuwra kelmewi mu’mkin. Bunday jag’daylarda 2 punktuatsiyali’q qa’teni 1 orfografiyali’q qa’te worni’na, 2 yamasa 3 orfografiyali’q qa’teni 1 stillik qa’te si’pati’nda bahalaw mu’mkin. Qa’telerdin’ (stillik, orfografiyali’q, punktuatsiyali’q) ha’r birinin’ sani’ ja’mi 10 nan assa woqi’wshi’ni’n’ bahasi’ wo’z-wo’zinen to’menleydi.

Pa’n olimpiadasi’nda jazba jumi’slar woqi’wshi’lardi’n’ bilim ko’nlikpelerin iyelewde a’hmiyetli wori’n tutadi’. Wolardi’n’ jazba sawatli’li’g’i’, pikirlew qa’bileti ani’q ko’rinedi.

Uluwma worta bilim beretug’i’n mektepler boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n pa’n olimpiadasi’nda qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha awi’zeki juwaplari’ da woqi’wshi’lardi’n’ bilimin bahalawda belgili wori’ndi’ iyeleydi. Awi’zsha juwaplari’ wolardi’n’ awi’zeki pikirlew uqi’pli’g’i’n, wo’zbetinshe izleniw, tez juwap beriw qa’biletlerin tekseredi.

Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n bilim si’nag’i’ni’n’ yekinshi bo’limi awi’zeki sa’wbetlesiw tu’rinde boladi’. Bunda woqi’wshi’ni’n’ qansha ko’rkem shi’g’armani’ woqi’g’ani’, qay da’rejede tu’siniwi, shi’g’armadan alg’an ta’siri, woqi’g’an ha’m yadlag’an shi’g’armalari’ni’n’ dizimi du’ziledi.

To’reshiler qurami’ ta’repinen tan’lang’an shi’g’arma boyi’nsha sa’wbetlesiw wo’tkeriledi. Yadlag’an shi’g’armalari’n ko’rkem yetip ayti’p beriwi si’nap ko’riledi.

Awi’zeki sa’wbetlesiwde to’mendegi talaplarg’a juwap beriwi na’zerde tuti’ladi’:

- A’debiy tekstti wo’lshem talabi’na i’layi’q a’mel qi’lg’an halda irkinishsiz, yadtan ayti’wi’, tekstti ko’terin’ki, ta’sirli, tu’sinikli ayti’li’wi’, so’zdin’ pa’ti, logikali’q ga’ptin’ duri’s qoyi’li’p ayti’li’wi’;
- Shi’g’armani’n’ mazmuni’, ideyasi’n janli’, ko’rkem ha’m ani’q tu’sindire ali’wi’;
- Su’wretlewdi, so’zlerdi a’debiy tildin’ normalari’na a’mel qi’lg’an halda ayti’li’wi’;
- Wo’zin tuti’wi’, qol ha’m basqa ha’reketler si’yaqli’ na’rselerden wori’nli’ paydalani’wi’.

Awi’zeki sa’wbetlesiwde woqi’wshi’ni’n’ woqi’g’an ko’rkem shi’g’armalari’ boyi’nsha, yadlag’an shi’g’arma ha’m qosi’qlari’ boyi’nsha bir soraw beriledi. Pa’n olimpiadasi’ni’n’ talaplari’na muwapi’q woqi’wshi’lar ko’rkem tekstti wo’lshem talabi’na a’mel qi’lg’an halda irkinishsiz yadtan ayta alsa, tekst ta’sirli ko’terin’ki, tu’sinikli ayti’lsa, so’zdin’ pa’ti, logikali’q ga’pti duri’s qoyi’p yadtan aytsa, shi’g’armani’n’ mazmuni’ ideyali’q janli’, ko’rkem ha’m ani’q tu’sindire alsa, su’wretlewdi, so’zlerdi a’debiy tildin’ normalari’na a’mel qi’lg’an halda aytsa, ko’rkem tekst boyi’nsha woqi’wshi’ni’n’ wo’zinin’ juwmag’i’, qosi’msha sorawlarg’a toli’q ha’m ani’q juwap bere alsa uluwma 10 ball qoyi’ladi’.

Demek, pa’n olimpiadasi’ woqi’wshi’lardi’n’ bilim da’rejesin, a’debiyatqa qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ratug’i’n, pikirlew qa’biletin, jazba ko’nlikpelerin rawajlandi’ratug’i’n klasstan ti’s jumi’sti’n’ yen’ a’hmiyetli tu’ri yesaplanadi’.

## III.2. A’DEBIY SAYAXATLAR SHO’LKEMLESTIRIW MA’SELELERI

Uluwma worta bilim beretug’i’n mekteplerde **a’debiy sayaxatlar sho’lkemlestiriw** - bul woqi’w ha’m ta’rbiya jumi’slari’ni’n’ mazmuni’n jetilistiredi. Mektep woqi’wshi’lari’ a’debiy sayaxatlarg’a bari’wdi’ unatadi’. Sonli’qtan a’debiyatshi’ mug’allim bul ma’selelerdi sheshiwde a’hmiyetli wori’ndi’ iyeleydi. A’debiy sayaxatti’n’ tu’rleri ko’p. Sonnan tariyxi’y yesteliklerge, shayi’rlar muzeyine, jazi’wshi’lar kitapxanasi’na, kino-teatrlarg’a sayaxatqa bari’w ushi’n a’debiyatshi’ mug’allim da’slep ha’r bir sayaxatti’n’ ma’nisine ha’m wazi’ypalari’na duri’s tu’sinip ali’wlari’ kerek. Belgili metodist prof. A’.Paxratdinovti’n’ «Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’» miynetinde sayaxatti’ to’mendegi tu’rlerge bo’lip ko’rsetedi:

**«Sayaxat ha’r qi’yli’ tu’rlerde sho’lkemlestirile beriwi mu’mkin. Ma’selen, a’debiy sayaxat, turistlik ju’ris jasaw sayaxati’, tariyxi’y yesteliklerge sayaxat jasaw, muzeylerge bari’w, kino-teatrlarg’a sayaxat jasaw h.t.b.»**[51] - dep sayaxat jasaw ma’nisine wo’z ko’z qarasi’n bildiredi. Solardan a’debiy sayaxat, turistlik sayaxat, kino-teatrlarg’a sayaxat si’yaqli’ tu’rlerine ayri’qsha itibar bergen. 5-9-klass woqi’wshi’lari’ ushi’n a’debiy sayaxat sho’lkemlestiriw pa’n mug’alliminen talapshan’li’q ha’m izleniwshen’lik talap yetedi. Pa’n mug’allimi jazi’wshi’lardi’n’ u’y muzeyine sayaxat sho’lkemlestiriwden aldi’n, usi’ a’debiy sayaxatti’n’ jobalari’n woqi’wshi’lar menen woylasi’p aladi’. Shama menen mug’allim to’mendegi jobada bul jumi’s tu’rin a’melge asi’radi’:

**1.** Jazi’wshi’ni’n’ jasaw worni’n, sol jerdegi jag’daylardi’ sezip woqi’wshi’lar ushi’n qolayli’li’qlardi’ tekserip ko’redi.

**2.** Jazi’wshi’ni’n’ u’y kitapxanasi’nda kitaplar sani’n, jazi’wshi’lar menen ushi’rasqan jerleri, birge tu’sken su’wretleri, jazi’wshi’ni’n’ jeke albomlari’ menen tani’si’w.

---

[51] **Ә.Пахратдинов. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, «Билим», 2004, 232-бет.**

**3.** Jazi’wshi’ni’n’ kitapxanasi’ndag’i’ wo’zinin’ jazi’wlari’, qol jazbalari’, a’debiy kitaplari’, ilimiy miynetleri menen tani’si’w.

**4.** Jazi’wshi’ muzeyinin’ woqi’wshi’lar ushi’n ta’siri ha’m ta’rbiyali’q a’hmiyeti, unag’an ma’seleler menen tani’si’p, woqi’wshi’lar muzeyden kelgennen keyin yerkin temada shi’g’arma jazi’p beredi. I.Yusupov, J.Aymurzaev, A’.Shamuratov, Q.Ayi’mbetov, X.Saparov, S.Axmetov, K.Sultanov, T.Qabulov, T.Ma’tmuratov si’yaqli’ jazi’wshi’lardi’n’ u’ylerine a’debiy sayaxatqa bari’wi’ mu’mkin. Bulardi’n’ ishinde S.Axmetov ilimiy jumi’slar boyi’nsha ko’p miynet islegen belgili ali’m. Woni’n’ kitapxanasi’nda ilimiy ha’m ko’rkem kitaplar ko’p. Soni’n’ menen birge gazeta-jurnallarda shi’qqan maqalalari’, bahali’ metodikali’q pikirleri menen woqi’wshi’lar tani’si’wi’ kerek. T.Qayi’pbergenov ulli’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ dani’shpan jazi’wshi’si’. Woni’n’ u’y kitapxanasi’na tek woqi’wshi’lar yemes, ba’lki akademiyali’q litsey woqi’wshi’lari’ da a’debiy sayaxatqa baradi’.

Bag’darlamada berilgen Berdaq, Wo’tesh, A.Dabi’lov, X.Saparov, T.Qabulovlardi’n’ do’retpelerin wo’tip bolg’annan respublikali’q u’lke tani’w muzeyine sayaxatqa barg’ani’ maqul. 8-klass woqi’wshi’lari’ Berdaq shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri menen jaqi’nnan tani’si’wi’ ushi’n Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti jani’ndag’i’ Berdaq ati’ndag’i’ a’debiy muzeyge sayaxatqa kelgeni metodikali’q ko’z qarastan duri’s boladi’. Wo’ytkeni woqi’wshi’lar muzeydin’ a’tirapi’, ishindegi Berdaq shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi boyi’nsha bir qansha tariyxi’y ha’m a’debiy tu’sinikler payda yetedi. Shayi’rg’a arnalg’an muzeyde ko’p g’ana tariyxi’y materiallar, foto su’wretler, diywali’ gazetalar, Berdaq shayi’rdi’n’ tuwi’sqanlari’, ilimpazlardi’n’ miyneti, ilimiy maqalalar menen jaqi’nnan tani’sadi’. Demek woqi’wshi’lar to’mendegi bilim ko’nlikpelerin iyeleydi:

- jazi’wshi’lardi’n’ kitaplari’ menen tani’sadi’
- jazi’wshi’lardi’n’ qol jazbalari’ menen tani’sadi’
- so’z sheberinin’ xatlari’ menen tani’sadi’
- zamanlaslari’ni’n’ pikirleri menen tani’sadi’

- ilimpazlardi’n’ jazg’an monografiyalari’ menen (N.Da’wqaraev “Berdaq”, I.Sag’i’ytov “Berdaq tvorchestvosi’” (1958), “Sahra bu’lbili” (1978), A’.Paxratdinovti’n’ “Berdaqti’n’ da’stanli’q shi’g’armalari’” (1987), Sh.A’bdinazimovti’n’ “Berdaqti’n’ shi’g’armalari’ni’n’ tili”) tani’si’p, tu’sinigin artti’radi’.

Klassqa kelgennen keyin woqi’wshi’lar menen birlikte shayi’r muzeyindegi ko’rinisler ha’m jan’ali’qlar haqqi’nda pikir ali’si’w wo’tkeriledi. Wolar qi’sqasha mazmunda yerkin shi’g’arma jumi’si’n jazg’ani’ metodikali’q talaplarg’a juwap beredi.

A’debiy sayaxatti’n’ yekinshi bir tu’ri – bul shayi’rlar jasag’an jerlerge turistlik sayaxat yesaplanadi’. Bul haqqi’nda belgili professor A’.Paxratdinov «Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’» (“Bilim”. 2004) kitabi’nda toqtap, azi’-kem metodikali’q ko’rsetpeler bergen. Metodisttin’ pikiri boyi’nsha “Turistlik sayaxat wo’tilgen materiallardi’n’ mazmuni’na qarap belgilenedi. Mi’sali’: **tariyxi’y wori’nlarg’a, jazi’wshi’ni’n’ jasag’an jerlerine turistlik sayaxat jasali’wi’ mu’mkin”**[52] dep atap wo’tedi. Bul pikirler **S.Dolimov, H.Ubaydullaev, Q.Axmedovlardi’n’ “Adabiyot wqitish metodikasi”, Safo Matjonni’n’ “Maktabda adabiyotdan mustaqil ishlar”**[53]**, M.Pirnazarovti’n’ “Maktabda Uyg’unning hayoti va ijodini o’rganish”**[54] si’yaqli’ metodikali’q miynetlerde bul ma’sele haqqi’nda azi’-kem so’z yetiledi.

5-klass woqi’wshi’lari’n a’debiy sayaxatqa apari’w ju’da’ paydali’. Wolardi’n’ jas wo’zgesheliklerin yesapqa alsaq maqsetke muwapi’q boladi’. Woqi’wshi’lar menen sabaqtan keyin waqti’-waqti’ a’debiy sayaxatlardi’ wo’tkerip turi’w lazi’m.

5-7-klasslarda ta’biyatqa, u’lkeni u’yreniw muzeylerine, ko’rgizbege, kitapxanalarg’a a’debiy sayaxatlarg’a apari’p, woqi’wshi’lar menen jazba jumi’slar, soraw-juwap wo’tkergen maqsetke muwapi’q. Joqarg’i’ klasslardi’n’

---

[52] **Ә.Пахратдинов. «Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы» “Билим”, 2004, 234-бет.**
[53] **С.Матжон. “Мактабда адабиётдан мустақил ишлар”. Т. Ўқитувчи, 1996.**
[54] **М.Пирназаров “Мактабда Уйғуннинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш”. Т. Ўқитувчи, 1972.**

woqi'wshi'lari' ushi'n shayi'rlardi'n' jasag'an jerleri, jazi'wshi'lardi'n' muzeylerine sayaxatqa bari'w paydali'. Wolardan sayaxatlarg'a puxtali'q penen ayri'qsha tayarlani'wdi' talap yetedi. A'debiyatshi' mug'allim sayaxat wo'tkeriletug'i'n jerde buri'n boli'p, basshi' menen kelisip ali'wi', woni'n' menen ushi'rasi'p, sayaxatti'n' mazmuni' tuwrali' so'ylesip ali'wi' kerek. Woqi'wshi'lardi' a'debiy sayaxatqa tayarlag'anda wolarg'a sayaxatti'n' maqsetin ha'm bag'dari'n, waqti'n, ji'ynali'w worni'n ayti'w, kerek bolsa, wolardi' toparlarg'a bo'listirip, ayi'ri'm woqi'wshi'larg'a tapsi'rmalar beriw, sayaxat bari'si'nda woqi'wshi'larg'a ta'rtip ha'm minez-quli'q qa'delerdi tu'sindiriw lazi'm. Sayaxatti' wo'tkergende ta'rtiptin' buzi'lmawi'na, uzayi'p ketpewine itibar beriw kerek. Demonstratsiya yetip ko'rsetiletug'i'n wobektlerdin' aldi'nda woqi'wshi'lardi' duri's jaylasti'ri'w, wolardi'n' di'qqati'n yen' a'hmiyetli ta'repinen tu'sindirilgenlerdi ja'ne wo'z baqlawlari'ni'n' na'tiyjelerin jazi'p bari'wlari'na itibar beriw sha'rt. A'debiy sayaxat wo'tkerilip bolg'annan son' a'dette wog'an juwmaq shi'g'ari'ladi'. Gu'rrin'nin' waqti'nda woqi'wshi'lardi'n' a'debiy sayaxatta neni ko'rgenlerin ha'm sayaxatti'n' woqi'wshi'larg'a qanday ta'sir ko'rsetkenligin ani'qlaw ku'ta' a'hmiyetli. Sayaxat waqti'nda jazi'wshi'lar tuwrali' illyustratsiyalawshi' material ji'ynalg'an bolsa, woni' albomlar, tablitsalar, kesteler, slaydlar tu'rinde bezew lazi'm. Geyde woqi'wshi'lar wo'tkerilgen a'debiy sayaxat tiykari'nda gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'w mu'mkin. Bunda Berdaq, A.Dabi'lov, S.Nuri'mbetov, J.Aymurzaev, M.Nurmuxammedov, T.Qabulovlardi'n' do'retiwshiligine arnali'p shi'g'ari'li'w kerek. Usi' mazmunda woqi'wshi'lar menen diywali' gazeta shi'g'ari'w ushi'n buri'nnan kelisip ali'nadi'. Woqi'wshi'lar sayaxat dawami'nda jazi'wshi'ni'n' muzeyinen ta'sirlerin, wolardi'n' qol jazbalari' ha'm su'wretleri menen tani'si'p, mag'li'wmat toplaydi'. A'debiy sayaxat wo'tkergende wog'an klassti' tayarlaw, sayaxat waqti'nda barli'q woqi'wshi'lardi'n' paydali' ba'nt boli'wi'n ta'miyinlew, sayaxatti' shayi'rlardi'n' do'retpeleri, wo'mir joli' wolarda qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatatug'i'n da'rejede boli'wi' lazi'm. Woqi'wshi'larda a'debiy ko'rkem shi'g'armalardi' woqi'wg'a

qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w maqsetinde wo’tkerilgen sayaxat tiykari’nda stend yamasa foto ko’rgizbelerdi sho’lkemlestiriw ha’m toplag’an materiallardi’ woqi’ti’w ha’m ta’rbiyalaw jumi’si’nda paydalani’w kerek. A’debiy sayaxatti’n’ ja’ne bir tu’ri ta’biyat qushag’i’na turistlik sayaxat wo’tkeriw boli’p tabi’ladi’. Geypara mekteplerde jazg’i’ dem ali’s ku’nleri tariyxi’y jerlerge ha’r ji’li’ da’stu’rli sayaxatlar wo’tkerilip turi’ladi’. Ta’biyatqa a’debiy sayaxat woqi’wshi’lardi’ fizikali’q jaqtan shi’ni’qti’ri’p g’ana qoymay, wolardi’n’ woy-wo’risin ken’eytedi. Klass ja’ma’a’tinin’ birigiwine, woqi’wshi’larda bahali’ moralli’q qa’siyetlerdin’ qa’liplesiwi ha’m bekkemleniwine ja’rdem yetedi. Geyde sayaxat bari’si’nda ta’biyatqa, shayi’rlardi’n’ wo’mirine baylani’sli’ paydali’ mag’li’wmatlardi’ tabadi’. Sayaxatti’n’ aldi’nan woqi’wshi’lardi’n’ den sawli’g’i’n jaqsi’lap teksertip ko’riw lazi’m. Wonda to’mendegilerge di’qqat awdari’ladi’:

**1.** Sayaxatti’n’ maqseti.

**2.** Marshrut ju’retug’i’n ani’q jol, toqtap turi’w wori’nlari’, ayi’ri’m jerlerde ha’reket yetiw usi’llari’.

**3.** Joldag’i’ ha’reket kestesi.

**4.** Sayaxatta a’debiy materiallar, shayi’rlardi’n’ wo’miri ha’m do’retpelerine baylani’sli’ ji’ynawdi’n’ usi’llari’.

**5.** Sayaxatta marshrut kartasi’n, ha’r kimnin’ wazi’ypasi’n, qatnasi’wshi’lardi’n’ dizimin, kerek jaraqlardi’n’ dizimin qosi’w;

Woqi’wshi’lardi’ sayaxatqa tayarlag’anda woni’n’ qatnasi’wshi’lari’ni’n’ wortasi’nda minnetler ha’m wazi’ypalar bo’listiriledi. Woqi’wshi’larg’a basli’q, ma’deniy sho’lkemlestiriwshi, fotograf, su’wretshi, ku’ndelik ali’p bari’w tapsi’ri’ladi’. Sayaxat bari’si’nda woqi’wshi’lardi’n’ fizikali’q ha’m moralli’q awhali’ haqqi’nda atalarsha g’amxorli’q ko’rsetiliwi kerek. Wolardi’n’ den-sawli’g’i’n qorg’awdi’ ta’miyinlew pa’n mug’alliminen talap yetiledi. Sayaxattan qayti’p kelgennen woqi’wshi’lar menen birlikte «Watani’mi’zdi’n’ bay u’lkeleri», «Ta’biyat-bizin’ dosti’mi’z», «Shayi’rlar u’yi-bul a’debiy wori’n», «Jazi’wshi’lar kitapxanasi’-bul ma’deniy ha’m ruwxi’yli’q bayli’q», «Quslar-bizin’ dosti’mi’z»,

«Haywanatlarg'a g'amxorli'q kerek» si'yaqli' temalar boyi'nsha jazba jumi's wo'tkeriw pa'n mug'allimlerinin' a'diwli wazi'ypasi'. Bul usi'l arqali' woqi'wshi'lardi'n' a'debiyatqa bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n artti'radi'.

## III .3. KLASSTAN TI'S JUMI'SLARDI' QARAQALPAQ A'DEBIYATI' BO'LMESİNDE WO'TKERIW USI'LLARI'

Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha bo'lmeler bar. Bunda tiykari'nan klassta wo'tiletug'i'n a'debiyat sabaqlari' ha'm klasstan ti's jumi'slardi'n' tu'rleri wo'tkeriledi. Sonli'qtan qaraqalpaq a'debiyati' kabineti ha'r ta'repleme talapqa juwap beretug'i'n da'rejede u'skeneleniwi lazi'm. Bul ma'sele boyi'nsha prof. A'.Paxratdinov: **"Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' kabinetinde qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha wo'tkeriletug'i'n sabaqlardi'n' barli'g'i' sonda wo'tkeriliwi kerek. Qaraqalpaq a'debiyati' kabinetinde a'debiy tvorchestvoli'q dram-krujok, ko'rkem woqi'w ha'm ko'rkem so'ylep beriw krujoklari' wo'z jumi'slari'n ali'p baradi'",**[55] - dep pa'n bo'lmesinin' a'hmiyetin tu'sindirip wo'tedi.

**Qaraqalpaq a'debiyati' kabineti** – bul klasstan ti's jumi'slardi'n' tu'rleri wo'tiletug'i'n woqi'w worni'. Bul bo'lmeni bezew qaraqalpaq tili ha'm a'debiyat mug'allimleri ha'm do'gerek ag'zalari'ni'n', woqi'wshi'lardi'n' qatnasi'nda a'melge asi'ri'ladi'. 5-9-klass woqi'wshi'lari'na qaraqalpaq a'debiyati' bo'lmesin bezewde to'mendegi jumi's lar tapsi'ri'ladi':

- Woqi'wshi'lar woqi'g'an ko'rkem shi'g'armalari' tiykari'nda a'debiyat bo'lmesine su'wretler, albomlar tayarlap keliwi kerek;
- Woqi'wshi'lar arasi'nan shi'qqan yen' talantli'lari' arqali' diywali' gazeta ha'm a'debiy jurnallar sho'lkemlestiriw;
- Wolardi'n' ja'rdeminde a'debiy mu'yesh sho'lkemlestiriw ha'm woni' bayi'ti'w;

[55] **Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. "Билим", 1992, 298-бет.**

- Ataqli' jazi'wshi' ha'm shayi'rlardi'n', belgili ali'mlardi'n' miynetlerinen siltemeler ali'p, diywallarg'a estetikali'q talaplarg'a juwap beretug'i'n da'rejede qi'sti'ri'p qoyi'w tapsi'ri'li'wi' lazi'm.

Qaraqalpaq a'debiyati' mug'allimleri ta'repinen wori'nlanatug'i'n metodikali'q wazi'ypalar:

- Qaraqalpaq a'debiyati' bo'lmesinin' bezeliwine ha'm tazali'g'i'na juwapker yesaplani'p, wolardi'n' basshi'li'g'i'nda metodikali'q jumi'slar menen bayi'ti'w lazi'm;
- A'debiyat boyi'nsha wo'tkeriletug'i'n klasstan ti's jumi'sti'n' tu'rleri: a'debiy keshe, woqi'w konferenciya, do'gerek jumi'slari'n a'debiyat bo'lmesinde sho'lkemlestiriw;
- A'debiyat bo'lmesin metodikali'q ha'm ko'rkem kitaplar menen bayi'ti'p bari'w;
- A'debiyat bo'lmesine woqi'wshi'lardi'n' ja'rdemi menen islengen grafikali'q du'zilisler, tablitsalar, shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi'n' ta'rbiyali'q a'hmiyeti ku'shli so'zlerinen u'zindiler jazi'lg'an plakatlar, woqi'wshi'lardi'n' wo'zleri soqqan bag'darlamadag'i' materiallar tiykari'nda su'wretler a'debiyatshi' mug'allimnin' basshi'li'g'i'nda wori'nlani'wi' lazi'm. Sonday-aq, "Jas a'debiyatshi'", "A'debiyat-wo'mir shi'nli'g'i'" degen temalarda diywali' gazetalar sho'lkemlestiriliwi kerek.

Klasstan ti's jumi'slardi' a'debiyat bo'lmesinde wo'tkeriw ta'rtibi haqqi'nda toqtap wo'teyik. Klasstan ti's jumi'slardi'n' barli'g'i'n a'debiyat bo'lmesinde wo'tkeriliwi metodikali'q talaplardan yesaplanadi'. Solardi'n' biri do'gerek jumi'slari' a'debiyat bo'lmesinde wo'tkerilgende to'mendegi metodikali'q talaplar basshi'li'qqa ali'ni'wi' kerek:

- Do'gerek ag'zalari' si'yatug'i'n wori'nli'qlar menen ta'miyin yetiliwi lazi'm;

- A’debiyat bo’lmesi taza, jaqsi’ metodikali’q talaplarg’a juwap beretug’i’n u’skeneler menen bezelgen boli’wi’ tiyis;
- Do’gerek ag’zalari’ni’n’ qatnasi’nda texnikali’q qurallardi’n’ tu’rleri paydalani’li’wi’ kerek;
- A’debiyat bo’lmesine do’gerek ag’zalari’ diywali’ gazeta ha’m jurnallar shi’g’ari’wi’ tiyis.

A’debiyat bo’lmesinde do’gerek jumi’slardi’n’ barli’q tu’rlerin wo’tkeriw mu’mkin. Wonda ko’rkem woqi’w do’geregi, dramali’q do’geregi, do’retiwshilik do’gerek jumi’slari’ qi’zi’qli’ sho’lkemlestiriledi. Ko’rkem woqi’w do’gerek jumi’si’n wo’tiw bari’si’nda a’debiyat bo’lmesindegi ko’rkem shi’g’armalar turg’an mu’yeshten paydalansa boladi’. Bul jerde Jiyen ji’raw, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, Wo’tesh, A.Muwsaev, S.Ma’jitov, Q.A’wezov, M.Da’ribaev, N.Da’wqaraev, A’.Shamuratov, J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Qayi’pbergenov, K.Raxmanov, T.Qabulov h. t. basqa so’z sheberlerinin’ do’retpeleri wori’n alg’an. Sonli’qtan do’gerek ag’zalari’ jumi’sti’n’ ji’lli’q jobasi’nda wo’tiletug’i’n temalarg’a baylani’sli’ usi’ jazi’wshi’lardi’n’ do’retpelerinen paydalana beredi.

A’debiyat bo’lmesinde dramali’q shi’g’armalardan A’.Wo’tepovti’n’ “Ten’in tapqan qi’z”, Q.A’wezovti’n’ “Tilek joli’nda”, S.Xojaniyazovti’n’ “Su’ymegenge su’ykenbe”, K.Raxmanovti’n’ “Kelin”, “Wo du’nyag’a mira’t” si’yaqli’ do’retpelerdi paydalani’w lazi’m. Bul do’retpelerdi woqi’wshi’lar ha’m woqi’ti’wshi’lar jaqsi’ bilip, do’retpelerdin’ syujeti, kompozitsiyasi’, obrazlari’, ko’rkemlew qurallari’ tuwrali’ jaqsi’ tu’sinikke iye boli’p, woqi’wshi’lar bulardi’ klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tiw bari’si’nda wo’z betinshe u’yrenip bari’wlari’ lazi’m. Demek, a’debiyat bo’lmesinde woqi’wshi’lardi’n’ talaplari’n qandi’ratug’i’n estetikali’q talaplarg’a juwap beretug’i’n ko’rkem do’retpelerdin’ boli’wi’ wolardi’n’ a’debiyatqa bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ha’m tu’sinigin artti’ri’p, jetilistirip baradi’. Na’tiyjede wolardi’n’ ko’rkem so’zdin’ qa’dir qi’mbati’na, ma’nisine itibari’ ku’sheyedi.

Uluwma bilim beretug'i'n mekteplerde jaqsi' sho'lkemlestirilgen qaraqalpaq a'debiyati' kabineti boli'wi' kerek. Sebebi bul kabinet, birinshiden qaraqalpaq a'debiyati' mug'allimlerine sabaq wo'tiw ushi'n ko'meklesedi, yekinshiden qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha klasstan ti's jumi'slardi' wo'tkeriwdin' worayi' boli'p yesaplanadi'. Sonday-aq, to'men u'lgeriwshi woqi'wshi'lar menen jeke islesiw worni', woqi'wshi'lar menen qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha fakultativ sabaq wo'tiwge mu'mkinshilik beredi. Kabinet jumi'si'ni'n' xarakteri ha'r bir pa'nnin' bag'darlamali'q materiallari'ni'n' mazmuni'na baylani'sli' boladi'. Solay da qaraqalpaq a'debiyati' kabineti – mug'allim menen woqi'wshi'lardi'n' jumi's worni'. Sebebi bunda qaraqalpaq a'debiyati' sabag'i'n woqi'tadi', konsultatsiya uyi'mlasti'ri'ladi', klasstan ti's jumi'slar wo'tkeriledi. Ayi'ri'm jag'dayda woqi'wshi'lar sabaqlari'n tayarlaydi'. Mug'allim geyde to'men u'lgeriwshiler menen islesedi. Mekteptegi a'debiyat mug'allimlerinin' metodikali'q ken'esleri, mug'allimnin' sabaqlari'na tallawlar wo'tkerilip turi'ladi'. Sonli'qtan usi' jumi'slarg'a kerekli barli'q metodikali'q a'debiyatlardan Azizxwjaeva N.N. “Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat”. (Toshkent, 2003), Boboev T. “Adabiyotshunoslik asoslari” (Toshkent, 2002), Golubkov V. “Adabiyot o'qitish metodikasi” (M. 1988), Dolimov S., Ubaydullaev H., Axmedov K. “Adabiyot o'qitish metodikasi” (Toshkent, 1967), Zunnunov A. “Pedagogik tadqiqot metodikasi” (Toshkent, 2000), Yo'ldoshev Q. “Adabiy saboqlar” (Toshkent, 2004), Pirnazarov M. “Maktabda Uyg'unning hayoti va ijodini o'rganish” (Toshkent, 1972), Husanboeva Q. “Adabiy talimda mustaqil fikrlashga o'rgatish asoslari” (Toshkent, 2000), Tuxliev B. “Adabiyot o'qitish metodikasi” (Toshkent, 2010), Paxratdinov A'. “Qaraqalpaq a'debiyati'n woqi'ti'w metodikasi'” (No'kis, 2010) h. t. b. miynetler, ha'r qi'yli' materiallar, prezidenttin' miynetleri, ha'r qi'yli' tematikali'q ko'rsetpeli qurallar, texnikali'q qurallar, wolardi' qollani'wg'a arnalg'an metodikali'q ko'rsetpeler ha'm woqi'wshi'lardi'n' jumi's islewine kerekli woqi'w qurallari' menen ta'miyin yetilgen boli'wi' tiyis.

**Mekteptegi a’debiyat bo’lmesi** – bul sol mekteptegi a’debiyatti’n’ woqi’ti’li’w jag’dayi’n ko’rsetip turatug’i’n aynasi’ boli’p yesaplanadi’. Sonli’qtan joqari’dag’i’ aytqani’mi’zday mug’allimnin’ basshi’li’g’i’nda do’gerek ag’zalari’ni’n’, woqi’wshi’lardi’n’ ja’rdeminde bo’lmenin’ bezeliwine ko’birek itibar berip, woni’n’ pedagogikali’q talapqa juwap beriwine kewil berip bari’w kerek. Sonday-aq, a’debiyat bo’lmesinde barli’q klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkerip turatug’i’n woqi’w worni’ bolg’anli’qtan, sog’an baylani’sli’ texnikali’q qurallar, slaydlar, kompyuter, proektor, yepidoskop, magnitofon si’yaqli’ materiallar tabi’li’wi’ kerek. Woqi’wshi’lardi’n’ klasstan ti’s wo’tkergen jumi’slardi’n’ juwmag’i’ usi’ wori’nda shi’g’ari’li’p, do’gerek jumi’slari’ boyi’nsha arnawli’ is qag’azlardi’ saqlaytug’i’n, bayanatlar, slaydlar si’yaqli’ na’rselerdi ji’ynap qoyatug’i’n wori’n boli’wi’ lazi’m. A’debiyatqa baylani’sli’ folklor, klassik shayi’rlar bolg’an Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, Wo’tesh do’retpeleri boyi’nsha, XX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ wa’killeri A.Muwsaev, S.Ma’jitov, A.Begimov, T.Qayi’pbergenov, I.Yusupov, T.Qabulov, K.Ma’mbetov, S.Bahadi’rova, K.Allambergenov si’yaqli’ jazi’wshi’lari’na arnap ko’rgizbe mu’yesh sho’lkemlestirgeni maqul.

Qaraqalpaq a’debiyati’ kabineti ushi’n yen’ za’ru’rli wazi’ypalardi’n’ biri – mug’allimlerdi ilim jan’ali’qlari’ menen tani’sti’ratug’i’n “Mug’allim ha’m u’zliksiz bilimlendiriw”, “Ilim ha’m ja’miyet”, “O’zbekiston adabiyoti va sanati”, “Ustaz joli’”, “Jahon adabiyoti”, “Sharq yulduzi” si’yaqli’ gazeta ha’m jurnallar boli’wi’ lazi’m. A’debiyat bo’lmesinde bulardan basqa jan’a ko’rkem ha’m ilimiy metodikali’q kitaplar (A’.Paxratdinov “Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’”. No’kis. “Bilim”, 2004), (“8-klass ushi’n metodikali’q qollanba”. No’kis, 2009), (“Pedagogikali’q praktika boyi’nsha metodikali’q qollanba”) ko’rsetilip qoyi’li’wi’ tiyis.

Qaraqalpaq a’debiyati’na arnalg’an bo’lmeni bu’gingi pedagogikali’q ha’m metodikali’q talaplarg’a muwapi’q bezew lazi’m. Bul jerde prezident miynetlerinen ali’ng’an danali’q so’zler, qaraqalpaq a’debiyati’na baylani’sli’ ha’r

qi'yli' ilimiy kitaplar, metodikali'q qollanbalar, N.Da'wqaraev, Q.Ayi'mbetov, I.Sag'i'ytov, M.Nurmuhammedov, A.Paxratdinov, Q.Ja'rimbetov, Q.Worazi'mbetov si'yaqli' ali'mlardi'n' monografiyali'q miynetlerin, shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi'n' su'wretleri, bag'darlamadag'i' materiallar tiykari'nda ko'rsetpeli qurallar menen texnikali'q qurallar ha'm basqalar wori'n ali'wi' kerek.

Qaraqalpaq a'debiyati' bo'lmesinde metodikali'q hu'jjetler: qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha bag'darlama, "Bilimlendiriw" ni'zami', "Kadrlar tayarlawdi'n' milliy bag'darlamasi'", sabaqqa baylani'sli' talaplar, ashi'q ha'm ko'rsetpeli sabaqlardi'n' jobalari', tekstleri, metodikali'q ha'm usi'l birlespe ken'esinde tali'qlani'wi' tiyisli temalardi'n' teksti, bayanat tekstleri, wolardi' tali'qlap barg'an protokollar, bag'darlamag'a sa'ykes qaraqalpaq a'debiyati' sabag'i'ni'n' metodikali'q ko'rsetpeleri, Bilimlendiriw ministrligi, rayonli'q ha'm qalali'q bo'limleri ta'repinen usi'ni'lg'an metodikali'q usi'ni'slar boli'wi' lazi'm. Ag'la mug'allimlerdin' ta'jiriybeleri, qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha du'zilgen jumi's ha'm tematikali'q jobalar, mug'allimlerdin' ju'rgizgen pedagogikali'q ha'm psixologiyali'q ku'ndelikleri ha'm tag'i' basqalar saqlanadi'. Bulardi' reti menen mug'allimler paydalani'p, metodikali'q ha'm pedagogikali'q bilimlerin jetilistirip baradi'.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' wa'killerinin' su'wreti ani'q ha'm estetikali'q talaplarg'a say qi'sti'ri'li'p turi'w lazi'm. Wolardi'n' a'debiyat haqqi'nda aytqan pikirlerinen u'zindileri diywallardan wori'n ali'wi' kerek. Ma'selen, "Gu'mis tez sawi'lar ha'm pa'nt beredi, Danali'q so'z gu'mis ali'p keledi".

(Yusup Ha's Ha'jib)

Bilim menen tu'sin so'zdin' ma'nisin,
Bilim menen baqla ha'r adam isin.

(Yusup Ha's Ha'jib)

Bilim menen baxi't joli' ashi'lar,
Yel g'ami'n woylag'an wog'an asi'g'ar.

(Axmed Yugnakiy)

Bilimli du’nyani’ ko’rkeyter tag’i’,
Soni’n’ ushi’n ba’lent bolar atag’i’.

(Axmed Yugnakiy)

Taza minsiz hasi’l so’z,
Woy tu’binde jatadi’.

(Asan qayg’i’)

Jumi’s isle tuwi’lg’an son’ yel ushi’n,
Jani’n’di’ ayama yelde yer ushi’n,
Kindikten qan tami’p tuwi’lg’an jer ushi’n,
Wo’lip ketkenin’she xi’zmet jaqsi’raq.

(Berdaq shayi’r)

Pushkin – rus, Shevchenko – ukrain, Rustaveli – gruzin, Nawayi’ - wo’zbek, Abay – qazaq, Maqtumquli’ – tu’rkmen xali’qlari’ ushi’n qanday bolsa, Berdaq ta qaraqalpaq xalqi’ ushi’n sonday. Berdaq – qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ni’n’ shi’n’i’.

(Marat Nurmuhammedov)

Bulardi’ waqti’-waqti’ wo’zgertip, ta’rbiyali’q a’hmiyeti ku’shli danali’q so’zler, ali’mlardi’n’ qaraqalpaq a’debiyati’ tuwrali’ aytqan pikirleri menen wo’zgertip turg’an maqsetke muwapi’q boladi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’ kabinetinde mu’mkinshiligi bolsa texnikali’q qurallardi’ taza ha’m maqsetke muwapi’q saqlani’w kerek. Bu’gingi pedagogikali’q texnologiya jetiskenliklerine muwapi’q kompyuter, woni’n’ proektori’, magnitofon tu’rleri, epidoskop si’yaqli’ tu’rlerinen paydalani’w pa’n mug’alliminen texnikali’q ha’m metodikali’q sheberlikti talap yetedi.

Magnitofon plyonkalari’na ataqli’ baqsi’ ha’m ji’rawlari’ni’n’ atqarg’an da’stanlari’ “Alpami’s”, “Qi’ri’q qi’z”, “Yedige”, “Ma’spatsha”, “G’a’rip-ashi’q”, xali’q qosi’qlari’, yertekler jazi’p ali’ng’an boli’wi’ kerek. Kerek jerinde yag’ni’y sabaq bari’si’nda a’debiyatshi’ mug’allimler paydalana aladi’. Bulardan basqa Berdaq, A’jiniyaz, I.Yusupov, J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, B.Qayi’pnazarov h.t.

basqa shayi’rlardi’n’ nama menen ayti’latug’i’n qosi’qlari’n magnitofon plyonkasi’na jazi’p qoyg’an duri’s boladi’.

Ko’rkem so’zdin’ ta’sirli woqi’wi’na di’qqatli’ boli’wi’mi’z lazi’m. Sonli’qtan qosi’qlardi’, prozali’q ha’m dramali’q shi’g’armalardi’ artistler ha’m jazi’wshi’lar ta’repinen ta’sirli ayti’lg’an so’zlerinde magitofong’a jazdi’ri’p qoyg’an ko’p na’tiyjeler beredi.

Qaraqalpaq a’debiyati’ kabinetinde klasstan ti’s jumi’slardi’ waqti’nda wo’tkerip turi’w – bul woqi’wshi’lardi’n’ woni’n’ tu’rlerine bolg’an, a’sirese do’gerek jumi’slari’na, ko’rkem woqi’wg’a, a’debiy keshe wo’tkerip turi’wg’a, diywali’ gazeta ha’m jurnallar shi’g’ari’wg’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’p baradi’.

## JUWMAQLAW

G’a’rezsizlikke yerisilgen ku’nnen baslap, xali’q bilimlendiriw xi’zmetkerlerin materialli’q ha’m ruwxi’y xoshametlew, ja’rdem beriw ma’selelerine itibar ku’sheytildi. 1997-ji’li’ fevralda Prezident Islam Karimov Ministrler Kabinetindegi ji’ynali’sta bilimlendiriw sistemasi’n tu’pkilikli reformalaw ma’selesin ko’terdi. Bul boyi’nsha Prezident mi’naday deydi: “Bilimlendiriw sistemasi’n tu’pkilikli qayta ko’rip shi’g’i’w waqti’ jetti, professional bilimlerdi iyelew imkaniyatlari’n ken’eytiw, administrator-menedjerlerdi tayarlawdi’ jolg’a qoyi’w, jan’a sharayatlarda, jan’a zamanago’y texnologiyalarda islewge qa’biletli jumi’sshi’ ha’m qa’nigelerdi tayarlawdi’ jolg’a qoyi’w lazi’m”. Solay yetip qabi’l yetilgen “Bilimlendiriw haqqi’nda”g’i’ Ni’zam ha’m “Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’”, zamanago’y, jan’a u’zliksiz bilimlendiriw sistemasi’n ju’zege keltiriwge, Wo’zbekstan bilimlendiriw sistemasi’n tu’pkilikli reformalawg’a tiykar boldi’. Uluwma worta bilim beriw u’zliksiz bilimlendiriw sistemasi’nda tiykarg’i’ buwi’n boli’p, bilim ali’wshi’lardi’n’ ilimiy bilimler ali’wi’n, miynet bilimi, baslang’i’sh ka’sip ko’nlikpeleri, isbilermenlik tiykarlari’n iyelewin, sonday-aq wo’zlerinin’ do’retiwshilik qa’biletleri ha’m ruwxi’y pazi’yletlerin rawajlandi’ri’wlari’n ta’miyinleydi. “Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’” tiykari’nda islep shi’g’i’lg’an ha’m Ministrler Kabineti ta’repinen 1999-ji’l avgustta tasti’yi’qlang’an “Uluwma worta bilim beriwdin’ ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’” tiykari’nda jan’a woqi’w bag’darlamalari’ turmi’sqa yengizildi. Sabaqli’qlardi’n’ jan’a a’wladi’n do’retiw boyi’nsha izleniwler ali’p bari’lmaqta. Usi’ ko’z qarastan qarag’ani’mi’zda “Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw metodikasi’” boyi’nsha magistrlik Dissertaciyali’q jumi’si’mdi’ u’sh bapqa bo’lip izertledim.

I bap. “Klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniwdin’ ilimiy teoriyali’q tiykarlari’” dep atali’p, wonda uluwma worta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’n’ mazmuni’ ha’m tu’rlerin u’yreniw

ma’seleleri, qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha do’gerek jumi’slari’n sho’lkemlestiriw usi’llari’, a’debiy konferenciya ha’m a’debiy keshe wo’tkeriw usi’llari’ izertlendi.

- S.Dolimov, H.Ubaydullaev, Q.Axmedovlar ta’repinen woqi’wshi’lardi’n’ bilim da’rejesin ken’eyttiriw, bilimin asi’ri’w, wolardi’ watanni’n’ sadi’q perzentleri yetip ta’rbiyalawda klasstan ha’m mektepten ti’sqari’ ali’p bari’latug’i’n jumi’slarg’a ayri’qsha a’hmiyet beriw kerekligi ayti’p wo’tiledi. Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slar mazmuni’ ha’m maqsetine qaray bir neshe tu’rlerge bo’linip, bul haqqi’nda Q.Yuldoshev, Wo.Madaev, A’.Paxratdinov, Q.Yusupovlar bazi’ bir pikirlerin wori’nli’ bildirgen. Prof. Q.Yuldoshev, Wo.Madaevlar do’gerek jumi’slari’, woni’n’ tu’rleri boyi’nsha pikir bildirgen. A’.Paxratdinov a’debiy do’gerek, konferenciya, diywali’ gazeta ha’m jurnal, a’debiy kesheler, a’debiy sayaxatlar si’yaqli’ tu’rlerine qi’sqa toqtap wo’tken. Biraq ma’seleler toli’q ashi’lmag’an. Klasstan ti’s jumi’sti’n’ tu’rlerine wo’z pikirimizdi, metodikali’q ko’rsetpelerdi bildirip bardi’q.
- “Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha do’gerek jumi’slari’n sho’lkemlestiriw usi’llari’” degen bo’limde 5-9-klasslarda do’gerek jumi’si’n wo’tkeriwdin’ metodikasi’ izertlenedi. Wo’z pikirimizdi S.Dolimov, H.Ubaydullaev, Q.Axmedov, Q.Ywldoshev si’yaqli’ metodistlerdin’ do’gerek jumi’si’na baylani’sli’ aytqan pikirleri menen bayi’ti’p bardi’q. S.Dolimov, H.Ubaydullaevlar “A’debiy do’retiwshilik do’geregi, dramali’q do’gerek, ko’rkem woqi’w ha’m ko’rkem gu’rrin’ yetiw do’gerekleri” dep bo’lip wo’tken. Bul haqqi’nda Q.Yuldoshev, Wo.Madaevlar “A’debiy do’retiwshilik do’geregi, ko’rkem woqi’w do’geregi, dramali’q do’geregi, a’debiy u’lketani’w do’geregi” dep bo’lip ko’rsetken bolsa, bul pikirlerdi basshi’li’qqa ali’p do’gerek jumi’slari’n “epikali’q, lirikali’q, dramali’q ha’m klasslarg’a qarap bo’linetug’i’n do’gerek jumi’slari’” dep bo’lgendi maqul ko’rdik. Bul haqqi’nda bazi’ bir metodikali’q pikirler bildirip wo’ttik.

- A’debiy konferenciyani’ wo’tkeriwdin’ metodikali’q ta’repleri izertlendi. Belgili metodistler A.Zunnunov, K.Juraev, Q.Yuldashev, S.Ismatov, Z.Ayjanovalar ta’repinen bir qansha metodikali’q pikirler az ayti’lg’an. Sonli’qtan konferenciya wo’tkeriwdin’ metodikasi’ ko’rip shi’g’i’ldi’. Birinshiden tematikali’q bag’darda ko’rkem do’retpelerge arnalsa, yekinshiden wolardi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligine baylani’sli’ wo’tiwdin’ metodikali’q ta’repleri izertlendi.

II bapta “Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’z betinshe pikirlew qa’biletin jetilistiriw ma’seleleri” di’qqatqa ali’ndi’. Bul ma’sele boyi’nsha Q.Yuldoshev, B.Tuxliev, Q.Husanboevalardi’n’ miynetlerinde bazi’ bir pikirler ayti’lg’an. Bularg’a wo’z pikir usi’ni’slari’mdi’ bildirip wo’ttim.

- Klasstan ti’s woqi’wdi’ sho’lkemlestiriw usi’llari’ ko’rip shi’g’i’ldi’. Bunda 5-9-klasslar ushi’n arnalg’an a’debiyat bag’darlamasi’nda berilgen qosi’msha woqi’w materiallari’ haqqi’nda si’n pikirler ayti’ldi’. Qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha ko’rgizbe mu’yesh, diywali’ gazeta ha’m jurnallardi’n’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’z betinshe pikirlew qa’biletin bayi’ti’wdag’i’ a’hmiyetleri tu’sindirildi. Wolardi’ sho’lkemlestiriw metodikasi’ izertlenip, bazi’ bir metodikali’q pikirler bildirildi.
- A’debiy keshelerdi wo’tkeriw bari’si’nda slayd, interaktiv metodti’n’ tu’rlerinen paydalani’wdi’n’ metodikasi’ ko’rip shi’g’i’ldi’. **N.Azizxujaeva, W.Tolipov, M.Usmonboeva[56]lardi’n’** jan’a pedagogikali’q texnologiyani’n’ tiykarlari’ boyi’nsha ayti’lg’an pikirleri basshi’li’qqa ali’ndi’.
- Do’gerek jumi’slari’nda “mu’yeshler”, mashqalali’ sheshiw metodlari’nan paydalani’w usi’llari’ J.Aymurzaevti’n’ dramali’q shi’g’armalari’, XIX a’sirdegi shayi’rlar poeziyalari’ mi’sali’nda ko’rip shi’g’i’ldi’. Bunda

[56] **Ў.Қ.Толипов, М.Усмонбоева. Педагогик технологияларнинг татбиқий асослари. Тошкент, 2006.**

klasstan ti’s jumi’sti’n’ tu’ri do’gerek jumi’si’nda u’yreniliw ma’selesi izertlendi.

“Klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniwdin’ ayi’ri’m metodikali’q ma’seleleri” degen III babi’nda pa’n olimpiadasi’n wo’tkeriw meodikasi’, a’debiyat bo’lmesinde klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriw usi’llari’, a’debiy sayaxatlar sho’lkemlestiriw ma’seleleri metodikali’q jaqtan izertlenip, bazi’ bir pikirler bildirildi.

- Pa’n olimpiadasi’nda qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha u’yreniwdin’ na’tiyjesi, woqi’wshi’lardi’n’ bilimin uluwma tekseriw wo’tkeriw joli’ menen juwmaqlani’wi’, qaraqalpaq a’debiyati’ bag’darlamasi’nda alg’an bilimi bahalani’wi’ si’yaqli’ ma’seleler izertlendi. Sonday-aq qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha pa’n olimpiadasi’ni’n’ wo’tkeriliw metodikasi’, jazba jumi’slari’n, awi’zeki juwaplari’n bahalaw wo’lshemleri ayti’li’p wo’tildi.
- Qaraqalpaq a’debiyati’ bo’lmesi klasstan ti’s jumi’slardi’ wo’tkeriwdin’ worayi’ yekenligi, wonda woqi’wshi’lardi’n’ klasstan ti’s wo’tkergen jumi’slari’ni’n’ juwmag’i’, ko’rgizbeler mu’yeshi, bo’lmeni bezew, bo’lmede metodikali’q hu’jjetler, tematikali’q ha’m janrli’q a’debiy ko’rgizbeler wo’tkerilip turatug’i’nli’g’i’ haqqi’nda metodikali’q pikirler ayti’ldi’.
- Klasstan ti’s jumi’slardi’n’ u’lken bir tu’ri – bul a’debiy sayaxatlar sho’lkemlestiriw ma’seleleri haqqi’nda metodikali’q izertlew ali’p bari’p, sayaxatti’n’ tu’rlerine toqtap wo’ttik. Sayaxat jasawdi’n’ jobalari’, woni’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’, woqi’wshi’lar ushi’n a’hmiyetli ta’repleri izertlendi.

5-9-klass woqi’wshi’lari’ qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’ u’yreniw arqali’ to’mendegi bilim ha’m ko’nlikpelerdi biliwi kerek:

Klasstan ti’s jumi’slari’ arqali’ u’yrenilgen ko’rkem shi’g’armalar boyi’nsha awi’zeki ha’m jazba tu’rde yerkin pikir ju’rite ali’wdi’ qa’liplestiriw, u’yrengen shi’rmalardan alg’an ta’sirlerin tu’sindire ali’w, ko’rkem shi’g’armadag’i’

qaharmanlardi’n’ xarakterin, obrazi’n tu’sine ali’wi’ lazi’m. Sonday-aq klasstan ti’s jumi’slar arqali’ u’yrenilgen jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ do’retpelerin, jazi’wshi’li’q sheberliklerin, wo’zgesheliklerin aji’rata biliw, a’debiy qaharmanlardi’n’ xarakterlerin, mu’na’sibetin bildire ali’wdi’ u’yreniw lazi’m. Klasstan ti’s jumi’slar arqali’ u’yrenilgen a’debiy materiallar tiykari’nda ko’rkem estetikani’ seziw, woni’ so’z benen ayti’p beriwi za’ru’r.

Uluwma worta bilim beriw mekteplerindegi klasstan ti’s jumi’slar ilimiy maqsetlerde yemes, ta’rbiya ma’seleleri boli’p ayri’qsha wori’ndi’ iyeleydi. Woqi’wshi’larg’a bag’darlamada berilgen materiallar a’debiy konferenciya, klasstan ti’s ko’rkem woqi’w, do’gerek jumi’slari’, albom ha’m jurnallar, diywali’ gazeta shi’g’ari’w, a’debiy sayaxat wo’tkeriw arqali’ da u’yretip bari’ladi’. Sol arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ sanasi’na watandi’ su’yiwshilik, insani’yli’q, milliylik, kishipeyillik, mehir ha’m muhabbat si’yaqli’ joqari’ insani’yli’q pazi’yletlerdi sin’dire ali’w, wolardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’n ha’r ta’repleme milliy ideyalarg’a say rawajlandi’ri’w lazi’m. Sonday-aq woqi’wshi’lardi’ ko’rkem shi’g’armalardi’n’ janrli’q qa’siyetlerin u’yretiw tiykari’nda si’n pikirlew qa’bileti, bilim ko’nlikpeleri ha’m uqi’pli’qlari’ qa’liplesedi.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi:


### I Siyasiy a'debiyatlar:

1. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсоғасида, Тошкент. "Ўзбекистон", 1997.

2. Каримов И.А. Буюк келажак сари, Тошкент. "Ўзбекистон", 1997.

3. Каримов И.А. Мустақиллик ва манавият, Тошкент. "Ўзбекистон", 1995.

4. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. 8-жилд. –Т.: Ўзбекистон, 2000.

5. Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. –Т.: Ўзбекистон, 2000.

6. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Тошкент: «Маънавият», 2008.

7. «Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир». Президент Ислом Каримовнинг 2009 йилда мамлакатимизни ижтимоий – иқтисодий ривожландириш якунлари ва 2010 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурининг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги маърузаси.// Халқ сўзи. 30.01.2010.

### II Teoriyali'q ha'm metodikali'q a'debiyatlar:

1. Azizxwjaeva N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Toshkent. 2003.

2. Айжанова З. Әдебият сабағында И.Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис. «Билим», 1993.

3. Айжанова З. Әдебият сабақларында айрым прозалық шығармаларды үйрениў. (5-8 класслар ушын). Нөкис. «Билим», 1991.

4. Ayjanova Z., Allashov P., Pali'mbetov K. A'debiyat. 6-klass ushi'n sabaqli'q, No'kis. «Bilim», 2009.

5. Айымбетов Қ. Қарақалпақ драматургиясының тарийхынан очерклер. Нөкис. ҚҚМБ, 1963.

6. Allaniyazova Sh., Turdi’baev Q., Yusupov Q. Pedagogikali’q praktika. No’kis. «Qaraqalpaqstan», 2011.

7. Ахмедов Қ. Х.Ҳ.Ниязийнинг «Бой ила хизматчи» драмасини ўрганиш. Тошкент. 1968.

8. Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.

9. Ахмедов С. Әдебият ҳәм критика, Нөкис. "Қарақалпақстан", 1978.

10. Ахмедов С. Адабиёт дарсларида эпик жанрларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1986.

11. Әлеўов О. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис, «Билим», 1993.

12. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис. “Қарақалпақстан”, 1988.

13. G’ulomova N. Adabiyot darslarida ilg’or pedagogik texnologiyalaridan foydalanish. Toshkent. «RTM», 2003.

14. Давлетшин М.Г. Замонавий мактаб ўқитувчисининг психологияси. Тошкент. «Ўзбекистон», 1999.

15. Долимов С., Убайдуллаев Ҳ., Ахмедов Қ. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. «Ўқитувчи», 1967.

16. Есемуратов Г. И.Юсупов поэзиясы, Нөкис. "Қарақалпақстан", 1976.

17. Жалилов Б., Шарипова М. Мактабда драматик асарларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1992.

18. Жапақов Н. Шығармалары, I китап, Нөкис. "Қарақалпақстан", 1979.

19. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы, Нөкис. "Билим", 2004.

20. Ja’rimbetov Q., Worazi’mbetov Q. Qaraqalpaq a’debiyati’. (Kolledj woqi’wshi’lari’ ushi’n sabaqli’q) No’kis. 2006.

21. Жўраев К. Мактабда Ойбекнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1974.

22. Зуннунов А. Ўзбек адабиёти методикаси тарихидан очерклар. Тошкент. «Ўқитувчи», 1992.
23. Зуннунов А.С. Ўзбек адабиёти методикаси тарихидан очерклар. Тошкент. «Ўқитувчи», 1973; Педагогик тадқиқот методикаси. Тошкент. 2000.
24. Зуннунов А.С., Хотамов Н., Эсонов Ж., Иброҳимов А. «Адабиет ўқитиш методикаси». Т., «Ўқитувчи», 1992.
25. Исматов С. Мактабда Абдулла Қаҳҳорнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи», 1974.
26. Исҳоқов Ф. Мактабда Гулханий адабий меросининг ўрганилиши. Тошкент. «Ўқитувчи», 1983.
27. Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. Тошкент. «Ўқитувчи», 1996.
28. Йулдошев Қ. Адабий сабоқлар. Тошкент. «Шарқ», 2004.
29. Йўлдошев Қ. Ўқитувчи китоби. Методик қўлланма. Тошкент. «Ўқитувчи», 1997.
30. Йулдошев Қ., Мадаев О., Абдураззоқов А. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент-1994.
31. Йулдошев Ж.Ғ., Усманов С.А. Педагогик технология асослари. Тошкент. «Ўқитувчи», 2004.
32. Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы. Нөкис. Қарақалпақстан. 2000.
33. Кларин М.В. Педагогическия технология в учебном процесс. Москва. «Знания», 1989.
34. Көбентаев Ә. Пән ҳәптеликлерин өткериў ҳәм методикалық бирлеспелерди аттестациялаў. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1993.
35. Матжон С. “Мактабда адабиётдан мустақил ишлар”. Т. Ўқитувчи, 1996.
36. Ma’mbetniyazov T., Bekbergenova Z., Ma’mbetniyazova Z. A’debiyat. 9-klass ushi’n sabaqli’q. No’kis. «Bilim», 2010.
37. Ma’mbetov K., Jaqsi’mova G. A’debiyat. 7-klass ushi’n sabaqli’q, No’kis. «Bilim», 2009.

38. Ma’mbetov K., Ayjanova Z., Pali’mbetov K. A’debiyat. 8-klass ushi’n sabaqli’q, No’kis. «Bilim», 2010.
39. Насруллаев Ә. Жолмырза Аймурзаевтың драматургиясы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1977.
40. Орипов К., Обидова М. Ифодали ўқиш. Тошкент. “Ўқитувчи” 1994.
41. Очилов М. Янги педагогик технологиялар. Қарши. «Насаф», 2000.
42. Pali’mbetov K., Pirniyazov İ., Berdimuratova R. A’debiyatti’ woqi’ti’w metodikasi’. (8-klass ushi’n). No’kis-2009.
43. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 1992.
44. Paxratdinov A’. Qaraqalpaq a’debiyati’n woki’ti’w metodikasi’. No’kis. «Bilim», 2004.
45. Paxratdinov A’. Pedtexnologiya tiykarlari’. No’kis. «Qaraqalpaqstan», 2009.
46. Пирназаров М. “Мактабда Уйғуннинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш”. Т. «Ўқитувчи», 1972.
47. Pirniyazov J., Nurjanov P., Umatova J. A’debiy woqi’w. 5-klass ushi’n sabaqli’q. Tashkent. «O’zbekstan», 2007.
48. Розиқов О., Отаев С. Дидактика. Тошкент. «Фан», 1997.
49. Saidov T. İlg’or pedagogik texnologiyaning mazmun-mohiyatini «Aqliy hujum» usuli bilan wqitish texnologiyasi. Toshkent. 2003.
50. Саидназаров Ф., Саидназаров И. Тарбия, одоб ва оқибат. Тошкент. «Ўзбекистон», 1991.
51. Sultonov B., Tilegenov A., Boynazarov F. Yangi pedagogik texnologiya asoslari. Toshkent. «Falsafa va huquq instituti», 2007.
52. Tolipov W.Q., Usmonboeva M. Pedagogik texnologiyalarning tatbiqiy asoslari. Toshkent. 2006.
53. Turdi’baev Q., Yusupov Q. Pitkeriw qa’nigelik jumi’slari’n tayarlaw. No’kis. «Qaraqalpaqstan», 2011.
54. Tuxliev B. Adabiyot o’qitish metodikasi. Toshkent. «Yangi asr avlodi», 2006.

55. Tuxliev B. Adabiyot wqitish metodikasi. Toshkent. 2010.
56. Uluwma worta bilim beriw mekteplerinde a’debiyat pa’ninen ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’ ha’m woqi’w bag’darlamalari’. 5-9-klasslar. No’kis - 2010.
57. Umumiy wrta talimning davlat talim standarti va o’quv dasturi. 1-maxsus son «Sharq», 1999.
58. Usmonova K. Adabiy talimda ilg’or pedagogik texnologiyalar. Toshkent. 2004.
59. Xusanboeva Q. Adabiyot–manaviyat va mustaqil fikr shakllantirish womili. Toshkent-2009.
60. Xusanboeva Q. Adabiy talimda mustaqil fikrlashga wrgatish asoslari. Toshkent-2003.
61. Юсупов Қ. (авторлар менен). Баянлар топламы. 5-9-класслар ушын. Нөкис. «Билим», 1995.
62. Юсупов Қ. (авторлар менен). Қарақалпақ тили хәм әдебияты бойынша тест сынаўлары. Нөкис. «Билим», 1994.

**III İlimiy toplamlar ha’m jurnallar:**

1. Azimova F. Twgarak mashg’uloti manaviy tarbiya vositasi. (İlmiy twplam). Toshkent, 2010, 19-bet.
2. Atamurodova R. Adabiyot twgaragida A.Oripov sherlari taxlili. (İlmiy twplam). Toshkent, 2010, 179-bet.
3. Dospanov A. Ta’lim-ta’rbiyani’n’ na’tiyjeliligi basli’ wazi’ypa. «Mug’allim ha’m u’zliksiz bilimlendiriw», 2007. 5-sani’, 8-bet.
4. Jiemuratov T. Maktabdan tashqari talim muasasalarida wquvchilar bwsh vaqtini unumli tashkil yetish. (İlimiy toplam). No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2009.
5. Juraev R.H., Tolipov U.K. Pedagogik faoliyat, texnologiyalar va mahorat. «Uzluksiz talim» jurnali. 2003, №2.
6. Ziyodova T. Wona tilidan twgarak mashg’ulotlarida innovatsion texnologiyalardan foydalanish. (5-9-sinflar misolida). (İlmiy twplam). Toshkent, 2010.

7. Kenjabaeva N. «Talaba – yoshlarni auditoriyadan tashqari mashg’ulotlar jarayonida reproduktiv madaniyatni shakllantirish usullari». «Mug’allim ha’m u’zliksiz bilimlendiriw», 2009. 2-sani’, 37-bet.
8. Qurbanbaeva D. 5-9-klass woqi’wshi’lari’n ruwxi’y a’dep-ikramli’li’qqa ta’rbiyalawda jan’a pedagogikali’q texnologiyani’n’ a’hmiyeti. «Mug’allim ha’m u’zliksiz bilimlendiriw», 2009. 1-sani’, 17-bet.
9. Матқурбанов Wo. Әдебият методикасы бойынша арнаўлы курс өткериўдиң айырмашылықлары. «Қарақалпақстан муғаллими», 1997. 1-2-сан. 55-бет.
10. Worazi’mbetov Q., Dosi’mbetova A. «İ.Yusupov va qoraqalpoq adabiyoti» twgaragi. (İlmiy twplam), Toshkent, 2010, 43–bet.
11. Oxunjonova O., Umarova T. Sinfdan tashqari ishlarining maqsad va tamoyillari. To’garaklar - yoshlar intellektual salohiyatini oshirish omili. (Ilmiy to’plam), Toshkent, 2010, 49-bet.
12. Toshkenbaev U. To’garaklar – talaba – yoshlar shaxsiyatini shakillantirish va kamol toptirish womili. Twxliev B. Twgaraklar barkamol avlod tarbiyasini xizmatida. (İlmiy twplam). Toshkent, 2010, 6-bet.
13. Turebekova G. Mektepten ti’s jumi’slarda jas wo’spirimlerdi turmi’sqa tayarlawdi’n’ wo’zine ta’n mashqalalari’. (İlimiy toplam). No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2009, 220-bet.
14. Yusupov Q. Akademik litseylarda Ajiniyoz lirikasini burchaklar metodi bilan wrganish. (Ilmiy to’plam). Buxoro-2009. 133-136-bet.
15. Yusupov Q. Akademik litseylarda Ajiniyoz lirikasini o’qitishda klaster metodini qo’llash. (Ilmiy to’plam). Toshkent-2009. 284-285-bet.
16. Yusupov Q. Berdaq shi’g’armalari’n u’yreniwde konferenciya sabaq tu’rinen paydalani’w. (Tu’rkiy xali’qlar a’debiyati’ni’n’ geypara ma’seleleri. İlimiy toplam). No’kis-2004. 30-32-betler
17. Yusupov Q. Jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiligin u’yreniw metodikasi’. QMU «Xabarshi’» jurnali’. No’kis-2009. 3-sani’. 150-154-betler

18. Yusupov Q. Ko’rkem shi’g’armalardi’n’ mazmuni’n u’yreniw metodikasi’. (İlimiy toplam). Tashkent-2009. 47-50-betler.

**IV Ko’rkem shi’g’armalar:**

1. Аймурзаев Ж. Жетимниң жүреги. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1983.
2. Әжинияз. Нөкис. "Қарақалпақстан", 1975.
3. Әжинияз. Таңламалы шығармалары, Нөкис. "Қарақалпақстан", 1988.
4. Әжинияз. Бир пәрий, Нөкис. "Қарақалпақстан", 1993.
5. Даўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы, I том. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1977.
6. Жумамуратов Т. Түрли өткеллер, Нөкис. "Қарақалпақстан", 1983.
7. Жумамуратов Т. Өмириңниң - өзи философия, Нөкис. "Қарақалпақстан", 2005.
8. Мәтмуратов Т. Жулдызлар жанар. Нөкис. "Қарақалпақстан", 1989.
9. Нурмухаммедов М. Таңламалы шығармаларының еки томлығы. 1-том. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1983.
10. Рахманов К. Өмир, сен уллысаң, Нөкис. "Қарақалпақстан", 1981.
11. Хожаниязов С. Арыўлар. Нөкис. “Қарақалпақстан”, 1987.
12. Юсупов И. Өмир саған ашықпан… Нөкис. "Қарақалпақстан", 1999.
13. Юсупов И. Ҳәр кимниң өз заманы бар, Нөкис. "Қарақалпақстан", 2004.